शुक्र
28 अगस्त, 2026
पटना

देशक गप गामक भाषा मे
# समदिया मिथिला
साओन, शुक्ल पक्ष, पूर्णिमा, संवत् : 2083
समदिया मिथिला
देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 346 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00



भाइ-बहिनक पावन पर्व रक्षाबंधनक हार्दिक शुभकामना।



# मलवा मलवा नेपाल

मानसरोवर यात्रा मे गेल 40 यात्री बस सेहो अछि लापता

नेपाल सं बहि कए आबि रहल अछि कतेको दामी समान, लूटबाक मचल होड़

2000 फीट चौड़ा ग्लेशियर टूटला सं मचल तबाही, बिनु भूकंप कांपल धरती

● गंडक बराज सं छोड़ल गेल 1 लाख 66 हजार क्यूसेक पानि

## नेपालक बाढ़ि सं भारी तबाही, 359 लोकक शव भेटल, मिथिलाक सेहो सैकड़ो लोक छथि लापता

**काठमांडू/जनकपुरधाम, समदिया**

नेपालक रसुवा जिला मे भोटेकोशी नदी मे बुधदिन आयल विनाशकारी बाढ़क बादो तबाहीक सिलसिला जारी अछि। नेपाल प्रहरीक टटका आंकड़ा अनुसार बाढ़ि प्रभावित विभिन्न जिला सं 359 शव बरामद भए चुकल अछि, जखन कि नेपाल मे 826 लोक एखनहुं लापता छथि। दोसर अंतरराष्ट्रीय रिपोर्ट सभ मे नेपालक मृतक संख्या 359 धरि बताओल गेल अछि। आंकड़ा मे अंतरक कारण अलग-अलग समय पर बरामद शव आ अलग स्त्रोतक अद्यतन सूची मानल जा रहल अछि।

भोटेकोशी-त्रिशूली नदी तंत्र मे आयल एहि बाढ़ि सं रसुवा, नुवाकोट, धादिंग, चितवन, गोरखा, तनहुं सहित कतेको जिला प्रभावित भेल अछि। नेपाल सरकारक टटका विवरण अनुसार लापता लोक सभ मे 85 सुरक्षाकर्मी आ 466 विदेशी पर्यटक सेहो शामिल छथि। खोज आ बचाव अभियान नेपाल प्रहरी, सशस्त्र प्रहरी बल आ नेपाली सेनाक संयुक्त प्रयास सं जारी अछि।

### मधेश प्रदेशक 41 लोक संपर्क विहीन, रौतहटक लोक सेहो शामिल

एहि विपत्तिक बीच नेपालक मिथिला-मधेश क्षेत्रक लोकसभक चिंता सेहो बढ़ि गेल अछि। मधेश प्रदेश प्रहरी कार्यालय, जनकपुरधामक अनुसार रसुवा बाढ़िक बाद प्रदेशक 41 लोक संपर्क विहीन छथि। ई लोक सभ रसुवा जिलाक विभिन्न स्थान पर काज करैत अथवा रहैत छलाह। जिलावार देखल जाय तं पर्साक 16, बाराक 3, रौतहटक 5, सलार्हीक 8 आ सप्तरीक 5 लोक संपर्कविहीन छथि।


रौतहट सं वृंदावन नगरपालिकाझ2 केर गौरव राउत आ ईशनाथ नगरपालिका-4 केर शेख मजिदक नाम संपर्क विहीन लोकक सूची मे अछि। मधेश प्रहरी परिवार कें अनावश्यक अफवाह सं बचबाक आ आधिकारिक जानकारीक प्रतीक्षा करबाक आग्रह कयने अछि। सलार्हीक दू लोक कें उद्धारक बाद पुनः संपर्क मे आनल गेल अछि, मुदा शेष लोकक स्थिति एखन स्पष्ट नहि भेल अछि। रौतहट जिला प्रशासनक अलग विवरण मे छह लोकक संपर्क विहीन होयबाक जानकारी सेहो सामने आयल अछि। एहि सूची मे गरुड़ा नगरपालिकाझ1 केर 34 वर्षीय यांत्रिक अभियंता सुधीर कुमार साह आ वृंदावन नगरपालिकाझ2 केर गौरव राउत ऊपर त्रिशूलीझ1 जलविद्युत आयोजना मे कार्यरत बताओल गेल छथि। एहि सं स्पष्ट अछि जे लापता लोकक आंकड़ा लगातार अद्यतन भए रहल अछि।

एतबे नहि, धनुषा आ महोत्तरीक दू युवा अभियंता–29 वर्षीय अजय कुमार सिंह आ 29 वर्षीय विकास यादव सेहो रसुवा बाढ़िक बाद लापता छथि। दुनू युवक जलविद्युत केंद्र मे कार्यरत छलाह आ बाढ़िक समय सं हुनकर कोनो सुराग नहि भेटल अछि।

### फेर बाढ़िक खतरा, बनल झील

बाढ़िक पहिल कहरक बाद आब दोसर संकट सेहो मंडरा रहल अछि। रसुवा मे ल्हेंदे खोलाक ऊपरी भाग मे जलप्रवाह रुकि गेला सं एकटा पैघ झील बनि गेल अछि। जलस्तर बढ़ि रहल अछि आ प्राकृतिक बांध टूटल तं फेर अनचोके बाढ़ि आबि सकैत अछि। चीनक जलस्त्रोत मंत्रालयक रिपोर्ट मे सेहो नेपाल सीमा लग पैघ झील बनबाक जानकारी देल गेल अछि। हालांकि नेपालक जल तथा मौसिम विज्ञान विभागक बाढ़ि पूवार्नुमान महाशाखा बाद मे दोसर पैघ बाढ़िक संबंध मे पसरि रहल किछु दाबी कें खारिज कयलक अछि। मुदा प्रभावित क्षेत्र मे नदी कात आ खतरनाक स्थान सं दूर रहबाक सलाह जारी कयने अछि। भारतक 288 नागरिक एखनहुं नेपाल मे संपर्क विहीन बताओल गेल छथि। अधिकांश लोक कैलाश मानसरोवर यात्रा सं जुड़ल समूहक छथि। भारत आ नेपालक संबंधित निकाय सभ खोजी-अभियान आ संपर्क स्थापित करबाक प्रयास मे जुटल अछि।

## खतरा अखन टरल नहि अछि : सीएम



बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी बृहस्पति कें हवाई सर्वेक्षण कए स्थितिक जानकारी लेलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सभ मे नागरिकक सुरक्षा, राहति आ हरसंभव सहायता सुनिश्चित करब हमर सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। आब धीरे-धीरे स्थिति सामान्य भए रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ गृहमंत्री अमित शाह लगातार पूरा मामिला पर नजरि रखने छथि। लगभग एक लाख क्यूसेक पानि डिस्चार्ज भए रहल अछि। आब एतय सं पटना धरि स्थिति सामान्य भए रहल अछि। इंद्र भगवानक कृपा रहल तं सभ किछु सामान्य रहत। मुदा एकर बादो खतरा अखन टरल नहि अछि। तें सतर्क रहबाक आवश्यकता अछि।

## एक नजरि

### बिहार मे खुजत महिला विश्वविद्यालय, छात्र सं लए कए कर्मचारी आ कुलपति धरि महिला हेती

**पटना :** मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे छात्राक लेल बिहार मे एकटा नव विश्वविद्यालय खोलल जाएत, जकर संचालन छात्रा, प्रोफेसर, कर्मचारी आ कुलपति धरि मात्र महिलाक द्वारा कयल जाएत। हुनकर अनुसार एकर उद्देश्य महिलाक समृद्धि आ बिहारक विकासक बाट प्रशस्त करब अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे 2005क बाद बिहार मे विकासक क्रम लगातार चलि रहल अछि। हुनकर अनुसार एक महिलाक आत्मविश्वास बढ़ैत अछि तं पूरा परिवार बदलैत अछि आ लाखो महिलाक आत्मविश्वास बढ़ला सं बिहार बदलैत अछि। 2005 सं पहिने महिला उद्योग आ अर्थव्यवस्था सं बहुत कम जुड़ल छलथि, मुदा आब परिस्थिति पूर्ण रूपें बदलि गेल अछि।

### समस्तीपुर मे अपनहि सरकारक विरुद्ध सद्बुद्धि यज्ञ शुरू केलक अभाविप

**समस्तीपुर :** समस्तीपुर मे अखिल भारतीय विद्यार्थी परिषद (एबीवीपी) बृहस्पति अपनहि भाजपा सरकारक सद्बुद्धि लेल यज्ञ-हवन कयलक। प्रस्तावित पटना-पूर्णिया ग्रीनफील्ड एक्सप्रेस-वे केर मार्ग बदलला सं सरायरंजनक केदार संत रामाश्रय कॉलेज पर संकट उत्पन्न भए गेल अछि। एकर समाधान लेल एबीवीपीक सरायरंजन इकाई कॉलेज परिसर मे सद्बुद्धि महायज्ञक आयोजन कयलक। महायज्ञ मे विद्यार्थी आ स्थानीय लोकक पैघ सहभागिता रहल। कार्यकर्ताक कहलक जे विकास योजनाक विरोध नहि अछि, मुदा एहि योजना सं शिक्षण संस्थान आ हजारो विद्यार्थी सभक भविष्य प्रभावित नहि होअय। नव अलाइनमेंट मे 48 सं 53 किलोमीटरक बीच सड़क कें घुमावदार कयल गेल अछि। एकर कारण सरायरंजन बाजार, कंकालीपुर-झखड़ा गाम मे करीब 150 घर आ कतेको दोकान टूटबाक आशंका अछि। संगहि करीब 50 वर्ष पुरान केएसआर कॉलेज परिसर दू भाग मे बंटबाक स्थिति बनि गेल अछि। कॉलेज भवनक पैघ हिस्सा तोड़बाक प्रस्ताव अछि। वर्तमान मे कॉलेज मे करीब 1600 विद्यार्थी पढ़ैत छथि।

# मानल गेल अभ्यर्थीक मांग, आब टीआरई-4 मे होयत एकहि परीक्षा

## अभ्यर्थी सभ संग सरकारक 10 बिंदु पर बनल सहमति

**पटना, समदिया**

रक्षाबंधन सं पहिने बिहारक शिक्षक अभ्यर्थी सभ कें सरकारक दिस सं पैघ सनेश भेटल अछि। चारिम चरणक शिक्षक बहाली परीक्षा अर्थात टीआरई-4 आब एक्के चरण मे आयोजित कयल जाएत। बहुत दिन सं गर्दनीबाग मे अपन मांग कें लए कए धरना दए रहल छात्र प्रतिनिधिमंडल संग शिक्षा विभागक बैसार मे एहि मांगपर सहमति बनल अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सेहो एकर घोषणा करैत कहलनि जे छात्र सभक मांग कें लए कए सरकार शुरूए सं गंभीर रहल अछि आ मांग सभक संबंध मे निर्णय लेल गेल अछि। एहि संग छात्र सभक चलि रहल आंदोलन समाप्त भए गेल अछि।

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे टीआरई-4 कें एकल चरण मे आयोजित करबाक संग छात्र सभ सं जुड़ल आन मांगपर सेहो महत्वपूर्ण निर्णय लेल गेल अछि। विभिन्न प्रतियोगी परीक्षा मे सुधारक लेल पटना उच्च न्यायालयक न्यायाधीशक अध्यक्षता मे परीक्षा सुधार पर एकटा विशेषज्ञ समिति गठित करबाक निर्णय लेल गेल अछि। ई समिति परीक्षा मे सुधारक लेल अनुशंसा देबाक संग छात्र सभक शिकायत सेहो सुनत।



बृहस्पति शिक्षा विभागक सचिव राजीव रोशनक अध्यक्षता मे छात्र प्रतिनिधिमंडल संग भेल बैसार मे छात्र नेताक दिस सं हस्ताक्षरित सभ मांगपर बिंदुवार चर्चा कयल गेल। टीआरई-4 बहाली प्रक्रिया मे एकल परीक्षा आयोजित करबाक मांग स्वीकार कयल गेल। एक अभ्यर्थी-एक परिणामक संबंध मे सेहो नियमानुसार आगांक कारबाइ करबाक निर्णय लेल गेल।

### 70म बीपीएससी आ आन परीक्षा जांच

70म बीपीएससी परीक्षा मे पारदर्शिताक संग जांच करबाक लेल समिति सं जांच करेबा पर सहमति बनल। बिहार कर्मचारी चयन आयोग द्वारा आयोजित सभ बहाली परीक्षा समय पर करायब, 1799 पदक दरोगा बहाली परीक्षा जांच आ सहायक प्राध्यापक सं पहिने बिहार पात्रता परीक्षा बीईटी सं जुड़ल मामिला कें परीक्षा सुधार लेल गठित होमयबला समितिक समक्ष राखल जाएत। शिकायतकर्ता सभ समिति समक्ष प्रमाणक संग अपन पक्ष अथवा सुझाव राखि सकताह। 1799 पदक दरोगा बहाली परीक्षाक आगांक प्रक्रिया समिति रिपोर्टक बादे कयल जाएत। बिहार कर्मचारी चयन आयोग द्वारा यथाशीघ्र परीक्षा कैलेंडर जारी कए समयपर परीक्षा लेबाक लेल कारबाइ कयल जाएत।

### संविदा कर्मी लेल अलग कोटा पर विचार

बिहार सरकारक बहाली प्रक्रिया मे संविदा कर्मी सभ कें देल जाएबला अंक आ वेटेजक स्थिति मे अलग कोटा निर्धारित करबाक मुद्दापर उच्चस्तरीय समिति गठित कए सरकारी प्रावधानक आलोक मे विचार करबाक सहमति बनल। पुस्तकालयाध्यक्षक बहाली लेल रिक्तिक अनुरूप बहाली प्रक्रिया शुरू करबाक आवश्यक कारबाइ शीघ्र प्रारंभ करबाक निर्णय लेल गेल। बिहारक सभ बहाली प्रक्रिया मे अधिकतम डोमिसाइल नीति लागू करबाक संबंध मे न्यायविद सं प्राप्त परामर्शक आधारपर नियमानुकूल आगांक कारबाइ करबाक निर्णय सेहो लेल गेल।

शिक्षा विभागक सचिवक अध्यक्षता मे भेल एहि महत्वपूर्ण बैसार मे शिक्षा विभागक विशेष सचिव, पटना जिलाधिकारी, पटना केर वरीय पुलिस अधीक्षक आ आर्थिक अपराध इकाईक पुलिस उपमहानिरीक्षक सेहो उपस्थित छलाह। बैसार मे छात्र नेता दिलीप, अमन कुमार, अर्पिता कुमारी सहित 13 छात्र नेता आ शिक्षक अभ्यर्थी उपस्थित छलाह।

# रोसड़ा मे 2 लाख टाका घूस लैत महिला डीसीएलआर गिरफ्तार



● घर सं 13 लाख टाका जब्त जमीन विवाद सोझरेबाक बदला मे टाका आ वॉशिंग मशीन मंगबाक आरोप

**रोसड़ा, समदिया**

समस्तीपुरक रोसड़ा अनुमंडलक डीसीएलआर कंचन कुमारी झा कें निगरानी विभागक टीम 2 लाख टाका घूस लैत गिरफ्तार कयलक अछि। सूत्रक अनुसार, टीम हुनकर घर सं 13 लाख टाका नगद सेहो जब्त कयलक अछि। कंचन विभूतिपुर निवासी मनोज कुमार महतो सं जमीन विवाद सं जुड़ल मामिला कें सोझरेबाक एवज मे 2 लाख टाका नगद आ वॉशिंग मशीनक मांग केने छलथि। आइ भोर निगरानी विभागक टीम मनोज कुमारक संग कंचनक घर पहुंचल। टीम कंचन कें 2 लाख टाका घूस लैत गिरफ्तार कय लेलक। कंचन झा पछिला डेढ़ वर्ष सं रोसड़ा मे पदस्थापित छथि। ओ मधुबनी जिलाक निवासी छथि।

### भोर 9 बजे दू गाड़ी सं पहुंचि गेल छल निगरानी टीम

भोर करीब 9 बजे दू गाड़ी सं निगरानी विभागक टीम कंचनक सरकारी आवासपर पहुंचल छल। छापामारीक समय डीसीएलआर सरकारी आवास मे उपस्थित छलथि। तलाशी चलबाक समय कोनो बाहरी व्यक्तिक आवासक भीतर आबि-जाय अथवा बाहर जेबा पर पूर्ण रोक लगा देल गेल छल। टीमक सदस्य सभ आवास मे जमीन विवाद सं जुड़ल फैसला, म्यूटेशन (दाखिल-खारिज) सं संबंधित संचिका, बैंक पासबुक, निवेशक कागजात आ लॉकर सं संबंधित कड़ीक जांच-पड़ताल कयलनि।

# भारी वाहन सं नगर निकाय नहि कए सकत वसूली, मंत्री नीतीश मिश्रा देलनि रोकबाक निर्देश

## कहलनि- नियमावली लागू नहि, गलत वसूली भए रहल

**पटना, समदिया**

नगर निकाय भारी वाहन सं रोड टैक्स, प्रवेश सेवा शुल्क वा चुंगी केर वसूली नहि करत। नगर विकास एवं आवास विभागक मंत्री नीतीश मिश्रा कहलनि जे एकर वसूली निर्धारित नियमक अंतर्गत मात्र कएल जा सकैत अछि।

फिलहाल रोड टैक्सक वसूली लेल विभागक दिस सं कोनो नियमावली वा विनियमावली प्रभावी नहि अछि। एहन स्थिति मे नियमावली बने धरि कोनो नाम वा माध्यम सं एकर वसूली पूर्ण रूप सं प्रतिबंधित अछि।

### विभाग पहिने सेहो जारी कए चुकल अछि निर्देश

मंत्री बतौलनि जे नगर निकाय सभ कें रोड टैक्स आ प्रवेश शुल्कक वसूली कें लए पहिनहि कतेको बेर स्पष्ट निर्देश देल जा चुकल अछि। एहि मे नियमावली बने धरि कोनो प्रकारक मार्ग कर, प्रवेश सेवा शुल्क वा चुंगी नहि लेबाक कहल गेल अछि। एकरा बावजूद किछु नगर निकाय द्वारा भारी वाहन सं अलग-अलग नामपर राशि वसूलल जाएबाक जानकारी विभाग कें भेटल अछि।

### सभ नगर निकाय कें तत्काल रोक लगेबाक निर्देश

मामिला कें गंभीरता सं लैत विभाग राज्यक सभ नगर आयुक्त



आ नगर परिषद तथा नगर पंचायतक कार्यपालक पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलक अछि जे नियमावली प्रभावी होए धरि मार्ग करक वसूली पूर्ण रूप सं बंद राखथि। अधिकारी सभ कें विभागीय आदेशक कड़ाइ सं पालन सुनिश्चित करबाक कहल गेल अछि।

नीतीश मिश्रा स्पष्ट कएलनि जे जं कोनो नगर निकाय विभागीय निर्देश केर अनदेखी करैत कोनो नाम वा स्वरूप मे मार्ग करक वसूली करत, तं संबंधित नगर आयुक्त वा नगर कार्यपालक पदाधिकारीक जवाबदेही तय कएल जाएत। हुनका विरुद्ध नियमानुसार अनुशासनिक कारबाइ सेहो कएल जाएत।

मंत्री सभ नगर निकाय कें निर्देश देलनि जे ओ सभ विभागीय आदेशक अक्षरशः पालन करथि आ नियमावली बने धरि वाहन सं कोनो प्रकारक अनधिकृत राशि नहि वसूलथि। विभाग एहि संबंध मे भेटनिहार शिकायत आ मामिला सभक लगातार निगरानी करत। निर्देशक उल्लंघन कें कोनो स्तरपर स्वीकार नहि कएल जाएत।

### बिहार मे नव नगर निकाय बनत

बिहार मे नव नगर निकाय बनताह। नगर निकायक सीमा आ स्वरूप मे बदलावक प्रक्रिया शीघ्र शुरू होमय बला अछि। राज्य सरकार सभ जिला सं नगर निकायक विलय, सीमा विस्तार, दर्जा बढ़ेबाक आ नव निकायक गठन सं जुड़ल प्रस्ताव मंगौने अछि। एहि प्रस्तावक पहिने जिला स्तरपर समीक्षा कएल जाएत।

### डीएम बजौताह जिला कार्यक्रम कार्यान्वयन समितिक बैठक

नगर विकास एवं आवास विभागक प्रधान सचिव विनय कुमार सभ जिलाधिकारी कें एहि संबंध मे निर्देश जारी केने छथि। डीएम अपन जिलाक प्रभारी मंत्री सं जिला कार्यक्रम कार्यान्वयन समितिक बैठक बजएबाक अनुरोध करताह। बैठक मे नगर निकाय सं संबंधित सभ प्रस्तावपर चर्चा आ समीक्षा कएल जाएत।

### दू वा बेसी निकायक विलयक सेहो विकल्प

सरकार नगर निकायक पुनर्गठन लेल कतेको विकल्पपर विचार कए रहल अछि। एहि मे दू वा अधिक नगर निकाय कें मिला कए नव निकाय बनएब आ नगर निकाय सं सटल ग्रामीण क्षेत्र कें ओकर सीमा मे शामिल करब प्रमुख अछि।

### छोट निकायक बढ़ि सकैत अछि दर्जा

जरूरतक अनुसार छोट नगर निकाय कें पैघ निकाय मे शामिल करबाक वा हुनकर दर्जा बढ़ेबापर सेहो विचार कएल जाएत। एकर अतिरिक्त तेजी सं शहरीकरण भए रहल ग्रामीण इलाका कें नगर निकायक दर्जा देबाक संभावना अछि। एहि सं राज्य मे नव नगर निकायक गठनक बाट सेहो खुजि सकैत अछि।

### तेजी सं शहर मे बदलि रहल गामपर विशेष नजरि

विभाग एहन ग्रामीण क्षेत्रक पहचान करत, जतय आबादीक संग शहरी गतिविधि सेहो तेजी सं बढ़ि रहल अछि। एहन इलाका कें नजदीकी नगर निकाय मे शामिल करबाक वा हुनका लेल अलग नगर निकाय बनएबाक प्रस्ताव तैयार कएल जा सकैत अछि। एहि सं वर्तमान शहरक प्रशासनिक सीमाक विस्तार सेहो भए सकैत अछि।

### 15 सितंबर धरि विभाग कें पठाबय पड़त प्रस्ताव

जिला कार्यक्रम कार्यान्वयन समितिक अनुशंसाक बाद जिलाधिकारी निर्धारित प्रपत्र मे प्रस्ताव नगर विकास एवं आवास विभाग कें पठौताह। सरकार एहि लेल 15 सितंबर 2026 धरि समय-सीमा निर्धारित केने अछि।

### प्रस्तावक आधार पर शुरू होयत पुनर्गठनक प्रक्रिया

जिला सं प्राप्त प्रस्तावक समीक्षा भेलाक बाद सरकार नगर निकायक पुनर्गठनक आगूक प्रक्रिया शुरू करत। एहि कवायदक उद्देश्य तेजी सं शहरीकरण भए रहल क्षेत्र कें नीक प्रशासनिक व्यवस्था सं जोड़ब आ भविष्यक शहरी जरूरतक अनुरूप नगर निकायक विस्तार करब अछि।

# नेपाल बाढ़ि त्रासदीक बाद बिहार सरकार अलर्ट

## तेजस्वी यादव गंडक नदीपर असरि कें लए जतौलनि चिंता

**पटना, समदिया**

नेपाल आ तिब्बत सीमापर अनचोके आएल भीषण बाढ़ि सं भेल तबाहीक बाद बिहार मे सेहो सतर्कता बढ़ा देल गेल अछि। एहि आपदा कें लए राजनीतिक दलक नेता सभ दुख व्यक्त करैत अपन-अपन प्रतिक्रिया देलनि।

बिहार विधानसभा मे विपक्ष केर नेता आ आरजेडी नेता तेजस्वी यादव एहि घटना कें बेहद दुखद बतौलनि। ओ कहलनि, ई बहुत दुखद घटना अछि। हम बुधदिन वीडियो देखने छलहुं, जाहि मे बाढ़िक पानि तेजी सं बढ़ि रहल छल आ लोक सुरक्षित स्थान दिस भागि रहल छलाह। हमरा सभ कें लगैत अछि जे बिहार सरकार कें स्थिति पर आरो बारीकी सं नजरि रखबाक जरूरत अछि। सभ कें सतर्क रहबाक जरूरत अछि। एहि बातक सेहो चिंता अछि जे बिहार मे गंडक नदीपर एकर असर पड़ि सकैत अछि। जेडीयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश सिंह कुशवाहा कहलनि जे एहन प्राकृतिक आपदा कें रोकब ककरो हाथ मे नहि अछि। ओ कहलनि, की एहन आपदा कें रोकबाक कोनो उपाय अछि? ई आपदा तिब्बत मे आएल अछि, तें एकरा केओ रोकि नहि सकैत अछि। सरकार एकरा कें लए चिंतित अछि आ स्थितिपर नजरि राखि रहल अछि।

ओ ई सेहो बतौलनि जे सरकार बांध आ जलमार्गक



लगातार निगरानी कए रहल अछि। उमेश कुशवाहा कहलनि, हम लगातार स्थितिपर नजरि राखि रहल छी। प्रत्येक 24 घंटा मे हम बांध, जाहि मे पुरान बांध सेहो शामिल अछि, आ जलमार्गक निगरानी कए रहल छी। तें आम लोक कें बेसी चिंता करबाक जरूरत नहि अछि। हम स्थितिपर कड़ी नजरि राखि रहल छी। जखन पानिक स्तर बढ़त तं हमरा सभ कें जानकारी भए जाएत।

बिहार सरकारक मंत्री रत्नेश सदा सेहो एहि त्रासदीपर दुख व्यक्त कएलनि। ओ कहलनि, मुख्यमंत्री सेहो चिंतित छथि। जतय कतहु आपदा अबैत अछि, ओतय मानवताक हित मे सहानुभूतिक संग प्रतिक्रिया देबाक चाही। नेपाल मे बाढ़ि सं भेल तबाही आ जान-मालक नोकसान सं हमरा दुख अछि। जेडीयूक राष्ट्रीय महासचिव श्याम रजक एकरा चिंताजनक घटना बतबैत कहलनि जे केंद्र सरकार नेपालक संग ठाढ़ अछि। ओ कहलनि, ई घटना बहुत चिंताजनक अछि। ई एकटा प्राकृतिक आपदा अछि। हमर प्रधानमंत्री नेपालक प्रधानमंत्री सं विस्तार सं बात केने छथि आ हुनका भरोसा देलनि जे भारत सरकार ओतुक्का लोकक संग ठाढ़ रहत।

ओतहि, दिल्ली मे भाजपा प्रवक्ता आरपी सिंह कहलनि जे सभक नजरि नेपालपर अछि आ भारत सरकार हरसंभव मदति लेल तैयार अछि। ओ कहलनि, सभक नजरि नेपालपर अछि आ भारत सरकार सेहो हरसंभव प्रयास कए रहल अछि आ चिंता व्यक्त कए रहल अछि। भारतक जानल-मानल हस्ती, जेना ईशा फाउंडेशनक सद्गुरु आ अन्य लोक सेहो अपन समर्थन दए रहल छथि आ मदति पहुंचेबाक तैयारी कए रहल छथि। हमरा आशा अछि जे नेपाल आ भारतक सरकार सभ मिलिकए एहि आपदा आ संकट सं सही ढंग सं निपटत।

# बिहटा मे दिसंबर सं घर-घर पहुंचत पीएनजी, पाइपलाइन पहुंचिते एलपीजी कनेक्शन करय पड़त सरेंडर

**पटना, समदिया**

बिहटा मे दिसंबर सं घर मे पाइप्ड नेचुरल गैस (पीएनजी) केर सुविधा भेटत, जाहि लेल पाइपलाइन बिहटा चौक धरि पहुंचि चुकल अछि।

जागरण संवाददाता, पटना। बिहटा इलाकाक लोक कें शीघ्रे पाइप्ड नेचुरल गैस (पीएनजी) केर सुविधा भेटए बला अछि। दिसंबर सं बिहटा क्षेत्र मे घर-घर पीएनजी कनेक्शन देबाक तैयारी अछि। पीएनजी पाइपलाइन विस्तार लेल भारतीय राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरण (एनएचएआई) सं एनओसी भेटलाक बाद काज तेजी सं चलि रहल अछि। आब बिहटा चौक धरि पीएनजी पाइपलाइन पहुंचि चुकल अछि। आब एतय सं आगू पाइपलाइनक विस्तार कएल जाएत।गेलक महाप्रबंधक एके सिन्हा बतौलनि जे बिहटा चौक सं आगू सिकंदरपुर स्थित औद्योगिक क्षेत्र धरि पाइपलाइन पहुंचएबाक योजनापर काज कएल जा रहल अछि। सिकंदरपुर मे गेलक दिस सं गैस डिस्पैच सेंटर बनाओल जाएत। तकर बाद आसपासक आवासीय आ औद्योगिक क्षेत्र मे पीएनजीक आपूर्ति शुरू कएल जाएत।

ओ बतौलनि जे पूरा क्षेत्र कें पीएनजीक संगहि सीएनजी सं सेहो



जोड़बाक तैयारी अछि। पाइपलाइन विस्तार आ आवश्यक आधारभूत संरचना तैयार करए मे करीब पांच सं छह मासक समय लागि सकैत अछि। तकर बाद घरक संग औद्योगिक इकाइ सभ कें सेहो पाइप्ड गैसक सुविधा उपलब्ध करएबाक लक्ष्य अछि।

बिहटा क्षेत्र मे पीएनजीक सुविधा भेटला सं घरेलू उपभोक्ता सभ कें सिलेंडर बुकिंग आ आपूर्तिक परेशानी सं राहति भेटत। पाइपलाइनक माध्यम सं घर धरि सीधे गैसक आपूर्ति होएत।

ओतहि, औद्योगिक इकाइ सभ कें सेहो लगातार गैस आपूर्तिक विकल्प भेटत। गेलक योजना बिहटाक बढ़ैत औद्योगिक क्षेत्र कें ध्यान मे राखैत पीएनजी आ सीएनजी नेटवर्कक विस्तार करबाक अछि।

फतुहा औद्योगिक क्षेत्रक इकाइ सभ कें अगिला मास सं पीएनजी कनेक्शन देबाक शुरूआत होएत। पाइपलाइन नेटवर्क तैयार भेलाक बाद औद्योगिक इकाइ सभ कें चरणबद्ध तरीका सं कनेक्शन उपलब्ध कराओल जाएत। एहि सं क्षेत्रक फैक्ट्री आ अन्य औद्योगिक प्रतिष्ठान सभ कें पाइप्ड गैसक सुविधा भेटि सकत।

केंद्र सरकारक निर्देश अनुसार जाहि क्षेत्र मे पीएनजी पाइपलाइन पहुंचि चुकल अछि, ओतय एलपीजी कनेक्शन सरेंडर कए पीएनजी कनेक्शन लेबए पड़त। एहन उपभोक्ता सभ लेल ई प्रक्रिया अनिवार्य कएल गेल अछि। निर्देशक पालन नहि करएपर संबंधित एलपीजी कनेक्शन निलंबित कएल जा सकैत अछि। उपभोक्ता सभ कें पीएनजी कनेक्शन लेलाक बाद अपन एलपीजी कनेक्शन निर्धारित प्रक्रियाक अंतर्गत सरेंडर करए पड़त।

# बिहार मे एच1एन1 इन्फ्लुएंजाक मामिला, दू रोगी पॉजिटिव, स्वास्थ्य विभाग अलर्ट पर

**पटना, समदिया**

देशक कतेको राज्य मे मौसमी इन्फ्लुएंजा (एच1एन1) केर मामिला बढ़बाक बीच बिहार मे सेहो स्वास्थ्य विभाग सतर्कता बढ़ा देने अछि। एहि क्रम मे पटना मे दू रोगी मे एच1एन1 संक्रमणक पुष्टि भेल अछि। ई दूनू रोगी पटना केर अगमकुआं आ कंकड़बाग इलाकाक निवासी छथि।

एहि रोगी सभक जांच पटना सिटी स्थित राजेंद्र मेमोरियल रिसर्च इंस्टीट्यूट ऑफ मेडिकल साइंसेज (आरएमआरआई) मे कएल गेल, जतय हुनकर सैंपल पॉजिटिव भेटल। आरएमआरआई प्रशासनक अनुसार, पछिला एक सप्ताह मे शहरक विभिन्न अस्पताल सं 25 सं बेसी संदिग्ध रोगीक सैंपल जांच लेल आएल छल, जाहि मे दू मे एच1एन1 केर पुष्टि भेल। संक्रमित रोगी सभक उम्र 47 आ 52 वर्ष बताओल गेल अछि। चिकित्सकक अनुसार, दूनूक स्थिति फिलहाल खतरा सं बाहर अछि आ हुनकर इलाज चलि रहल अछि। एक रोगीक सैंपल कंकड़बाग स्थित निजी अस्पताल सं आएल छल,




जखनकि दोसर आरएमआरआईक ओपीडी सं संबंधित छल।

आरएमआरआईक निदेशक डॉ. कृष्णा पांडे बतौलनि जे दिल्ली, उत्तर प्रदेश, महाराष्ट्र, पश्चिम बंगाल, केरल, कर्नाटक, राजस्थान, हरियाणा आ पंजाब जेका राज्य मे स्वाइन फ्लूक मामिला बढ़ि रहल अछि। एकरा देखैत बिहारक स्वास्थ्य व्यवस्था कें सेहो पूरा तरहे हाई अलर्टपर राखल गेल अछि। राज्यक प्रमुख अस्पताल सभ कें अलर्ट मोड मे राखल गेल अछि आ स्वास्थ्य केंद्र सभ पर निगरानी तेज कए देल गेल अछि।

डॉ. पांडे आरएमआरआई मे सेहो सतर्कता बढ़ेबाक निर्देश देलनि। एहि मे बेसी सं बेसी संदिग्ध रोगीक सैंपल एकत्र करब, समयपर जांच रिपोर्ट देब आ लोक कें रोगक लक्षण तथा बचावक उपाय बारे जागरूक करब शामिल अछि। चिकित्सकक अनुसार, एच1एन1 केर पहचान भेलाक बाद इलाज संभव अछि। आवश्यकतानुसार एंटीवायरल दवा देल जा सकैत अछि आ डॉक्टरक सलाहपर निर्धारित अवधि धरि दवाक कोर्स पूरा कराओल जाइत अछि।

पटना केर सिविल सर्जन डॉ. योगेंद्र प्रसाद मंडल बतौलनि जे स्वास्थ्य विभाग स्थितिपर लगातार नजरि राखि रहल अछि। अस्पताल सभ कें अलर्ट मोड मे राखल गेल अछि, जाहि सं कोनो संदिग्ध रोगीक समयपर पहचान भए सकय आ जरूरतक अनुसार इलाज शुरू कएल जा सकय।

ओ कहलनि जे फिलहाल घबरएबाक जरूरत नहि अछि। मुदा दोसर राज्य मे संक्रमणक मामिला बढ़बाक कारण निगरानी आ अस्पताल सभक तैयारी मजबूत राखल जा रहल अछि।

पीएमसीएचक अस्पताल अधीक्षक डॉ. राजीव कुमार सिंह बतौलनि जे अस्पताल मे एखन धरि एच1एन1 केर कोनो संदिग्ध रोगी नहि भेटल अछि। संबंधित विभाग सभ कें अलर्ट कए देल गेल अछि। जं रोगीक संख्या बढ़ैत अछि वा जरूरत महसूस होइत अछि, तं हुनका अलग राखबाक आ इलाज लेल अलग वार्ड तत्काल तैयार कएल जाएत।

विशेषज्ञक मुताबिक देश मे मौसमी इन्फ्लुएंजाक मामिला बढ़ल अछि, मुदा एखन धरि कोनो नव वा असामान्य वायरस स्ट्रेनक पुष्टि नहि भेल अछि। वर्तमान मे प्रसारित एच1एन1 वायरस मौसमी इन्फ्लुएंजाक अनुरूपे अछि।

आईसीएमआरक अनुसार वायरस मे देखाइत आनुवंशिक बदलाव मौसमी फ्लू मे होमय बला सामान्य बदलावक अनुरूप अछि। तें एकरा फिलहाल कोनो नव आ बेसी खतरनाक स्ट्रेनक रूप मे नहि देखल जा रहल अछि।

स्वस्थ लोक मे मौसमी इन्फ्लुएंजा अक्सर हल्का रहैत अछि आ रोगी किछु समय मे ठीक भए जाइत छथि। मुदा बुजुर्ग, छोट बच्चा, गर्भवती महिला, कमजोर रोग-प्रतिरोधक क्षमता बला लोक आ पहिनहि सं गंभीर बेमारी सं जूझि रहल रोगी मे संक्रमणक कारण जटिलताक खतरा बेसी रहैत अछि। बिहार मे एच1एन1 संक्रमण पहिनहुं चिंता केर कारण बनि चुकल अछि। वर्ष 2015 मे राज्य मे 352 मामिला सामने आएल छल आ छह लोकक मृत्यु भेल छल। एकर बाद 2017 मे 26, 2018 मे एक, 2019 मे 52 आ 2020 मे 17 मामिला दर्ज कएल गेल छल।

# आईजीआईएमएस मे 500 बेडक नव अस्पताल तैयार, 100 बेडक इमरजेंसी

## 50 बेडक आयुष्मान वार्ड, कुल बेड क्षमता 1700 होयत

**पटना, समदिया**

इंदिरा गांधी आयुर्विज्ञान संस्थान (आईजीआईएमएस) मे इलाज कराबए बला रोगी सभ लेल पैघ राहतक तैयारी अछि। करीब पांच वर्षक लंबा इंतजारक बाद 500 बेडक नव अस्पताल लगभग पूरा तरहे बनि कए तैयार भए गेल अछि।करीब 280 करोड़ रुपैयाक लागत सं बनल छह मंजिला भवन कें पांच ब्लॉक मे बांटल गेल अछि। एकर शुरूआत भेलाक बाद संस्थानक कुल बेड क्षमता बढ़ि कए करीब 1700 भए जाएत। नव अस्पताल मे सामान्य वार्डक संग ओपीडी, ऑपरेशन थिएटर, क्रिटिकल केयर यूनिट आ जनरल इमरजेंसी जेका सुविधा एक्कहि भवन मे उपलब्ध होएत। अस्पताल शुरू भेलाक बाद सब सं पैघ राहति इमरजेंसी रोगी सभ कें भेटत। नव भवन मे 100 बेडक अलग इमरजेंसी बनाओल गेल अछि।

100 बेडक इमरजेंसी वार्ड, गंभीर रोगी सभ कें भेटत सुविधा

आईजीआईएमएस मे लंबा समय सं इमरजेंसी बेडक कमी पैघ समस्या छल। एहि कारण गंभीर रोगी सभ कें दोसर अस्पताल जाए पड़ैत छल। एहि समस्या कें दूर करबाक लेल नव अस्पताल मे 100 बेडक अलग इमरजेंसी वार्ड बनाओल गेल अछि। एहि वार्ड मे गंभीर रोगीक इलाज लेल विशेष व्यवस्था रहत, जतय डॉक्टर, नर्सिंग स्टाफ आ पैरामेडिकल कर्मी लगातार निगरानी आ उपचार करताह। एकर अतिरिक्त आयुष्मान भारत योजनाक लाभार्थी सभ लेल 50 बेडक अलग आयुष्मान वार्ड सेहो बनाओल गेल अछि। एहि सं आयुष्मान कार्डक माध्यम सं इलाज कराबए बला रोगी सभ कें भर्ती आ उपचार मे सुविधा होएत।

500 बेडक एहि नव अस्पतालक खासियत ई होयत जे




अलग-अलग विभाग कें एक्कहि भवन मे समग्र सुविधा उपलब्ध कराओल गेल अछि। संबंधित विभाग लेल अपन वार्ड, ओपीडी, ओटी, क्रिटिकल केयर यूनिट आ जनरल इमरजेंसीक व्यवस्था कएल गेल अछि।

विभाग सं जुड़ल डॉक्टर, नर्स आ पैरामेडिकल स्टाफ सेहो ओहि फ्लोर पर उपलब्ध रहताह। एतय 24 घंटा डॉक्टरक ड्यूटीक व्यवस्था रहत। एहि सं रोगी सभ कें इलाज लेल एक विभाग सं दोसर विभाग धरि जाएबाक जरूरत कम होयत आ गंभीर स्थिति मे तुरंत चिकित्सकीय सहायता भेटि सकत। नव अस्पताल मे भर्ती रोगी सभक पैथोलॉजी जांच सेहो सुविधाजनक बनाओल गेल अछि। रोगी सभ कें जांच लेल अलग सं लए जाएबाक बदला हुनकर बेड संए सैंपल कलेक्ट कएल जाएत। एहि सं गंभीर आ चलए-फिरए मे असमर्थ रोगी सभ कें विशेष सुविधा भेटत।

एकर संगहि अस्पताल मे रेडियोलॉजी जांचक सुविधा सेहो उपलब्ध रहत। एहि सं भर्ती रोगी सभक जरूरी जांच अस्पताल परिसर मेए कराओल जा सकत।

नव भवन मे आधुनिक चिकित्सा सुविधा सभ कें सेहो शामिल कएल गेल अछि। एतय मॉड्यूलर ऑपरेशन थिएटर, प्री-ऑपरेटिव आ पोस्ट-ऑपरेटिव पेशेंट केयर, हाई डिपेंडेंसी यूनिट (एचडीयू) आ सर्जरीक बाद विशेष देखभाल लेल रिकवरी आईसीयूक व्यवस्था रहत।

ऑपरेशन थिएटर आ आईसीयूक व्यवस्था भवनक पांचम मंजिल पर कएल गेल अछि। सर्जरी सं पहिने आ बाद रोगीक निगरानी आ देखभाल लेल अलग व्यवस्था होएबाक कारण उपचार प्रक्रिया बेसी व्यवस्थित होएबाक आशा अछि।

रोगीक संग आबए बला परिजनक सुविधाक सेहो ध्यान राखल गेल अछि। नव भवनक प्रत्येक फ्लोर पर वेटिंग हॉलक व्यवस्था कएल गेल अछि। एहि सं रोगीक इलाजक दौरान परिजन सभ कें बैसबाक लेल अलग स्थान भेटत। अस्पताल परिसर मे नीक वातावरण लेल पेड़-गाछ सेहो लगाओल गेल अछि। एहि सं कैंपस मे हरियाली बढ़ेबाक संग रोगी आ हुनकर परिजन लेल नीक वातावरण तैयार करबाक प्रयास कएल गेल अछि। 500 बेडक नव अस्पताल शुरू भेलाक बाद आईजीआईएमएस मे कुल बेडक संख्या करीब 1700 भए जाएत। राजधानी पटना सहित बिहारक अलग-अलग जिला सं गंभीर रोगी इलाज लेल आईजीआईएमएस पहुंचैत छथि। एहन स्थिति मे बेडक संख्या बढ़ला सं संस्थानक भर्ती क्षमता मे पैघ इजाफा होएत।

# बिहार मे पैक्स आ व्यापार मंडलक होयत विस्तार, 20 लाख लोक कें भेटत रोजगार

**पटना, समदिया**

बिहार मे पैक्स आ व्यापार मंडलक कार्यक्षेत्रक विस्तार कएल जाएत, जाहि सं 20 लाख सं बेसी लोक कें रोजगार भेटत। एहि लेल सरकार शीघ्रे 8463 पैक्स आ 500 सं बेसी व्यापार मंडलक कार्यक्षेत्र बढ़ेबाक तैयारी मे अछि।

ई सहकारी संस्था सभ आब मात्र कृषि क्षेत्र धरि सीमित नहि रहत, बल्कि एहि संस्था सभ कें डेयरी, मत्स्य पालन, भंडारण (वेयर हाउसिंग), फूड प्रोसेसिंग, हरित ऊर्जा (ग्रीन इनर्जी) आ पर्यटन जेका क्षेत्र सं जोड़बाक तैयारी अछि। एहि सं संबंधित प्रस्ताव सहकारिता विभाग तैयार केने अछि, जाहि मे पैक्स आ व्यापार मंडल मे संबंधित व्यवसाय कें बढ़ावा देबाक आ बैंकक माध्यम सं ऋण सुविधा उपलब्ध करएबाक प्रावधान कएल गेल अछि। एहि प्रस्तावपर शीघ्रे कैबिनेट सं स्वीकृति लेल जाएत।

सहकारिता विभाग पैक्स आ व्यापार मंडल मे नव व्यवसाय कें बढ़ावा देबाक आ रोजगार सृजनक जे प्रावधान केने अछि, ओ बिहार राज्य सहकारिता नीति, 2026 केर अंतर्गत अछि। हालहि मे कैबिनेटक बैठक मे नव सहकारिता नीति कें स्वीकृति देल गेल अछि। सहकारिता विभागक एक अधिकारी बतौलनि जे नव सहकारिता नीति केर माध्यम सं बिहार सरकार एक बेर फेर राज्य मे सहकारिता आंदोलन कें तेज करए जा रहल अछि। एकर उद्देश्य सुस्त पड़ल सहकारी संस्था सभ कें व्यावसायिक रूप सं आधुनिक, पारदर्शी आ आत्मनिर्भर बनायब अछि। अगिला पांच वर्ष मे ग्रामीण क्षेत्र मे 20 लाख सं बेसी लोक कें रोजगार दए आत्मनिर्भर बनायब लक्ष्य अछि। जखनकि एखन धरि पैक्स आ व्यापार मंडल मात्र कृषि क्षेत्र धरि सीमित अछि, तें विभाग सभ पैक्स आ व्यापार मंडलक सहयोग सं गाम सभ कें कोआपरेटिव विलेजक रूप मे विकसित करबाक आ प्रत्येक पंचायत मे सहकारी इकाइ खोलबाक प्रस्ताव तैयार केने अछि।

# सड़क दुर्घटना मे एक बाइक पर सवार तीन युवक गंभीर रूप सं घायल, रेफर



विद्यापतिनगर, समदिया

थाना क्षेत्र अंतर्गत हरपुर बोचहा स्थित प्रेम विहार पार्कक समीप बृहस्पति कें सड़क दुर्घटना मे एके बाइक पर सवार तीन युवक गंभीर रूप सं जख्मी भए गेलाह। दुर्घटना कें बाद मौके पर जुटल स्थानीय लोक स्वजन कें सूचना देलनि। एकर बाद स्वजन आ स्थानीय लोकक सहयोग सं तीनू घायल कें इलाज लेल सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र, विद्यापतिनगर पहुंचाओल गेल। चिकित्सक प्राथमिक उपचारक बाद हुनकर गंभीर स्थिति कें देखैत नीक इलाज लेल तीनू कें रेफर कए देलनि।

घायल सभक पहचान थाना क्षेत्रक बाजिदपुर पंचायत स्थित फरसा चौक वार्ड संख्या-3 निवासी राज कुमार पासवानक पुत्र छोटू कुमार (25), बेगूसराय जिलाक मंसूरचक निवासी बृजेश पासवानक पुत्र रौशन कुमार (26) आ नंदनी लगुनिया निवासी संजीव कुमार (24) केर रूप मे भेल अछि।

घटनाक संबंध मे बताओल जाइत अछि जे छोटू आ रौशनक ससुराल सिमरी गाम मे एके परिवार मे छल। दुनू युवक रक्षाबंधनक अवसर पर अपन-अपन पत्नी संग ससुराल गेल छलाह। बृहस्पति कें दुनू युवक अपन मित्र संजीवक संग एके बाइक पर सवार भए ससुराल सं घूमबाक लेल हरपुर बोचहाक दिस निकलल छलाह। एहि क्रम मे हरपुर बोचहा स्थित प्रेम विहार पार्कक समीप पहुंचिते अनचोके दुर्घटना भए गेल। दुर्घटना मे बाइक सवार तीनू युवक सड़क पर खसि गंभीर रूप सं जख्मी भए गेलाह।

हालांकि दुर्घटना कोन कारण सं भेल, एकर स्पष्ट जानकारी एखन धरि सामने नहि आएल अछि। दोसर वाहनक टक्कर सं दुर्घटना भेल अथवा बाइक अनियंत्रित भए कए कोनो वाहन वा दोसर वस्तु सं टकराएल, एकर आधिकारिक पुष्टि नहि भए सकल अछि। प्रत्यक्षदर्शी आ स्थानीय लोक सं भेटल प्रारंभिक जानकारीक अनुसार तीनू युवक एके दोपहिया वाहन पर सवार छलाह। ओम्हर, घटना कें बाद मौके पर अफरातफरी मचि गेल। आसपासक लोक तत्काल घायल कें संभारलनि आ हुनकर फोन सं स्वजन कें घटनाक जानकारी देलनि। किछुए देर मे स्वजन मौके पर पहुंचलाह आ स्थानीय लोकक सहयोग सं तीनू कें सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र, विद्यापतिनगर लए गेलाह। प्राथमिक उपचारक बाद चिकित्सक हुनकर स्थिति गंभीर देखैत नीक इलाज लेल रेफर कए देलनि।

# गाछ सभ कें रक्षा सूत्र बान्हि संरक्षणक संकल्प लेलनि

दरभंगा, समदिया

सीएम साइंस कॉलेजक राष्ट्रीय सेवा योजना (एनएसएस) इकाइक तत्वावधान मे बृहस्पति कें महाविद्यालय परिसरक उद्यान मे ह्यवृक्ष रक्षा बंधनह्न कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक उद्देश्य वृक्ष सभके रक्षा सूत्र बांधि हुनकर संरक्षण आ संवर्धनक संग पर्यावरणक प्रति प्रेम, जिम्मेदारी आ प्रतिबद्धताक भावना कें बढ़ावा देब छल। कार्यक्रम मे महाविद्यालयक शिक्षक, शिक्षकेतर कर्मचारी आ एनएसएस स्वयंसेवक सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। प्रतिभागी सभ वृक्ष सभके रक्षा सूत्र बांधि हुनकर रक्षा आ नियमित देखभालक संकल्प लेलनि। एहि दौरान वृक्षक प्रति सम्मान आ संरक्षणक भावना कें बढ़ावा देबाक संदेश देल गेल।

महाविद्यालयक प्रधानाचार्य प्रो. संजीव कुमार मिश्र कहलनि जे पर्यावरण संरक्षण मात्र एक दिनक कार्यक्रम नहि, बल्कि निरंतर निभाओल जाए बला सामाजिक जिम्मेदारी अछि। ओ विद्यार्थी आ स्वयंसेवक सभके पौधरोपणक संग लगाओल पौधक नियमित देखभाल लेल प्रेरित कएलनि। एनएसएस कार्यक्रम पदाधिकारी डॉ. युगेश्वर साह कहलनि जे ह्यवृक्ष रक्षा बंधन प्रकृतिक संग आत्मीय संबंध, पर्यावरणक प्रति संवेदनशीलता आ वृक्षक संरक्षणक संकल्पक प्रतीक अछि। ओ कार्यक्रम मे सक्रिय सहभागिताक लेल सभक प्रति आभार व्यक्त कएलनि।




मौके पर डॉ. यूके दास, डॉ. सुजीत कुमार चौधरी, डॉ. आदित्य नाथ मिश्र, डॉ. रवि रंजन, डॉ. रश्मि रेखा, डॉ. अभिषेक शेखर, डॉ. अवध बिहारी यादव, डॉ. पंकज चौधरी सहित अन्य शिक्षक उपस्थित छलाह। शिक्षकेतर कर्मचारी आ एनएसएस स्वयंसेवक सभ सेहो कार्यक्रम कें सफल बनेबाक लेल सक्रिय भूमिका निभौलनि। कार्यक्रमक माध्यम सं वृक्ष बचाउ, पर्यावरण बचाउ केर संदेश देल गेल।

## एक नजरि

### नाबालिग सं दुष्कर्म कए गर्भवती बनेबाक दोषी कें आजीवन कारावास

**दरभंगा।** दरभंगा जिला पॉक्सो केर विशेष न्यायाधीश सुलेखा झा केर अदालत बृहस्पति कें नाबालिग सं दुष्कर्म कए ओकरा गर्भवती बनेबाक मामिला मे भालपट्टी थाना क्षेत्रक भालपट्टी निवासी स्व. मोती मंडल केर पुत्र अनिरुद्ध मंडल कें आजीवन सश्रम कारावासक सजा सुनौलनि। अदालत अभियुक्त पर 50 हजार टका अर्थदंड सेहो लगौलनि। संगहि पीड़िता केर पुनर्वास लेल बिहार पीड़ित प्रतिकर योजना अंतर्गत छह लाख टका आर्थिक सहायता देबाक आदेश पारित कएल गेल अछि। प्रतिकर राशि केर भुगतान जिला विधिक सेवा प्राधिकार, दरभंगा केर माध्यम सं कएल जाएत। पॉक्सो केर विशेष लोक अभियोजक विजय कुमार पराजित कहलनि जे अभियुक्त दादा-दादीक अनुपस्थिति मे बिना माय केर असहाय नाबालिग बच्ची संग दुष्कर्म कए ओकरा गर्भवती बना देने छल। चाइल्ड लाइन केर सहयोग सं एहि मामिला मे महिला थाना मे कांड संख्या 92/22 दर्ज कएल गेल छल। बाद मे जीआर संख्या 102/23 केर अंतर्गत मामिलाक विचारण शुरू भेल। अनुसंधानक दौरान पीड़िता सं जन्मल शिशु आ अभियुक्तक डीएनए परीक्षण कराओल गेल। जांच मे दुनूक डीएनए समान भेटल। सुनवाईक दौरान अभियोजन पक्षक दिस सं अदालत मे सात गवाहक गवाही कराओल गेल। अदालत मामिलाक सुनवाइ पूरा करैत गत 19 अगस्त कें अभियुक्त कें दोषी घोषित केने छल।

### समृद्ध महिला-समृद्ध बिहार अभियानक शुभारंभ कार्यक्रमक लाइव प्रसारण देखल गेल

**समस्तीपुर।** मुख्यमंत्री द्वारा बापू सभागार, पटना मे समृद्ध महिला-समृद्ध बिहार अभियान केर शुभारंभ कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। उक्त कार्यक्रमक लाइव प्रसारण जिलाधिकारी रोशन कुशवाहाक अध्यक्षता मे समाहरणालय स्थित वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग कक्ष सं देखल गेल। एहि अवसर पर उप विकास आयुक्त सूर्य प्रताप सिंह, डीपीएम जीविका विक्रांत कुमार सहित संबंधित पदाधिकारी आ जीविका सं जुड़ल लाभुक महिला सभ उपस्थित रहलीह। कार्यक्रमक दौरान मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक अंतर्गत महिला लाभुक सभ कें वित्तीय सहायता प्रदान करबाक दिस मे महत्वपूर्ण पहल कएल गेल। एकर अंतर्गत चारि लाख महिला लाभुक कें 10 हजार टका प्रति लाभुक केर दर सं प्रथम किस्त आ एक लाख महिला लाभुक कें 20 हजार टका प्रति लाभुक केर दर सं दोसर किस्तक राशि अंतरण कएल गेल। संगहि, जीविका निधिक माध्यम सं एक लाख लाभुक कें 10 हजार टका प्रति लाभुक केर दर सं ऋण सेहो वितरित कएल गेल।

### मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजना अंतर्गत जीविका सुधा बिक्री केंद्रक शुभारंभ

**समस्तीपुर।** मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजना केर अंतर्गत जीविका एवं संबंधित गतिविधि कें बढ़ावा देबाक उद्देश्य सं आयोजित कार्यक्रम मे जिलाधिकारी रोशन कुशवाहाक उपस्थिति मे जीविका सुधा बिक्री केंद्रक शुभारंभ कयल गेल। एहि अवसर पर जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा कहलनि जे महिला सशक्तीकरण आ महिला कें आर्थिक रूप सं आत्मनिर्भर बनेबाक दिशा मे सरकार द्वारा विभिन्न योजना चलाओल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक उद्देश्य महिला कें रोजगार आ स्वरोजगार सं जोड़ि हुनकर आमदनी मे वृद्धि करब आ आर्थिक रूप सं सशक्त बनायब अछि। ओ कहलनि जे जीविका समूह सं जुड़ल महिला सभ द्वारा तैयार कयल जा रहल विभिन्न उत्पाद कें नीक बाजार उपलब्ध कराबय मे एहन बिक्री केंद्र महत्वपूर्ण भूमिका निभाओत। एहि सं स्थानीय स्तर पर तैयार उत्पादक बिक्री कें प्रोत्साहन भेटत आ जीविका दीदी सभ कें अपन उत्पाद लेल स्थायी बाजार उपलब्ध भए सकत।

### बिजलीक चपेट मे आबि कए युवकक मृत्यु

**बेनीपट्टी :** स्थानीय थाना क्षेत्रक पाली गोठ टोल मे बिजलीक करंटक चपेट मे आबि 25 वर्षीय युवकक मृत्यु भए गेल। मृतकक पहिचान राम प्रबोध मिश्रक पुत्र दीपक कुमार मिश्रक रूप मे भेल अछि। बताओल जाइत अछि जे दीपक कुमार मिश्र नित्यदिनक भांति खेत मे फसल देखबाक लेल गेल छलाह। एहि क्रम मे ओ बिजलीक करंटक चपेट मे आबि गेलाह, जाहि सं घटनास्थले हुनकर मृत्यु भए गेल। मृतकक विवाह करीब दू वर्ष पहिने भेल छल। घटनाक सूचना भेटिते थाना पुलिस घटनास्थलपर पहुंचि मामिलाक जांच शुरू कए देलक। मुदा मृतकक परिजन शवक पोस्टमार्टम करेबा सं मना करैत थाना मे लिखित आवेदन देलनि। घटनाक बाद गाम मे शोक पसड़ल अछि। परिजनक रो-रो कए बुरा हाल अछि।

### डॉ. मीना कुमारीक विदाइ समारोह मे छलकल आत्मीय स्मृति

**दरभंगा।** एमएलएसएम महाविद्यालय, दरभंगाक हिंदी विभाग मे विभागाध्यक्ष डॉ. मीना कुमारीक सम्मान मे विदाई समारोहक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रम भावना, स्मृति आ साहित्यिक अभिव्यक्ति सं भरल रहल। एहि अवसर पर शिक्षक आ विद्यार्थी सभ डॉ. मीना कुमारीक व्यक्तित्व आ कृतित्वक सराहना करैत हुनकर कार्यकाल कें हिंदी विभागक गौरवपूर्ण यात्राक महत्वपूर्ण अध्याय बतौलनि। एमए तेसर छमाही आ स्नातकक छात्र-छात्रा रूबी कुमारी, क्षेमा कुमारी आ अंकित पासवान तथा हिंदी विभागक पूर्व विभागाध्यक्ष डॉ. तीर्थनाथ मिश्रा कहलनि जे डॉ. मीना कुमारी अपन ज्ञान, अनुशासन, संवेदनशीलता आ साहित्यिक दृष्टि सं विभाग कें नव ऊंचाइ प्रदान कयलनि।

## भारत सरकार राहति सामग्री पठेलक, नेपालक प्रधानमंत्री सहित आम नागरिक सभ खुशी जतौलनि



काठमांडू, समदिया

भोटेकोशी नदी मे आएल बाढ़ि सं रसुवा जिला मे व्यापक जन-धनक क्षति भेल अछि। एहि विषम परिस्थिति मे भारतक प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी नेपालक प्रधानमंत्री बालेंद्र साह सं फोन पर बातचीत कए हरसंभव मददक भरोसा देलनि। एकर किछु समयक बादे भारतीय वायुसेनाक कार्गो विमान सं 10 टन राहति सामग्री नेपाल पहुंचि गेल। बृहस्पतिवार कें सेहो 27.8 टन राहति सामग्री नेपाल पहुंचल। भारतीय राजदूत नवीन श्रीवास्तव नेपाल सरकारक प्रतिनिधि कें राहति सामग्री सुपुर्द कयलनि। नेपाली सेना बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सभ मे राहति सामग्री वितरण कए रहल अछि। भारतक एहि पहल पर नेपालक प्रधानमंत्री बालेंद्र साह भारतक प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। ओतहि नेपालक पूर्व उपप्रधानमंत्री तथा नेपाली कांग्रेसक वरिष्ठ नेता विमलेंद्र निधि, पूर्व उपप्रधानमंत्री तथा राष्ट्रीय मुक्ति पार्टीक अध्यक्ष राजेंद्र महतो, आम जनता पार्टीक अध्यक्ष प्रभु साह सहित विभिन्न राजनीतिक दलक नेता सभ सेहो अलग-अलग प्रेस विज्ञप्ति जारी कए भारत सरकारक प्रति आभार जतौलनि। आम नागरिक सभ सेहो भारत सरकार द्वारा तत्काल राहति सामग्री नेपाल पहुंचाओल गेलाक पर प्रसन्नता व्यक्त कयलनि। लोक सभक कहब अछि जे आपदाक एहि कठिन समय मे भारत द्वारा शीघ्र मदति पहुंचाएब सराहनीय पहल अछि। नेपाल मे विपदा आएलाक किछु घंटाक भीतर भारत द्वारा राहति सामग्री पठेबाक ई पहिल अवसर नहि अछि। 25 अप्रैल 2015 कें जखन काठमांडू घाटी मे भूकंप सं भीषण तबाही भेल छल, तखन सेहो किछु घंटाक भीतर भारत वायुसेनाक कार्गो विमान सं राहति सामग्री नेपाल पठौने छल।

# गंगा-बायाक बाढ़ि सं दियारा मे जिनगी बेपटरी, खेत डूबल

विद्यापतिनगर, समदिया

गंगा आ बाया नदीक बढ़ैत जलस्तर प्रखंडक दियारा क्षेत्र मे हजारो लोकक जिनगी बेपटरी कए देने अछि। खेत मे बाढ़िक पानि घुसला सं जतय हरियर मिर्च, तरकारी आ अन्य नकदी फसल जलमग्न भए गेल अछि, ओतहि पशुचारा डूबला सं पशुपालक सभक सामने मवेशी कें बचेनाइ आ हुनकर चारा जुटेनाइ पैघ चुनौती बनि गेल अछि। परिस्थिति एहन अछि जे कतेको परिवार घर छोड़ि मवेशी सभक संग सड़कक कात आ ऊंच स्थान पर अस्थायी डेरा देबय लेल मजबूर छथि।

बढ़ैत पानिक असर शेरपुर ढेपुरा, मऊ धनेशपुर दक्षिण, बालकृष्णपुर मड़वा आ बाजिदपुर पंचायतक दियारा इलाका मे सब सं बेसी देखल जा रहल अछि। गंगाक जलस्तर मे वृद्धि होएबाक कारण निचला खेत मे पानि पसरि गेल अछि आ कतेको गामक सड़क संपर्क सेहो प्रभावित भेल अछि। प्रशासन जलस्तर पर नजरि रखने अछि, मुदा ग्रामीण सभक चिंता लगातार बढ़ि रहल अछि।



बताओल जाइत अछि जे दियारा क्षेत्रक किसान एहि बेर पैघ पैमाना पर हरियर मिर्च, लौकी, नेनुआ, भिंडी समेत कतेको तरहक तरकारीक खेती केने छलाह। फसल तैयार होएबे करैत छल जे बाढ़िक पानि खेत मे पहुंचि गेल। देखिते-देखिते सैकड़ो बीघा फसल डूबि गेल। किसान सभक कहब अछि जे फसलक संग बीज, खाद, सिंचाई, मजदूरी आ खेती मे लगाओल पूरा खर्च सेहो पानि मे डूबि गेल। आब अगिला फसलक तैयारी लेल पूंजी जुटेनाइ सेहो कठिन भए गेल अछि। खेत आ चरागाह मे पानि भरलाक बाद पशुपालक सभक सामने सभ सं पैघ संकट चारा केर ठाढ़ भए गेल अछि। जाहि खेत मे पशु सभ लेल हरियर चारा तैयार छल, ओ सेहो पानि मे डूबि गेल अछि। एहन स्थिति मे लोक मवेशी कें लए सुरक्षित आ ऊंच स्थान दिस पलायन कए रहल छथि।

साहिट पंचायत मे भारतीय स्टेट बैंकक समीप पछिला दू दिन सं दर्जनों पशुपालक मवेशी संग डेरा देलनि अछि। पशुपालक परिवार खुला आकाशक नीचा तिरपाल लगा कए रहि रहल छथि। दिन भरि चारा केर खोज मे भटकए पड़ैत अछि, जखनकि राति मे अन्हार आ मच्छरक प्रकोप परेशानी आरो बढ़ा दैत अछि।

एहि तरहे 10 नंबर ढाला लग सेहो पैघ संख्या मे पशुपालक सड़कक कात अस्थायी झोपड़ी बना कए मवेशी सभक रखवारी कए रहल छथि। हुनकर कहब अछि जे पशु सभके छोड़ि घर जाएब संभव नहि अछि, तें पूरा परिवार ओतहि रहि रहल अछि।

## विद्यापतिधाम मे रेलवेक भूमि पर सैकड़ो अतिक्रमणकारीक पांच दिन मे स्थान खाली करबाक अल्टीमेटम

विद्यापतिनगर, समदिया

पूर्व मध्य रेलवे केर हाजीपुर-बछवाड़ा रेलखंड पर स्थित विद्यापतिधाम रेलवे स्टेशन परिसर आ आसपास रेलवे केर स्मारक चौक धरि केर भूमि पर अतिक्रमण कें लए रेलवे फेर सैकड़ो अतिक्रमणकारी कें नोटिस पठा पांच दिन मे अतिक्रमित भूमि खाली करबाक अल्टीमेटम देलक अछि। पूर्व मध्य रेलवे केर सोनपुर मंडलक वरिष्ठ खंड अभियंता/कार्य, शाहपुर पटोरी कार्यालयक दिस सं रेलवे भूमि पर अतिक्रमण कें लए बृहस्पति कें नव नोटिस जारी कएल गेल अछि। जारी नोटिस मे संबंधित अतिक्रमणकारी सभके रेलवे केर जमीन पर कएल गेल अतिक्रमण पांच दिनक भीतर खाली करबाक निर्देश देल गेल अछि। निर्धारित अवधि मे अतिक्रमण नहि हटेलापर उचित प्रशासनिक कारबाइ करबाक चेतावनी देल गेल अछि। ओम्हर, नोटिस जारी भेलाक बाद स्टेशन आ आसपास रेलवे केर जमीन पर फेर सं अतिक्रमण कें लए कारबाइक चर्चा तेज भए गेल अछि।

विद्यापतिधाम रेलवे स्टेशनक आसपास रेलवे भूमि सं अतिक्रमण हटेबाक मामिला नव नहि अछि। एकरा पहिने मई 2024 आ 2025 मे सेहो रेल प्रशासन स्टेशन चौक सं विद्यापतिनगर स्मारक चौक धरि रेलवे केर जमीन पर अतिक्रमण कएनिहार 100 सं बेसी लोक कें नोटिस देने छल। नोटिस मे अवैध आवास, दोकान आ तरकारी मंडी हटेबाक लेल समय-सीमा निर्धारित कएल गेल छल।

एकरा पहिने दिसंबर 2023 मे रेलवे आ स्थानीय प्रशासन संयुक्त अभियान चला कए स्टेशन परिसरक आसपास रेलवे केर जमीन सं अतिक्रमण हटेबाक कारबाइ केने छल। एहि दौरान कतेको स्थायी-अस्थायी घर, दोकान, पशु शेड आ वाहन शेड हटाओल गेल छल। रेलवे केर दिस सं पहिने 67 अतिक्रमणकारी कें नोटिस देबाक जानकारी सामने आएल छल।

### भोटेकोशी बाढ़ि मे मधेश प्रदेशक 41 लोक लापता

**जनकपुरधाम ।** रसुवा मे भोटेकोशी नदी मे आएल बाढ़िक बाद मधेश प्रदेशक अलग-अलग जिलाक 41 लोक संपर्क सं बाहर छथि। पुलिसक अनुसार बाढ़ि प्रभावित इलाका मे परसाक सब सं बेसी 16 लोक संपर्क सं बाहर छथि। महोत्तरीक 11, सलार्हीक 6, बारा आ सप्तरीक 3-3 तथा रौतहटक 2 लोकक संपर्क सं बाहर होयबाक खबर अछि।

बताओल जा रहल अछि जे जे लोक रोजगार आ व्यापारक लेल रसुवा पहुंचल छलाह, ओ सभ बाढ़िक बाद अपन परिवार आ संबंधी सभ सं संपर्क नहि कए सकल छथि। संपर्क टूटलाक बाद हुनकर परिवारक लोक सभ परेशान छथि।

## मॉडल स्कूल सभ मे साप्ताहिक परीक्षा आ लाइव क्लास कें प्रभावी बनेबाक निर्देश

दरभंगा, समदिया

डॉ. भीमराव अंबेडकर सभागार मे जिलाधिकारी कौशल कुमारक अध्यक्षता मे जिलाक सभ सरस्वती विद्या निकेतन केर प्रधानाध्यापक सभक संग विद्यालयक सुव्यवस्थित संचालन आ शैक्षणिक व्यवस्थाक समीक्षा लेल बैठक भेल। बैठक मे सहायक समाहर्ता कल्पना रावत, जिला शिक्षा पदाधिकारी विद्यानंद ठाकुर सहित शिक्षा विभागक संबंधित पदाधिकारी उपस्थित छलाह। जिलाधिकारी मॉडल स्कूल सभ मे उपलब्ध संसाधनक संग आवश्यक आधारभूत संरचना, शैक्षणिक उपकरण आ अन्य सुविधाक कमी केर आकलन कए ओकर समयबद्ध तरीका सं पूरा करबाक निर्देश देलनि। ओ लाइव क्लासक तैयारीक समीक्षा करैत सभ आवश्यक व्यवस्था पूरा करबाक संग स्मार्ट क्लासरूम आ डिजिटल शिक्षण व्यवस्था कें प्रभावी बनेबाक पर जोर देलनि। विद्यालय सभक प्रयोगशाला आधारभूत संरचना कें सेहो सुदृढ़ आ उपयोगी बना राखबाक निर्देश देल गेल। ओ विद्यार्थीक शैक्षणिक प्रगतिक नियमित मूल्यांकन लेल साप्ताहिक परीक्षा आयोजित करबाक कहलनि। संगहि विद्यालय सभ मे साफ-सफाई, स्वच्छता आ सुरक्षित वातावरण सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि।

# राखीक ताग मे सिमटल अछि भाय-बहिनक अटूट प्रेम

सीतामढ़ी, समदिया

रक्षा बंधन मे भाय-बहिनक बीच प्रेम, विश्वास, स्नेह आ जीवनभर संग निभेबाक भावना देखाइत अछि। राखीक अवसर पर डॉ. रत्नामणि केसरी, कवयित्री हेमा सिंह, डॉ. शोभा आ कुमारी पूजा भाय-बहिनक एहि पवित्र संबंध कें भावनात्मक आ सामाजिक दृष्टि सं महत्वपूर्ण बतौलनि।

### संबंध मे हो सम्मान आ विश्वास : डॉ. रत्नामणि केसरी

अवर निबंधक पदाधिकारी डॉ. रत्नामणि केसरी कहलनि जे रक्षा बंधन मात्र राखी बान्हन आ उपहार देबाक पर्व नहि, बल्कि भाय-बहिनक बीच विश्वास आ जिम्मेदारी कें मजबूत करबाक दिन अछि। बहिन जखन भायक कलाई पर राखी बान्हैत छथि तखन ओकरा पाछां भायक सुख, स्वास्थ्य आ उज्वल भविष्यक कामना जुड़ल रहैत अछि। ओतहि भायक संकल्प मात्र बहिनक रक्षा धरि सीमित नहि रहबाक चाही, बल्कि हुनकर सम्मान, अधिकार आ सपना मे सेहो संग ठाढ़ रहबाक होबाक चाही।

### राखी भावनाक धागा : कवयित्री हेमा सिंह

कवयित्री हेमा सिंह रक्षा बंधन कें भावना आ स्मृति सं जुड़ल पर्व बतौलनि। ओ कहलनि जे राखीक धागा छोट जरूर अछि, मुदा एहि मे बचपनक अनगिनत स्मृति, प्रेम, अपनापन आ विश्वास बन्हल रहैत अछि। भाय-बहिनक नोकझोंक सं लए एक-दोसरक सुख-दुख मे संग ठाढ़ रहबाक धरि, ई संबंध जीवनक प्रत्येक पड़ाव पर अपन खास स्थान बना रखैत अछि।



ओ कहलनि जे कतेको बेर भाय-बहिन दूर रहैत छथि, मुदा राखीक पर्व हुनका सभक बीचक भावनात्मक दूरी कें सेहो मेटा दैत अछि। एहि पर्वक ई सभ सं पैघ खूबसूरती अछि।

### भाइ-बहिनक संबंध समाज कें जोड़य बला संदेश : डॉ. शोभा

डॉ. शोभा कहलनि जे रक्षा बंधनक पर्व परिवार मे प्रेम आ एकता बढ़ेबाक संग समाज कें सेहो भाईचारा कें संदेश दैत अछि। ओ कहलनि जे बहिनक राखी भायक लेल मात्र एकटा धागा नहि, बल्कि हुनकर विश्वासक निशानी अछि। ओ कहलनि जे आइ जरूरत अछि जे परिवार मे बेटी कें समान सम्मान आ अवसर भेटय। भाय अपन बहिनक अधिकार आ आत्मसम्मानक रक्षा करथि तथा बहिन सेहो अपन भायक सुख-दुख मे मजबूती सं संग ठाढ़ रहथि। रक्षा बंधनक वास्तविक भावना सेहो यैह अछि।

### बहिनक मुस्कान राखीक असली खुशी : कुमारी पूजा

संजीवनी विद्यास्थली दोस्तियांक सह निदेशिका पूजा कुमारी कहलनि जे रक्षा बंधनक सभ सं सुंदर पक्ष भाय-बहिनक बीचक निस्वार्थ प्रेम अछि। बहिन अपन भायक दीर्घ आयु आ खुशहाल जीवनक कामना करैत छथि, तं भाय बहिनक चेहरा पर मुस्कान बनौने रखबाक संकल्प लैत छथि। ओ कहलनि जे राखीक पर्व हमरा सभ कें ईहो सिखबैत अछि जे महिलाक सम्मान आ सुरक्षा मात्र एक दिनक जिम्मेदारी नहि, बल्कि पूरा समाजक दायित्व अछि। जं प्रत्येक भाय अपन बहिनक सम्मान आ आत्मनिर्भरताक लेल ठाढ़ रहथि तं राखीक संदेश आओर सार्थक होएत।

# जतय बिहारक नदी सभ उफान पर अछि, ओतय झंझारपुर मे सुखा गेल कमला

## देखाइ पड़ि रहल उज्जर बालूक मरुभूमि

» साओन मे मात्र एक दिन खतरा-चिह्न सं ऊपर पहुंचल छल नदी, सुखाड़ सं किसान पर पड़ल दोहरा मारि

» 40 सं 50 प्रतिशत खेत अखन धरि पड़ल अछि परती

झंझारपुर, समदिया



बिहारक अधिकांश नदी सभ एहि समय उफान पर अछि। कोसी, गंडक, बागमती सहित कतेको नदी मे बाढ़क खतरामंडरा रहल अछि आ तटबंध पर प्रशासनक नजरि अछि। मुदा बिहारक मधुबनी जिलाक झंझारपुर मे स्थिति एकदमअलग अछि। एतय जीवनदायिनी कहल जायबाली कमला नदी पूर्णतः सुखा गेल अछि। नदीक धार गायब अछि आ नदीक पेट मे उज्जर बालूक मरुभूमि जकां दृश्य देखाइ पड़ि रहल अछि। पछिला किछु वर्षक बात करी तं साओन-भादो मे कमला नदी कतेको बेर उफान पर रहैत छल। झंझारपुर रेलवे पुल सं कमला तटबंध धरि नदी पानि सं लबालब भरल रहैत छल। मुदा वर्ष 2026 मे परिस्थिति अत्यंत चिंताजनक भए गेल अछि। एहि पूरा बाढ़क मौसिम मे मात्र एक दिन कमला नदीक जलस्तर खतरा-चिह्न सं एक मीटर ऊपर पहुंचल छल। तकर बाद नदी मे बाढ़क पानि तक नहि आयल अछि।पछिला 48 घंटाक स्थिति देखल जाय तं एक दिस बिहारक कतेको नदीक जलस्तर खतरा-चिह्न पार कए गेल अछि आ कतेको जिला मे बाढ़क चेतावनी जारी कयल गेल अछि, ओतहि झंझारपुरक कमला नदी पूर्णतः सुखायल अछि। स्थानीय लोक नदीक बीचोबीच पैदल चलि एक कात सं दोसर कात जा रहल छथि।कमला सुखला सं किसान पर दोहरा मारि कमला नदीक सुखि गेलाक सभ सं बेसी असरि किसान पर पड़ल अछि। कमला नदीक पूब आ पश्चिमी तटबंधक बीच हजारो एकड़ भूमि मे प्रत्येक वर्ष धानक खेती होइत अछि। एहि वर्ष तटबंधक भीतर बाढ़क पानि नहि पहुंचबाक कारण खेत मे आवश्यक नमी धरि नहि आबि सकल। किसान दिलीप यादव, गणेश यादव, रामेश्वर यादव सहित अन्य किसानक कहब अछि जे पानिक अभाव मे धानक रोपनी सेहो पूरा नहि भए सकल। करीब 40 सं 50 प्रतिशत खेतपरती रहि गेल। जे किसान कोनो तरह बोरिंग आ पंपसेट सं रोपनी कए लेलनि, हुनकर फसल सेहो आब पानिक अभाव मे खेते मे सुखाइत जा रहल अछि। किसान सभक कहब अछि जे जं एक सप्ताहक भीतर नीक बरखा नहि भेल अथवा कमला नदी मे पानि नहि आयल तंबचल फसल सेहो नष्ट भए जायत। हुनकर कहब अछि जे कतेको वर्ष बाढ़क कारण फसल बर्बाद होइत छल, मुदा एहि वर्ष सुखाड़क मार झेलऽ पड़ि रहल अछि। कमला नदीक भरोसे खेती करयवला सैकड़ो किसान आब कर्जक बोझ मे दबऽ लेल विवश छथि। तटबंधक भीतर खेतीकरऽवला किसान प्रत्येक वर्ष बाढ़ि आ सुखाड़ दुनू प्रकारक संकट झेलैत छथि। एहि बेर तं बाढ़ि आयले नहि, जाहि कारण खेत मे बाढ़क संग आबऽवला उपजाऊ गाद-माटि सेहो नहि पहुंचि सकल।ग्रामीण सभ कहलनि जे कमला नदीक एहन रूप ओ सभ कहियो नहि देखने छलाह। नदीक लगातार सुखि जेबाक कारण भू-जलस्तर पर सेहो प्रतिकूल असर पड़बाक आशंका अछि। फिलहाल किसान सभ आकाश दिस टकटकी लगौने नीक वर्षाक प्रतीक्षा कए रहल छथि।

## खजौली सीएचसी मे 10 वर्ष सं नहि बदलल गेल प्रभारी

मधुबनी, समदिया

मधुबनी जिलाक खजौली सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्रक प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. ज्योतेंद्र नारायणककरीब एक दशक सं लगातार खजौली मे पदस्थापन कें लए कए आब सवाल उठऽ लागल अछि। सामान्य प्रशासनिक व्यवस्था मे डीएम-एसपीक स्थानांतरण किछु वर्षक बाद होइत अछि आ जनप्रतिनिधिक कार्यकाल सेहो निश्चित रहैत अछि, मुदा खजौली सीएचसीक प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारीक पद पर वर्षो सं कोनो बदलाव नहि देखाइ पड़िरहल अछि। सवाल ई नहि अछि जे अधिकारी कतेक समय सं एतय छथि, सवाल ई अछि जे एके पद पर दीर्घकाल धरि बनल रहबाक कोनो प्रशासनिक समीक्षा होइत अछि वा नहि? की संबंधित विभाग आ वरीय अधिकारी एहि मामिला सं अनभिज्ञ छथि? तबादला-पदस्थापनक फाइल खजौली अस्पताल धरि पहुंचैत-पहुंचैत सरकारी कागज-पत्र मे कतहु हराए गेल अछि?

## रक्षाबंधन विशेष गीत 'भैया राजा! खाओ खिलाओ मिठाई' प्रस्तुत

दरभंगा, समदिया




रक्षाबंधनक पावन अवसर पर भाय-बहिनक अटूट प्रेम, स्नेह आ आत्मीयता कें समर्पित मधुर गीत भैया राजा! खाओखिलाओ मिठाई श्रोतासभक लेल प्रस्तुत कएल गेल अछि। गीतक स्वर देलनि तेजस्वी ठाकुर। अपन सुमधुर, भावपूर्ण आ प्रभावशाली स्वरक लेल तेजस्वी ठाकुर पहिने सं आम श्रोता मे प्रशंसित छथि। हुनकर कतेको गीत सोशल मीडिया पर उपलब्ध अछि, जे श्रोतासभक बीच अपन विशेष स्थान बना चुकल अछि। गीतकार ईश्वर करुण अपन संवेदनशील, सहज आ भावपूर्ण रचनाशैलीक माध्यम सं भाय-बहिनक पवित्र संबंधक प्रेम, अपनत्व आ भावनात्मक मिठास कें सुंदर शब्द देलनि अछि। गीतक बोल मे पारिवारिक आत्मीयताक संग रक्षाबंधन पर्वक मूल भावना कें प्रभावशाली ढंग सं अभिव्यक्त कएल गेल अछि। गीत कें अपन सुमधुर संगीत सं सजौने छथि विशाल बाबू झा, जखनकि टिंकू झाक सहयोग रहल अछि। शिम्मर फिल्म्स इंटरनेशनलक निदेशक सुमित सुमन कहलनि जे ई गीत रक्षाबंधनक माध्यम सं भाइ-बहिनकप्रेम, विश्वास आ आत्मीयताक भाव कें जन-जन धरि पहुंचाबयक एकटा विनम्र प्रयास अछि। संस्था निरंतर स्थानीयप्रतिभा, मैथिली भाषा-साहित्य आ मिथिलाक सांस्कृतिक भावधारा सं जुड़ल रचनात्मक कार्य कें मंच प्रदान करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि।

# एसएसबी जवान नेपाली शराबक संग तस्कर कें पकड़लक

## तस्कर लग सं 120 बोतल नेपाली सोंफी कएल गेल बरामद

जयनगर, समदिया



भारत-नेपाल सीमा क्षेत्र मे अवैध शराबक तस्करीक विरुद्ध 48वीं वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगर द्वारा लगातार प्रभावी कारबाइ कयल जा रहल अछि। एहि क्रम मे डी समवाय, गंगौरक सीमा चौकी अखराघाटक विशेष दल आसूचनाक आधार पर कारबाइ करैत 36 लीटर नेपाली देशी शराब बरामद कए एक व्यक्ति कें गिरफ्तार कयलक। प्राप्त सूचनाक आधार पर सीमा स्तंभ संख्या 293 सं करीब 400 मीटर भारतीय क्षेत्र मे विशेष दल निगरानी कए रहल छल। एहि दौरान एक व्यक्ति हीरो ग्लैमर मोटरसाइकिल पर अबैत देखल गेल। जवान सभ ओकरा रुकबाक संकेत देलनि, मुदा चालक मोटरसाइकिल छोड़ि भागबाक प्रयास केलक। जवान सभ पीछा कए ओकरा पकड़ि लेलनि। विधिवत तलाशीक क्रम मे मोटरसाइकिल सं दिलवाले सोंफी केर 300 मिलीलीटरक 120 बोतल बरामद भेल। सभ बोतल मे कुल 36 लीटर नेपाली शराब छल। घटनास्थल सं हीरो ग्लैमर मोटरसाइकिल सेहो जब्त कयल गेल। गिरफ्तार व्यक्तिक पहचान 24 वर्षीय सागर कुमार यादवक रूप मे भेल अछि। ओ बेनीपट्टी थाना क्षेत्रक कटैया गांवनिवासी जयनारायण यादवक पुत्र छथि।प्रारंभिक पूछताछ मे गिरफ्तार व्यक्ति कहलनि जे उक्त शराब हुनका नेपाल मे एक अज्ञात व्यक्ति सं भेटल छल आ ओ एकरा कटैया गांव मे बिक्री करबाक लेल लए जा रहल छल। मामिला सं जुड़ल अन्य कड़ीक जांच-पड़ताल कयल जा रहल अछि। बरामद 36 लीटर नेपाली शराब, हीरो ग्लैमर मोटरसाइकिल आ गिरफ्तार व्यक्ति कें आवश्यक जब्ती तथा गिरफ्तारी प्रक्रिया पूरा कयलाक बाद अग्रिम कानूनी कारबाइ लेल सहारघाट थाना पुलिस कें सुपुर्द कए देल गेल। कमांडेंट कहलनि- तस्करी पर प्रभावी अंकुश लगाउ48वीं वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक कमांडेंट राजेंद्र कुमार कहलनि जे भारत-नेपाल सीमा क्षेत्र मे अवैध शराबआ अन्य गैर-कानूनी गतिविधिक विरुद्ध एसएसबी पूरा सतर्कता आ मुस्तैदीक संग कारबाइ कए रहल अछि। ओ सीमा पर तैनात जवान सभ कें सूचनातंत्र मजबूत रखैत तस्करीक गतिविधि पर प्रभावी अंकुश लगयबाक निर्देश देलनि। संगहि, कारबाइ मे शामिल जवान सभक तत्परताक प्रशंसा सेहो कयलनि।

# एसडीएम टोनी कुमारी एससी/एसटी अत्याचार अनुश्रवण समितिक केलनि बैसार

## लंबित मामिलाक शीघ्र निष्पादन आ पीड़ित कें न्याय देबाक देल गेल निर्देश

झंझारपुर, समदिया



अनुमंडल कार्यालयक प्रकोष्ठ मे अनुमंडलीय अनुसूचित जाति/जनजाति अत्याचार अनुश्रवण आ सतर्कता समितिक बैसार आयोजित कयल गेल। बैसारक अध्यक्षता अनुमंडल पदाधिकारी टोनी कुमारी कयलनि। एहि अवसरपर अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी, झंझारपुर अनुमंडलक सभ प्रखंड विकास पदाधिकारी, प्रखंड कल्याण पदाधिकारी, सभ थाना प्रभारी आ अनुश्रवण-सतर्कता समितिक सदस्य उपस्थित छलाह। बैसारक दौरान एसडीएम टोनी कुमारी एससी/एसटी अत्याचार सं जुड़ल दर्ज मामिलाक विस्तार सं समीक्षा कयलनि। ओ लंबित मामिलाक शीघ्र निष्पादन करबाक, पीड़ित कें भेटयवला राहति राशि केर शीघ्र भुगतान करबाक आ अधिनियमक प्रावधानक अंतर्गत देल जायवला सभ सुविधा समय पर उपलब्ध करयबाक निर्देश देलनि। एसडीएमकहलनि जे अनुसूचित जाति आ जनजाति समुदायक लोकक संग कोनो प्रकारक भेदभाव अथवा अत्याचार कदापिसहन नहि कयल जायत। सभ थाना प्रभारी कें एहन मामिला मे त्वरित कारबाइ कए पीड़ित कें न्याय देनाइसुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल। ओतहि प्रखंड कल्याण पदाधिकारी सभ कें अनुसूचित जाति- जनजाति समुदाय मे जागरूकता अभियान चलयबाक आ सरकारक कल्याणकारी योजनाक लाभ समाजक आखरी व्यक्ति धरि पहुंचयबाक लेल आवश्यक पहल करबाक कहल गेल।

# बिहार प्रांतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर यूनियनक बैसार मे ज्वलंत मुद्दा पर आंदोलनक निर्णय

## न्यू बस स्टैंड स्थित पार्टी कार्यालय मे आयोजित कएल गेल बैसार

मधुबनी, समदिया



बिहार प्रांतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर यूनियनक मधेपुर अंचल समितिक तत्वावधान मे 2 सितंबर 2026 (बुधदिन) प्रखंड सह अंचल कार्यालय, मधेपुर पर होमयबला विशाल धरना-प्रदर्शन कें सफल बनेबाक लेल न्यू बस स्टैंड स्थितपार्टी कार्यालय मे तैयारी बैसार भेल। बैसारक अध्यक्षता अजय कुमार अमर कयलनि।जिलाध्यक्ष राम नारायण यादव कहलनि जे राज्यव्यापी कार्यक्रमक अंतर्गत मधेपुर मे 17 सूत्री मांग कें लए कए धरना देल जायत। देश मे महंगाई, बेरोजगारी आ भ्रष्टाचार बेलगाम भए गेल अछि। सरकार मनरेगा कें समाप्त कए वीबी-ग्राम-जी थोपि देने अछि। मांग अछि जे मनरेगा पुनः बहाल कए वर्ष मे 200 दिनक काज आ 600 टका दैनिक मजदूरी देल जाय। ग्रामीण गरीब सं 1200 टका वार्षिक कर, रजिस्ट्री शुल्क मे वृद्धि आ दाखिल-खारिज लेल 200 टका वसूलीक कारी कानून वापस लेल जाय। राशन सं वंचित लोक कें राशन कार्ड देल जाय आ रद्द कार्ड फेर बनाओल जाय। गरीबक सभ कर्ज माफ कयल जाय तथा रसोइया सहित सभ संविदाकर्मी कें नियमित कए न्यूनतम 26 हजारटका वेतन देल जाय।अंचल सचिव मधेपुर हारून कहलनि जे मधेपुर अंचलक समस्या विकराल अछि। परवलपुरक नीमा, रहुआ-संग्रामक रतुआर सहित सभ भूमिहीन कें बासगीत पर्चा देल जाय आ जमीन पर दखल-कब्जा कराओल जाय। लक्ष्मीपुर चौक सं संगत चौक धरि सड़कक जमीन पर भेल रसूखदारक अतिक्रमण तुरंत हटाओल जाय। सिकरिया सं जोड़मा बांध धरि आ चुन्नी गांव मे अतिक्रमणक नाम पर उजाड़ल गेल सैकड़ो गरीब परिवार कें चिन्हित कए बसबाक लेल जमीनदेल जाय। किसान कें यूरिया-डीएपी उचित मूल्य पर उपलब्ध कराओल जाय आ न्यूनतम समर्थन मूल्यक गारंटी देल जाय। भेजा-ललबाराही सहित भवनविहीन विद्यालयक भवन बनाओल जाय। ललबाराही, बोचही मुसहरी, लालू नगर सहित सभ गांव-टोल कें मुख्य सड़क सं जोड़ल जाय। प्रखंडक फर्जी निजी विद्यालय, नर्सिंग होम आ जांच घर पर कारबाइ कयल जाय। बंद नल-जल योजना चालू कए सभ कें स्वच्छ पानि उपलब्ध कराओल जाय तथा न्यू बस स्टैंड,भेजा सहित जलजमाववला गांव मे जलनिकासीक व्यवस्था कयल जाय। राजस्व महाअभियान 2025 केर आवेदनकसत्यापन आ पेंशन, पारिवारिक लाभ तथा कन्या विवाह योजनाक बकाया राशि केर शीघ्र भुगतान कयल जाय। दुनू नेता सभ मजदूर, किसान, छात्र, नवयुवक आ माता-बहिन सभ सं 2 सितंबर कें दिनक 11 बजे प्रखंड कार्यालय, मधेपुर पर हजारक संख्या मे पहुंचि आंदोलन कें सफल बनेबाक अपील कयलनि।

# प्राथमिक विद्यालय तीसी नरसाम मुसहरी मे यूथ आ इको क्लबक गठन

## प्रधान शिक्षिका बच्चा सभ कें देलनि बधाइ आ शुभकामना

बिस्फी, समदिया



एक गाछ मायक नाम कार्यक्रमक अंतर्गत प्राथमिक विद्यालय तीसी नरसाम मुसहरी मे यूथ आ इको क्लबक गठन कयल गेल। विद्यालयक सभागार मे प्रधान शिक्षिका विभा कुमारीक अध्यक्षता मे शिक्षक-शिक्षिका आ छात्र-छात्राक बैठक आयोजित कयल गेल। बैठक मे सर्वसम्मति सं यूथ आ इको क्लबक गठन कयल गेल। क्लब मे विपासा कुमारी, स्वाति कुमारी, शिवानी कुमारी, मनीष कुमार शर्मा, अभिलाषा कुमारी, चांदनी कुमारी, अनुष्का कुमारी, सायमा, साजिया परवीन आ कृष्ण कुमार सहित करीब एक दर्जन छात्र-छात्रा कें शामिल कयल गेल। ओतहि विद्यालयक सभ बच्चा सर्वसम्मति सं यूथ आ इको क्लबक नोडल शिक्षकक रूप मे राजेंद्र पासवान, प्रमिला कुमारी, नाजरीना खातून, रामसागर पंडित आ राघे साहक चयन कयलनि। प्रधान शिक्षिका विभा कुमारी बच्चा सभ कें बधाइ आ शुभकामना देलनि। 'एक गाछ माय केर नाम' कार्यक्रमक दौरान ओ कहलनि जे पर्यावरणक सुरक्षा आ संरक्षण अत्यंत आवश्यक अछि। पर्यावरण कें धरोहरक रूप मे सुरक्षित राखबाक चाही, जाहि सं आगांक पीढ़ी खुलल आ स्वच्छ वातावरण मे स्वस्थ जीवन जी सकय। विद्यालयक सभ बच्चा पर्यावरणक सुरक्षा, बिजलीक खपत कम करब, प्लास्टिकक उपयोग नहि करब, आवश्यकतानुसार पानिक उपयोग करब आ बेसी सं बेसी गाछ-बिरवा लगयबाक संकल्प आ शपथ लेलनि।

# अररिया संग्राम पुलिस हत्याक फरार आरोपित कें पकड़लक, पठाओल जेल

## दहेज हत्या मामिला मे ममियौत भैंसुर गिरफ्तार, अन्य आरोपितक खोजबीन जारी

झंझारपुर, समदिया

अररिया संग्राम थाना पुलिस दहेज हत्या मामिला मे फरार चलि रहल एक आरोपित कें गिरफ्तार कए न्यायिक हिरासत मे पठा देलक अछि। गिरफ्तार आरोपित कें बुधदिन राति हुनकर घर सं पकड़ल गेल। गिरफ्तार आरोपित परसा गांव निवासी फूल कुमार दास छथि, जे मृतकाक ममेरा भैंसुर बताओल गेल छथि। थानाध्यक्ष अर्पण कुमारक अनुसार, गत 6 अगस्त कें परसा गांव मे ससुरालक लोक सभ 24 वर्षीय विवाहिता सोनी कुमारीक बेरहमी सं पिटाइ कए घायल कए देने छल। गंभीर अवस्था मे हुनका डीएमसीएच मे भर्ती कराओल गेल, जतय इलाजक क्रम मे हुनकर मृत्यु भए गेल।घटनाक बाद मृतकाक पिता लौकहीक जमसर भगवानपुर गांव निवासी श्रीकुमार दास अररिया संग्राम थाना मे दहेज उत्पीड़न आ हत्याक मामिला दर्ज करौने छलाह। प्राथमिकी मे पति सहित परिवारक अन्य लोक कें सेहो नामजद आरोपित बनाओल गेल छल। मामिला दर्ज भेलाक बाद सं सभ आरोपित फरार चलि रहल छलाह। एहि क्रम मे पुलिस गुप्त सूचनाक आधार पर छापामारी कए ममेरा भैंसुर फूल कुमार दास कें परसा गांव सं गिरफ्तार कए लेलक। कागजी प्रक्रिया पूरा कयलाक बाद हुनका न्यायिक हिरासत मे पठा देल गेल अछि। पुलिस अन्य फरार आरोपितक गिरफ्तारी लेल लगातार छापामारी कए रहल अछि।

# सीएम साइंस कॉलेज मे 'वृक्ष रक्षा बंधन' कार्यक्रम आयोजित

## पर्यावरणक प्रति प्रेम बढ़ेबाक उद्देश्य सं आयोजित भेल कार्यक्रम

दरभंगा, समदिया




सीएम साइंस कॉलेजक राष्ट्रीय सेवा योजना (एनएसएस) इकाइक तत्वावधान मे बृहस्पतिदिन महाविद्यालयक उद्यान मे 'गाछ रक्षा बंधन' कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। कार्यक्रमक उद्देश्य गाछ-वृक्ष कें रक्षा-सूत्र बान्हि ओकरसंरक्षण, संवर्धन आ पर्यावरणक प्रति प्रेम, दायित्व तथा प्रतिबद्धताक भावना बढ़ायब छल। कार्यक्रम मे महाविद्यालयक शिक्षक, शिक्षकेतर कर्मचारी आ एनएसएस स्वयंसेवक उत्साहपूर्वक सहभागिता देलनि। एहि अवसर पर गाछ-वृक्षक प्रति सम्मान आ संरक्षणक भावनाक अभिव्यक्ति करैत ओकरा संग आत्मीय संबंध स्थापित करबाक संदेश देल गेल। प्रतिभागी सभ गाछ-वृक्ष कें रक्षा-सूत्र बान्हि ओकर सुरक्षा आ देखभाल करबाक संकल्प लेलनि। महाविद्यालयक प्रधानाचार्य प्रो. संजीव कुमार मिश्र अपन संबोधन मे पर्यावरण संरक्षण मे गाछ-वृक्षक महत्व पर प्रकाश देलनि। ओ कहलनि जे पर्यावरण संरक्षण मात्र एक दिनक कार्यक्रम नहि, बल्कि निरंतर निभाओल जायवला सामाजिक दायित्व अछि। ओ विद्यार्थी आ एनएसएस स्वयंसेवक सभ कें वृक्षारोपणक संग लगाओल गाछ-वृक्षक नियमित देखभाल करबाक लेल प्रेरित कयलनि।कार्यक्रमक आयोजन एनएसएस कार्यक्रम पदाधिकारी डॉ. युगेश्वर साहक मार्गदर्शन मे भेल। ओ कहलनि जे वृक्ष रक्षा बंधन प्रकृतिक संग हमर आत्मीय संबंध, पर्यावरणक प्रति संवेदनशीलता आ गाछ-वृक्षक संरक्षणक संकल्पक प्रतीक अछि। ओ सक्रिय सहभागिताक लेल सभ शिक्षक, शिक्षकेतर कर्मचारी आ स्वयंसेवकक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। कार्यक्रम मे डॉ. यूके दास, डॉ. सुजीत कुमार चौधरी, डॉ. आदित्य नाथ मिश्र, डॉ. रवि रंजन, डॉ. रश्मि रेखा, डॉ. अभिषेक शेखर, डॉ. अवध बिहारी यादव आ डॉ. पंकज चौधरी सहित अन्य शिक्षक उपस्थित छलाह। शिक्षकेतर कर्मचारी आ एनएसएस स्वयंसेवक सभ सेहो कार्यक्रम कें सफल बनाबय मे सक्रिय भूमिका निभौलनि। कार्यक्रमक माध्यम सं महाविद्यालय परिसर मे 'गाछ बचाउ, पर्यावरण बचाउ' केर संदेश देल गेल आ प्रकृति संरक्षणक प्रति सामूहिक प्रतिबद्धता कें मजबूत कयल गेल। आयोजन पर्यावरणीय चेतना विकसित करबाक दिस एकटा सार्थक पहल रहल।

# दरभंगा मे ऊर्जा विकास कें भेटत नव गति, केंद्रीय पेट्रोलियम मंत्री हरदीप सिंह पुरी सं सांसदक भेंट

## 3,638 करोड़क सिटी गैस वितरण परियोजना, पाइपलाइन, सीएनजी, पीएनजी आ सिटी गेट स्टेशनक काजक भेल समीक्षा

**दरभंगा, समदिया**



प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे दरभंगा सहित मिथिला क्षेत्र कें विकासक मुख्यधारा सं जोड़बाक काज तेजी सं चलि रहल अछि। दरभंगा, मधुबनी, सुपौल, सीतामढ़ी आ शिवहर मे 3,638 करोड़ टकाक सिटी गैस वितरण परियोजनाक काज चलि रहल अछि। एहि परियोजनाक शुरुआत 15 मार्च 2022 कें भेल छल आ एकरा मार्च 2030 धरि पूरा करबाकलक्ष्य अछि। स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर बृहस्पतिदिन दिल्ली स्थित पेट्रोलियम एवं प्राकृतिक गैस मंत्रालय मे केंद्रीय मंत्री हरदीप सिंह पुरी सं भेंट कयलनि। एहि दौरान दरभंगा आ संपूर्ण मिथिला क्षेत्र मे मंत्रालय सं संबंधित चलि रहल विकास परियोजनाक प्रगति आ विस्तार पर विस्तार सं चर्चा कयल गेल। बैठक मे दरभंगा सहित पांच जिला मे चलि रहल सिटी गैस वितरण परियोजना, प्राकृतिक गैस पाइपलाइन, सिटी गेट स्टेशन, सीएनजी स्टेशन आ घर-घर पाइप द्वारा प्राकृतिक गैस पहुंचयबाक व्यवस्था पर समीक्षा भेल। सांसद केंद्रीय मंत्री सं गैस पाइपलाइन नेटवर्कक विस्तार ग्रामीण क्षेत्र धरि करबाक आग्रह कयलनि। डॉ. ठाकुर कहलनि जे मिथिलाक शहरी आ ग्रामीण क्षेत्रक भविष्यक ऊर्जा आवश्यकता कें ध्यान मे रखैत मजबूत प्राकृतिक गैस संरचना विकसित करबाक आवश्यकता अछि। एहि सं घर, उद्योग, व्यापारिक प्रतिष्ठान, अस्पताल आ होटल सभ कें प्राकृतिक गैसक सुविधा भेटि सकत। ओ दरभंगा मे सीएनजी स्टेशनक संख्या बढ़ेबाक आ प्रमुखमार्ग, महत्वपूर्ण क्षेत्र तथा परिवहन केंद्र कें सीएनजी सुविधा सं जोड़बाक आवश्यकता पर सेहो जोर देलनि। पांच जिलाक एहि परियोजना मे 50 सीएनजी स्टेशन बनयबाक लक्ष्य अछि। सांसद कहलनि जे दरभंगाक बढ़ैत शहरीकरण, विमानपत्तन, एम्स, विश्वविद्यालय, व्यापारिक गतिविधि आ भविष्यक औद्योगिक विस्तार कें देखैत सीएनजीक मजबूत नेटवर्क अत्यंत उपयोगी होयत। ओ कहलनि जे गेलक बरौनी-गुवाहाटी पाइपलाइनक केएसभी-01 सं दरभंगाक लेल जोड़ल गेल अछि। ओतय सं दरभंगा-बहेड़ी धरि 74 किलोमीटर अतिरिक्त स्टील पाइपलाइन बिछाओल गेल अछि। गैस आपूर्तिक लेल 120 किलोमीटर स्टील पाइपलाइन आ 1,200 किलोमीटर एमडीपीआई पाइपलाइन बिछेबाक काज आखरी चरण मे अछि। डॉ. ठाकुर कहलनि जे दरभंगा मे घर-घर गैस कनेक्शन लेल एखन धरि करीब एक लाख लोक आवेदन देलनि अछि, जाहि मे लगभग 50 हजार घर मे पाइपलाइन कनेक्शनक काज पूरा भए चुकल अछि। शेष उपभोक्ताक घर मे सेहो कनेक्शनक काज शीघ्र पूरा करबाक लेल अधिकारी सभ कें निर्देश देल गेल अछि। सांसद 3,638 करोड़क एहि परियोजना कें ऊर्जा क्षेत्र मे परिवर्तनकारी पहल बतबैत कहलनि जे गैस पाइपलाइन, सीएनजी आ पीएनजी नेटवर्कक विस्तार सं आम लोकक संग उद्योग आ व्यापार कें सेहो नव ऊर्जा भेटत।

# मखान प्रसंस्करणक आधुनिक तकनीक सं रूबरू भेलाह किसान

## किसान सभ लेल एक दिवसीय कार्यक्रमक कएल गेल आयोजन

**सहरसा, समदिया**



आईटीसीक मिशन सुनहरा कल मखान विकास कार्यक्रमक अंतर्गत आईटीसी आ कौशल्या फाउंडेशनक संयुक्त तत्वावधान मे किसान सभ लेल एक दिवसीय जानकारी भ्रमणक आयोजन कयल गेल। सिटानाबाद स्थित कोसी एग्रोटेक प्राइवेट लिमिटेड मे आयोजित एहि कार्यक्रमक उद्देश्य किसान सभ कें आधुनिक मखाना भुजबाक आ फोड़बाक मशीनक व्यावहारिक जानकारी देब तथा हुनका मशीनीकृत प्रसंस्करण सं जोड़ब छल। कार्यक्रम मे कहरा, सत्तर कटैया आ नौहट्टा प्रखंडक 13 प्रगतिशील किसान सहभागी भेलाह। भ्रमणक क्रम मेविशेषज्ञ सभ किसान सभ कें आधुनिक मशीनक कार्यप्रणाली, संचालन विधि, उत्पादन क्षमता, प्रसंस्करण दक्षता आ सुरक्षा मानकक विस्तृत जानकारी देलनि। किसान सभ मशीनक माध्यम सं मखाना फोड़बाक आ भुजबाक संपूर्ण प्रक्रिया प्रत्यक्ष रूप सं देखलनि आ तकनीकी पक्ष कें बुझलनि।विशेषज्ञ सभ कहलनि जे मशीनीकरण सं मखाना प्रसंस्करण बेसी तेज, सुरक्षित आ सुव्यवस्थित होइत अछि। एहिसं समयक बचतक संग उत्पादक गुणवत्ता आ उत्पादन क्षमता मे सेहो वृद्धि होइत अछि। आधुनिक तकनीकअपनाकऽ किसान आ स्थानीय उद्यमी नीक मूल्य संवर्धनक माध्यम सं अपन आमदनी बढ़ा सकैत छथि। एहि दौरान किसान सभ प्रसंस्करण इकाईक स्थापना, मशीनक क्षमता आ सुरक्षा मानक सं जुड़ल विभिन्न प्रश्न पूछलनि, जाहिक उत्तर विशेषज्ञ सभ देलनि। आईटीसी प्रतिनिधि सभ कहलनि जे मखाना क्षेत्रक समुचित विकास लेल किसान सभ कें आधुनिक तकनीक सं जोड़ब अत्यंत आवश्यक अछि।

# झोपड़ी मे चलि रहल छल विद्यालय, डीएम पहुंचला तं बच्चा सभ कें मध्य विद्यालय मे कराओल गेल स्थानांतरित

## पंचायत समिति निधि सं झोपड़ीक स्थान पर बनत दू कोठलीक भवन, आइ होयत शिलान्यास

**बेनीपट्टी, समदिया**




जिला पदाधिकारी आनंद शर्मा बृहस्पतिदिन बेनीपट्टी प्रखंडक अरेर दक्षिणी पंचायतक सिनुआरा पहुंचला, जतय नवसृजित प्राथमिक विद्यालय झोपड़ी मे संचालित होइत देखला पर ओ स्थितिक निरीक्षण केलनि। झोपड़ी मे पढ़ि रहल बच्चा सभ कें देखि डीएम प्रधानाध्यापक सं पूछलनि जे एहन स्थिति मे बच्चा सभ कोना पढ़ाइ कए सकत? वर्षाक समय बच्चा सभक पढ़ाइ कोना होयत? ओ विद्यालयक लग उपलब्ध जमीनक विषय मे सेहो जानकारी लेलनि।निरीक्षणक दौरान डीएम कहलनि जे जखन जमीन उपलब्ध अछि तं एतय विद्यालयक भवन किएक नहि बनि सकैत अछि। एहि पर बीडीओ महेश्वर पंडित मुखिया प्रतिनिधि हितेंद्र भंडारी सं आगू आबि पहल करबाक अपील कयलनि। एही बीच पूर्व जिला परिषद सदस्य सह प्रमुख प्रतिनिधि राजेश यादव पंचायत समिति निधि सं विद्यालय लेल दू कोठलीक भवन बनयबाक बात कहलनि। एहि पहल पर डीएम प्रसन्नता व्यक्त करैत कहलनि जे बच्चा देशक भविष्य छथि, तें निर्माण काज शीघ्र शुरू कराओल जाय।डीएम निर्देश देलनि जे जखन धरि भवनक निर्माण पूरा नहि भए जाइत, तखन धरि नवसृजित प्राथमिक विद्यालयक सभ बच्चा मध्य विद्यालय सिनुआरा मे पढ़त। तकर बाद ओ बच्चा सभ कें वाहन सं मध्य विद्यालय पठेबाक निर्देश देलनि आ स्वयं अधिकारी सभक संग पैदल विद्यालय पहुंचलनि।मध्य विद्यालय सिनुआरा मे डीएम एक-एक कोठली मे जा कए शैक्षणिक व्यवस्थाक जायजा लेलनि। एकटा कक्षा मे बच्चा सभक बीच बैसि ओ पढ़ाइक स्थिति पर बातचीत कयलनि आ बच्चा सभ सं प्रश्न पूछि हुनकर समझक सेहोआकलन कयलनि। ओ विद्यालयक चप्पा-चप्पा निरीक्षण करैत कक्षा, शौचालय, चापाकल आ रसोइघरक स्थिति देखलनि। एहि दौरान प्रधानाध्यापक आ बीईओ सं विद्यालय सं संबंधित कतेको महत्वपूर्ण जानकारी सेहो लेलनि। निरीक्षणक क्रम मे डीएम एकटा कक्षा मे पढ़ि रहल बच्ची सं ओकर परिजनक मोबाइल नंबर लेलनि आ फोन कए हुनका सं बातचीत सेहो कयलनि। ओ विद्यालयक व्यवस्था आ बच्चा सभक पढ़ाइ कें लए कए अधिकारी सभ केंआवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। डीएम आनंद शर्मा कहलनि जे झोपड़ी बच्चा सभक पढ़ाइक लेल उचित स्थान नहि छल। पंचायत समितिक ई नीक पहल अछि जे ओ अपन निधिक उपयोग बच्चा सभ लेल भवन निर्माण मे कए रहल अछि। ओ कहलनि जे जखन धरिभवन तैयार नहि भए जाइत, बच्चा सभ मध्य विद्यालय मे पढ़त, जतय पर्याप्त जगह उपलब्ध अछि। विद्यालय सं जुड़ल कतेको समस्या छल, मुदा पूरा गांव भरोसा देलक अछि जे शिक्षा कें सर्वोच्च प्राथमिकता देल जायत। मौका पर एसडीएम शारंग पाणि पांडेय, बीडीओ महेश्वर पंडित, पूर्व जिला परिषद सदस्य सह प्रमुख प्रतिनिधि राजेश यादव, बीईओ मधुकर कुमार, मुखिया प्रतिनिधि हितेंद्र भंडारी, सरपंच प्रमिला देवी सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

# रक्षाबंधन पर सजल मिठाइक दोकान, मिलावट सं सहमल ग्राहक; स्वास्थ्य लेल खतरा

## बाजार मे खोआ, दूध, घी आ अन्य सामग्री सं तैयार मिठाइ मे मिलावट होयबाक आशंका

**जयनगर, समदिया**




भाइ-बहिनक पवित्र प्रेम आ विश्वासक पर्व रक्षाबंधन समीप अबिते जयनगर बाजारक मिठाइक दोकान सभ रंग- बिरंगक मिठाइ सं सजि गेल अछि। बहिन सभ भायक कलाई पर राखी बान्हि मिठाइ खुआबैत हुनकर सुखी, स्वस्थ आ दीर्घायु जीवनक कामना करैत छथि। ओतहि भाय सभ सेहो बहिनक प्रत्येक कठिन घड़ी मे हुनकर रक्षा करबाक संकल्प लैत छथि। पर्वक एहि मिठासक बीच मिलावटखोरक सक्रियता लोकक चिंता बढ़ा रहल अछि। त्योहारी मौसिम मिलावटखोर कारोबारी लेल बेसी नाफा कमयबाक अवसर बनि जाइत अछि। बाजार मे खोआ, दूध, घी आअन्य सामग्री सं तैयार मिठाइ मे मिलावटी अथवा कृत्रिम सामग्रीक उपयोगक आशंका रहैत अछि।जानकारक अनुसार मिठाइ कें आकर्षक बनेबाक लेल कृत्रिम रंग, सुगंध आ घटिया सामग्रीक अत्यधिक उपयोग स्वास्थ्य लेल हानिकारक भए सकैत अछि। विशेष रूप सं कृत्रिम रंग स्वास्थ्य लेल परेशानीक कारण बनि सकैत अछि। डॉ. मुकेश कुमार कहलनि जे दूषित खोआ अथवा खराब सामग्री सं तैयार मिठाइक सेवन सं स्वास्थ्य पर प्रतिकूल प्रभाव पड़ि सकैत अछि। ओ मिठाइ कीनैत समय ओकर गुणवत्ता, रंग, गंध आ स्वच्छता पर ध्यान देबाक सलाह देलनि। मिठाइ सजाबय मे उपयोग होइत वर्कक गुणवत्ता पर सेहो विशेष ध्यान देबाक चाही। एहि बीच दरभंगाक फूड इंस्पेक्टर अशोक कुमार कहलनि जे मिलावटी मिठाइ बेचयवला दोकानदारक विरुद्ध कड़ाकारबाइ कयल जायत। समय-समय पर दोकानदारक मेवा आ अन्य खाद्य सामग्रीक नमूना लए कए जांच लेल प्रयोगशाला पठाओल जाइत अछि। रिपोर्ट मे मिलावट प्रमाणित भेलापर खाद्य अधिनियमक अंतर्गत मामिला दर्ज कए कारबाइ कयल जायत।ओ कहलनि जे सितंबर मे लाइसेंसधारी मिठाइक दोकानदार लेल शिविर लगाओल जायत, जतय मिठाइक राखि- रखाव आ खाद्य सुरक्षा नियमक जानकारी देबाक संग प्रशिक्षण सेहो देल जायत। ग्राहक सभ कें सलाह देल गेल अछि जे पर्वक मिठास सुरक्षित रखबाक लेल प्रतिष्ठित दोकान सं मिठाइ कीनथि आ अत्यधिक चमकीला रंगवला मिठाइ सं सावधानी बरतथि। मिलावट कए आशंका भेलापर संबंधित विभाग कें सूचना देथि।

# संसार पोखरिक लग स्थित महादलित टोलाक डीएम कयलनि निरीक्षण, विद्यालय मे नहि भेटल बच्चा

**बेनीपट्टी, समदिया**

सिनुआरा सं निकललाक बाद जिलाधिकारी आनंद शर्मा बेनीपट्टी नगर पंचायतक संसार पोखरिक लग स्थित महादलित टोलाक निरीक्षण कयलनि। एहि दौरान ओ मुख्य सड़क सं टोला धरि जायबला वैकल्पिक बाटकजायजा लेलनि आ स्थानीय लोक सं हुनकर समस्याक जानकारी लेलनि। तकर बाद डीएम टोला मे स्थित प्राथमिक विद्यालयक निरीक्षण करय पहुंचलाह। विद्यालय मे एको बच्चा उपस्थित नहि छल। दू शिक्षिका सेहो अनुपस्थितछलीह। ओहि समय विद्यालय मे मध्याह्न भोजन सेहो नहि बनल छल। प्रधानाध्यापक सं बच्चा सभक अनुपस्थितिक कारण पूछला पर कहल गेल जे टिफिनक समय बच्चा सभ भोजन करबाक लेल घर गेल अछि। एहि पर डीएम मध्याह्न भोजन नहि बनबाक कारण पूछलनि।मामिला कें गंभीरता सं लैत डीएम प्रभारी प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी मधुकर कुमार कें विद्यालयक गहन जांच कए सांझ धरि प्रतिवेदन देबाक निर्देश देलनि। निरीक्षणक बाद जिलाधिकारी कहलनि जे संसार पोखरिक लग स्थितमहादलित टोला मे आवागमन लेल पक्का बाट नहि रहबाक शिकायत भेटैत छल। स्थानीय प्रशासन लोक सं बातचीत कए फिलहाल वैकल्पिक बाटक निर्माण करौने अछि। टोला मे विद्यालय सेहो अछि, तें मुख्य सड़क सं टोला धरिपुलिया, सुरक्षा दीवार आ पक्का सड़कक निर्माण आवश्यक अछि। एहि लेल नगर एवं आवास विभाग कें अनुशंसाक संग पत्र पठाओल जायत।

### रेलवे अधिकारी सहित सुरक्षा एजेंसीक बैठक स्थगित, 2 सितंबर कें होयबाक संभावना

**जयनगर, समदिया**

जयनगर-जनकपुर सं अयोध्या धरि सीधा चलयवला प्रस्तावित रेलगाड़ी कें लए कए भारत-नेपालक रेलवे अधिकारी सहित सुरक्षा एजेंसीक 26 अगस्त कें होमयबला बैठक स्थगित भए गेल अछि। एहि सं पहिने 23 अगस्त केंप्रस्तावित बैठक सेहो स्थगित कयल गेल छल। अवध सं मिथिला धरि सीधा रेल सेवा शुरू करबाक विषय मे समस्तीपुर डीआरएमक अध्यक्षता मे भारत-नेपालक अधिकारी सभक बैठक जयनगर रेलवे स्टेशन पर होयबाक छल। मुदा दुनू देशक बीच समन्वयक कारण बैठक स्थगित करबाक निर्णय लेल गेल। आब ई बैठक 2 सितंबर कें होयबाक संभावना अछि। ई जानकारी नेपाली रेलवे केर प्रबंध निदेशक परिवेश प्रजुली देलनि।

# जश्न-ए-ईद-ए-मिलादुन्नबीक अवसर पर कार्यक्रम आयोजित



**सोनबरसा/सीतामढ़ी , समदिया**

मुबारकपुर स्थित मदरसा दारुल उलूम सरकारे सुब्बा शाह मे जश्न-ए-ईद-ए- मिलादुन्नबीक अवसर पर बच्चासभक प्रतिभा कैं प्रोत्साहित करबाक लेल कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रम मे क्षेत्रक सम्मानित आ गणमान्य लोकनि सहभागी भेलाह। एहि अवसर पर मो. गफूर (सरपंच), अलीमुद्दीन कादरी, हाफिज मसलहुद्दीन, मास्टर सूफियान, आरिफ दिलशाद, नुरैन, आसिफ, मुशाहिद, लड्डू, अबुलैश, अहमद सहित अन्य लोंक उपस्थित छलाह।कार्यक्रम मे उत्कृष्ट प्रदर्शन करनिहार आ प्रतिभाशाली बच्चासभ कैं पुरस्कृत कयल गेल। आयोजकक कहब छल जे एहि पहल के उद्देश्य बच्चासभ मे शिक्षाक प्रति रुचि आ आगां बढ़बाक उत्साह उत्पन्न करब अछि। मदरसा प्रबंधन सभ अतिथि, अभिभावक आ सहयोगी लोकनिक प्रति आभार व्यक्त कयलक।

# गाछ मे राखी बान्हि बच्चा सभ देलनि पर्यावरण संरक्षणक संदेश

## प्राथमिक विद्यालय सौराक बच्चा सभक अद्भुत पहल, हस्तनिर्मित राखी सं प्रकृतिक प्रति जतौलनि प्रेम

**सीतामढ़ी, समदिया**



रक्षाबंधन पर्व सं पहिने बाजपट्टी प्रखंडक प्राथमिक विद्यालय सौरा मे बच्चा सभ पर्यावरण संरक्षणक अद्भुत संदेशदेलनि। कक्षा 3 सं 5 धरि केर छात्र-छात्रा विद्यालय परिसर मे लागल गाछ-वृक्ष मे अपन हाथ सं तैयार कयल रंग- बिरंगी राखी बान्हि ओकरा अपन रक्षक भाय मानलनि। कार्यक्रम शिक्षिका अजिता भटनागरक नेतृत्व मे आयोजितभेल। बच्चा सभ कला आ शिल्प कक्षाक दौरान कागज, ऊन आ प्राकृतिक सामग्री सं आकर्षक राखी तैयार कयने छलाह। तकर बाद रक्षाबंधनक अवसर पर ओ सभ गाछक तना मे राखी बान्हलनि। एहि सं विद्यालय परिसर मे उत्सव सन वातावरण बनि गेल। शिक्षिका अजिता भटनागर बच्चा सभ कें पर्यावरण संरक्षणक महत्व बुझबैत कहलनि जे जाहि प्रकार भाय सभ हमररक्षा करबाक संकल्प लैत छथि, तहिना गाछ-वृक्ष सेहो हमरा सभ कें प्राणवायु, शुद्ध हवा आ फल-फूल दए जीवन प्रदान करैत अछि। ओ बच्चा सभ कें गाछ-वृक्षक नियमित देखभाल आ सुरक्षा करबाक संकल्प करौलनि। बच्चा सभ सेहो गाछ सभ कें नियमित पानि देबाक आ ओकर रक्षा करबाक जिम्मेदारी लेबाक संकल्प लेलनि। कार्यक्रमक अंत मे बच्चा सभ एक-दोसर कें राखी बान्हि मिठाइ खुआबैत रक्षाबंधनक अग्रिम शुभकामना देलनि। विद्यालयक एहि पहलाक अभिभावक, ग्रामीण आ शिक्षाप्रेमी सभ सराहना कयलनि। लोक सभ कहलनि जे एहन रचनात्मक आयोजन सं बच्चा सभ मे प्रकृति प्रेमक संग सामाजिक जिम्मेदारीक भावना सेहो विकसित होइत अछि।

### महिषी थाना क्षेत्रक लहुआर वार्ड नंबर-6 केर अछि

# सरकारी जमीन अतिक्रमणमुक्त कराबय लेल डीएम सं मांग

**सहरसा, समदिया**



महिषी थाना क्षेत्रक लहुआर वार्ड नंबर-6 निवासी लखन राम जिलाधिकारी कें आवेदन दए बिहार सरकार आ राधा- कृष्ण ठाकुरबाड़ी केर जमीन कें अतिक्रमणमुक्त कराबय तथा महादलित परिवार सभ कें बसाबय लेल मांग कयनेछथि। आवेदन मे कहल गेल अछि जे खाता संख्या 289 केर खेसरा संख्या 110, 111, 175 आ 177 केर जमीन बिहार सरकारक ना मे दर्ज अछि। ओतहि खाता संख्या 235 केर खेसरा संख्या 188 मे 16 डिसमिल जमीन राधा-कृष्ण ठाकुरबाड़ीक ना मे दर्ज अछि। आरोप अछि जे उक्त जमीन पर दबंग लोकनि अवैध कब्जा कए पोखरि, गाछ-गाछ, घर-मकान आ खेती-बाड़ी कए निजी उपयोग मे राखने छथि। आवेदक कहलनि जे खाता संख्या 289 केर खेसरा संख्या 105 मे 9 डिसमिल जमीनक बासगीत पर्चा हुनका प्राप्तअछि। मुदा एकरा बावजूद अतिक्रमण वादक अंतर्गत हुनकर घर तोड़ि जमीन खाली करा लेल गेल। हुनकर आरोप अछि जे 18 लोकक विरुद्ध अतिक्रमणक कारबाइ भेल, मुदा मात्र हुनके घर तोड़ल गेल। ओ मांग कयलनि जे अन्य अतिक्रमणकारीक विरुद्ध सेहो समान रूप सं कारबाइ कयल जाय आ सरकारी जमीनअतिक्रमणमुक्त कराओल जाय। आवेदनक समर्थन मे कैलू राम, उज्ज्वल कुमार, रूबी देवी, संतोष कुमार, कृष्णा कुमार सहित पैघ संख्या मे लोक उपस्थित छलाह।

# समृद्ध महिला—समृद्ध बिहार अभियानक भेल शुभारंभ

## जिलाक 2,194 महिला कें भेटल पहिल किस्त, 2,010 लाभुक कें दोसर किस्त

**सहरसा, समदिया**



महिला सशक्तीकरण, स्वरोजगार कें बढ़ावा देब आ ग्रामीण अर्थव्यवस्था कें मजबूत करबाक उद्देश्य सं 'समृद्ध महिला—समृद्ध बिहार अभियानक राज्यव्यापी शुभारंभ बृहस्पतिदिन कयल गेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी अभियानक उद्घाटन कयलनि। कार्यक्रमक सीधा प्रसारण एनआइसी सभागार मे देखल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता जिलाधिकारी दीपेश कुमार कयलनि। एहि अवसर पर पैघ संख्या मे जीविका दीदी आ संबंधित विभागक पदाधिकारी उपस्थित छलाह। राज्यस्तरीय कार्यक्रमक दौरान मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक अंतर्गत पांच लाख महिला लाभुकक बैंक खाता मे पहिल किस्तक राशि हस्तांतरित कयल गेल। ओतहि जीविका निधिक माध्यम सं 10 हजार लाभुक कें ऋण प्रदान कयल गेल। ग्रामीण क्षेत्र मे रोजगार आ बाजारक अवसर बढ़ेबाक लेल 112 ग्रामीण हाट निर्माण काजक सेहो शुभारंभकयल गेल। जिला मे सेहो योजनाक व्यापक प्रभाव देखय पड़ल। बृहस्पतिदिन जिलाक 2,194 महिला लाभुकक खाता मे पहिल किस्तक राशि अंतरित कयल गेल। पूर्व मे लाभान्वित 3,98,084 महिला कें मिलाकऽ आब धरि कुल 4,00,278 महिला पहिल किस्तक लाभ प्राप्त कए चुकल छथि। ओतहि 2,010 पात्र महिला कें दोसर किस्तक राशिसेहो देल गेल।जीविका निधि सं ऋण लेल जिला मे प्राप्त 209 आवेदन मे 59 आवेदन स्वीकृत भए चुकल अछि, जखन कि 150 आवेदन प्रक्रियाधीन अछि। कार्यक्रमक आरंभ मे जीविका दीदी सभ जिलाधिकारी दीपेश कुमार कें पुष्पगुच्छ दए स्वागत कयलनि। एहि अवसर पर उपविकास आयुक्त गौरव कुमार, जीविकाक डीपीएम श्लोक कुमार सहित अन्य पदाधिकारी उपस्थित छलाह। जिलाधिकारी जीविका दीदी सभ कें संबोधित करैत उद्यमिताक क्षेत्र मे आगू बढ़बाक लेल प्रेरित कयलनि। ओ अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे सरकारी योजनाक लाभ समाजक आखरी पांति मे ठाढ़ प्रत्येक पात्र महिला कें सहज रूप सं पहुंचाओल जाय। ओ कहलनि जे समृद्ध महिला—समृद्ध बिहार अभियान स्थानीय स्तर पर रोजगार सृजन आ महिला कें उद्यमी बनेबाक दिशा मे महत्वपूर्ण मीलक पाथर सिद्ध होयत।

# मंदार : जतय काशी कें महादेव अपन घर बनेने छलाह



कुमार नितेश



**श्रावणी पथ : कड़ी-28**

बासुकीक पीड़ा हमरा सभ कें मंदार धरि खींचि अनलक। समुद्र-मंथनक कथा मे इएह पर्वत मथानी बनल छल आ नागराज बासुकी रज्जु। बासुकीनाथ सं आगू बढ़ैत मंदार सामने आएल तं लागल जना समुद्र-मंथनक पुरान कथा कोनो भूगोल मे साकार भए गेल हो। मुदा मंदार पर पहुंचला पर कथाक दोसर पक्ष सामने अबैत अछि। जाहि पर्वत कें हम समुद्र-मंथन आ विष्णुक स्मृति सं जनैत आएल छी, ओहि पर्वत कें महादेवक निकेतनक रूप मे सेहो स्मरण कएल गेल अछि। मंदार पर आइयो समुद्र-मंथनक स्मृति लोकविश्वास मे जीवित अछि। कालकूट विषक कथा, शंखकुंड आ पर्वत पर महाकाल भैरवक उपस्थिति एहि स्मृति कें विभिन्न रूप मे आगू बढ़बैत अछि। शंखकुंड सं जुड़ल कतेको बात लोकमान्यताक स्तर पर अछि। ओकरा पुराणक प्रमाण कहब उचित नहि होयत। मुदा कोनो पर्वतक स्मृति मात्र ग्रंथ मे नहि बचैत अछि। ओ लोककथा, पूजा-परंपरा आ पीढ़ी-दर-पीढ़ी चलि अबैत आस्था मे सेहो जीवित रहैत अछि।

लिंग पुराण मे मंदारक तपस्या आ महेश्वर सं वर प्राप्त करबाक प्रसंग अबैत अछि –

तपसा तोषितः पूर्वं मंदरेण महेश्वरः।
अविमुक्ते महाक्षेत्रे लेभे स परमं वरम्॥

अर्थात मंदारक तपस्या सं प्रसन्न भए महेश्वर हुनका वर प्रदान केलनि। तकर बाद महादेवक मंदार मे निवासक स्पष्ट उल्लेख भेटैत अछि –

प्रार्थितश्च महादेवो निवासार्थं सहांबया।
अविमुक्तादुपागम्य चक्रे वा सं स मंदरे॥

अर्थात महादेव अंबा सहित अविमुक्त सं अएला आ मंदार मे निवास करए लगला। अविमुक्त काशीक प्राचीन नाम अछि। तें पुराणक एहि कथा मे काशी आ मंदारक संबंध मात्र कोनो सामान्य धार्मिक कल्पना नहि अछि। कथा कहैत अछि जे महादेव अविमुक्त सं मंदार अएला आ अंबा सहित एतय निवास केलनि। एहि अर्थ मे मंदार काशी कें महादेवक निवास-स्मृति कें सेहो अपन भीतर संजोगने अछि। श्रावणी पथ पर चलनिहार कांवरिया सुल्तानगंज सं गंगाजल उठबैत छथि। आगू देवघर मे वैद्यनाथ छथि, बासुकीनाथ मे बासुकीक स्मृति अछि आ ओही विस्तृत भूगोल मे मंदार अबैत अछि, जतय पुराण महादेवक निवासक चर्चा करैत अछि। जल लए वैद्यनाथ दिस बढ़ैत आधुनिक यात्राक पाछां आब एकटा विस्तृत पौराणिक भूगोल सेहो देखाइ पड़ैत अछि। मंदारक शैव स्वरूप अंधकासुरक कथा मे आर गहींर भए जाइत अछि। अंधक सं भयभीत देवता नारायण कें आगू कए मंदार मे अएला आ महेश्वरक शरण लेलनि –

विविशुर्मंदरं भीता नारायणपुरोगमाः।

अर्थात भयभीत देवता नारायण कें आगू कए मंदार मे प्रवेश कए गेलाह। एतहि शिव आ अंधकक संघर्ष भेल आ महादेव अपन त्रिशूल सं अंधकक वध केलनि। एहि प्रसंग मे मंदार मात्र समुद्र-मंथनक स्मृति नहि रहि जाइत अछि, बल्कि शिवक प्रताप आ शरणस्थलीक रूप मे सेहो सामने अबैत अछि। मुदा महादेव कें मंदार मे सदा नहि रहबाक छल। हुनका काशी घुरबाक छलनि। स्कंद पुराणक काशी खंड मे मंदरस्थ महादेवक काशी प्रति एहि उत्कंठाक प्रसंग अबैत अछि। मंदार मे रहैत महादेव कें फेर अपन अविमुक्त धामक स्मरण भेल। काशी लौटबाक समय आएल तं मंदार हुनकर वियोग सं व्याकुल भए उठल। एतहि सं कथाक सभ सं मार्मिक प्रसंग आरंभ होइत अछि। महादेव जाइत काल मंदार कें रिक्त नहि छोड़लनि। ओ ओतहि अपन एकटा अविनाशी स्वरूप स्थापित केलनि –

स्थापयित्वा तु तत्रैव मंदारेश्वरमव्ययम्।
उवाच भगवान्छंभुर्मंदारं विरहाकुलम्॥

भगवान शंभु ओतहि अविनाशी मंदारेश्वरक स्थापना कए अपन वियोग सं व्याकुल मंदार सं कहलनि। महादेव काशी घुरि रहल छलाह, मुदा मंदार सं अपन संबंध तोड़ि नहि रहल छलाह। अपन प्रस्थानक बादो ओतय अपन स्वरूप रहि गेल। ओ स्वरूप मंदारेश्वर कहल गेल।

तकर बाद महादेव मंदारेश्वरक महिमा जाहि प्रकारें कहलनि, से एहि संपूर्ण कथाक सभ सं महत्वपूर्ण बिंदु अछि—

वाराणस्यां हि यत्पुण्यं तदत्रैव लभेन्नरः।
मंदारेश्वरलिङ्गस्य दर्शनात्स्पर्शनादपि॥

अर्थात वाराणसी मे जे पुण्य प्राप्त होइत अछि, से मंदारेश्वर लिंगक दर्शन आ स्पर्श सं सेहो प्राप्त होइत अछि। एतहि मंदारक धार्मिक पहिचान अनचोके आर गहींर भए जाइत अछि। महादेव मंदारेश्वरक महिमा कें कोनो सामान्य तीर्थक समान नहि बतौलनि। ओ हुनकर दर्शन आ स्पर्श सं प्राप्त होमयबला फल कें वाराणसीक पुण्यक समान कहलनि। काशी विश्वनाथक नगरी अछि। तें मंदारेश्वर कें वाराणसीक समान पुण्यदायी कहनिहार शिवक ई वचन मंदार आ काशीक बीच एकटा असाधारण धार्मिक सेतु निर्मित करैत अछि। वर्तमान मंदारेश्वर काशी विश्वनाथ मंदिर कें भव्य स्वरूप देबाक पहल एहि धार्मिक भूगोल कें एकटा नव आयाम दैत अछि। मंदिरक भूमि-पूजन आ शिलान्यास भए चुकल अछि। निर्माणक अनुमानित लागति लगभग 38 करोड़ टका कहल जाइत अछि आ एकरा लेल श्रद्धालुसभक सहयोग आ समर्पण निधिक बात सामने आएल अछि। मुदा वर्तमान मंदिरक स्थापत्य अथवा ऐतिहासिक निरंतरता कें पुराण मे वर्णित स्थापनाक प्रत्यक्ष प्रमाण मानब एखन उचित नहि होयत। पुराणक कथा आ वर्तमान निर्माण कें संकेतक स्तर पर पढ़ब बेसी संयमित दृष्टि होयत। फेरो पुराणक कथन स्पष्ट अछि – महादेव मंदार मे मंदारेश्वरक स्थापना केलनि आ एकर पूजाक फल कें वाराणसीक पुण्य सं जोड़लनि। श्रावणी पथ पर चलैत एहि संबंधक अर्थ आर गहींर भए जाइत अछि। सुल्तानगंज मे अजगैबीनाथ छथि, देवघर मे वैद्यनाथ छथि, बासुकीनाथ मे बासुकीक स्मृति अछि आ एहि यात्राक विस्तार मे मंदार अबैत अछि, जतय पुराण महादेवक निवास आ मंदारेश्वरक स्थापनाक कथा सुनबैत अछि।

शिवपुराण मे लिंग-पूजाक फल संबंधी एकटा अलग विधान सेहो भेटैत अछि –

एकं लिङ्गं पापहरं द्वे लिङ्गेऽर्थप्रदे नृणाम्।
त्रीणि लिङ्गानि सर्वेषां सर्वकामफलप्रदानि॥
चत्वारि मुक्तिदानि स्युः पूजितानि न संशयः॥

अर्थात एक लिंगक पूजा पापहरण कएनिहार, दू लिंगक पूजा अर्थ प्रदान कएनिहार, तीन लिंगक पूजा सभ कामनाक पूर्ति कएनिहार आ चारि लिंगक पूजा मुक्ति प्रदान कएनिहार कहल गेल अछि। शिवपुराण मे पार्थिव लिंगक संख्याक अनुसार सेहो पूजाक अलग-अलग फल बताओल गेल अछि। एहि सं बुझाइत अछि जे शिव-आराधना कोनो एकटा स्थायी मंदिर अथवा एकहि लिंग धरि सीमित नहि अछि। माटि सं बनाओल पार्थिव लिंग मे सेहो ओही शिवत्व कें प्रतिष्ठित कएल जा सकैत अछि। आइयो 108 अथवा 1008 पार्थिव लिंग बना कए अभिषेक करबाक परंपरा एहि व्यापक साधना-संस्कृतिक जीवित स्मृति अछि। मुदा एहि विधान मे चारि लिंगक नाम नहि देल गेल अछि। तें अजगैबीनाथ, वैद्यनाथ, बासुकीनाथ आ मंदारेश्वर कें शास्त्र मे वर्णित ओही चारि लिंग कहब उचित नहि होयत। हं, श्रावणी पथक भूगोल मे एहि शिवस्थल सभक एक संग आबि पड़ब एकटा अलग सांस्कृतिक अर्थ अवश्य उत्पन्न करैत अछि। इएह एहि यात्राक सौंदर्य सेहो अछि। एकहि बाट पर लोक आ पुराणक कतेको धारा सभ एक-दोसरा सं मिलैत अछि। कतहु गंगाजल अछि, कतहु वैद्यनाथक ज्योतिर्लिंग परंपरा, कतहु बासुकीक स्मृति आ कतहु ओ पर्वत अछि जाहि पर्वत कें समुद्र-मंथनक मथानीक रूप मे स्मरण कएल जाइत अछि आ जाहि पर्वत कें लिंग पुराण महादेवक निकेतन कहैत अछि। बासुकीक पीड़ा सं शुरू भेल यात्रा मंदार पर आबि कए एकटा नव बात बुझबैत अछि – मंदार मात्र मंथनक पर्वत नहि अछि। ओ महादेवक निवासक स्मृति सेहो अछि। शायद एहि कारणें मंदार कें मात्र समुद्र-मंथनक मथानीक रूप मे देखब ओकर अर्थ कें छोट कए देत। जाहि पर्वत कें हम मंथनक धुरीक रूप मे जनैत छी, वएह पर्वत महादेवक घर सेहो बनल छल। मुदा पुराणसभक ई मंदाराचल आजुक अंगभूमि-बला मंदार सं कोना जुड़ैत अछि? ई अगिला प्रश्न अछि। आ एकर उत्तर मंदार-क्षेत्र माहात्म्यक ओहि परंपरा मे भेटत, जतय एहि पर्वतक अपन भूमि, अपन भूगोल आ अपन तीर्थ-स्मृति सामने अबैत अछि।

# नेपाल मे कहिया भेटत मधेशी कें सम्मान?



प्रदीप कुमार नायक

नेपाल एकटा माला अछि, जाहि मे हिमाल मोती, पहाड़ धागा आ तराई फूल अछि। हिमाल, पहाड़ आ तराईक एहि संगम मे बोली, पहनावा आ पर्व-त्योहार बदलैत अछि, मुदा देशक हृदय एक्के संग धड़कैत अछि। तैयो कतेको दशक सं तराई मे एकटा प्रश्न निरंतर गूंजैत रहल अछि – नेपाल मे मधेशी कें सम्मान कहिया भेटत? ई प्रश्न घृणा सं नहि, अपनापनक अभाव सं उपजल अछि। पीड़ा तखन होइत अछि, जखन एकहि देशक नागरिक होइतहुं बेर-बेर अपन नागरिकता आ अपन माटि सं संबंध प्रमाणित करए पड़ैत अछि। नेपालक दक्षिणी भूभाग मे अवस्थित मधेश उर्वर धरती अछि। एतय मैथिली, भोजपुरी, अवधी आदि भाषा बाजल जाइत अछि। छठिक उल्लास, जनकपुरक धार्मिक महत्त्व, थारू संस्कृति आ मुस्लिम समाजक परंपरा एहि क्षेत्रक विविधता कें समृद्ध बनबैत अछि। नेपालक पैघ जनसंख्या एहि तराई क्षेत्र मे रहैत अछि। खेती, व्यापार, श्रम आ सीमापारक कारोबार मे मधेशक महत्वपूर्ण योगदान अछि, मुदा देशक समग्र चित्र मे एहि क्षेत्रक उपस्थिति अपेक्षाकृत कमजोर देखाइ पड़ैत रहल अछि। पुरान समय मे सेहो शासनक केंद्र काठमांडू छल। तराई कर दैत छल, अन्न दैत छल, सैनिक दैत छल, मुदा निर्णय प्रक्रिया मे ओकर भागीदारी सीमित छल। राणा शासन समाप्त भेल, लोकतंत्र आएल, राजतंत्र गेल आ गणतंत्र स्थापित भेल, मुदा मधेशक उपेक्षाक पीड़ा पूरा तरहें समाप्त नहि भेल। विद्यालयक पाठ्यपुस्तक मे पहाड़क वीर सभक चर्चा अधिक छल, तराईक शहीद आ इतिहास कें अपेक्षित स्थान नहि भेटल। मैथिली सन समृद्ध भाषा कें सेहो प्रायः लोकभाषा कहि सीमित कए देल गेल। मधेशी कें भारतीय कहि संबोधित करब एहि पीड़ाक सभ सं संवेदनशील पक्ष रहल अछि। सीमापार रोटी-बेटीक संबंध सदियो सं रहल अछि। तैयो मधेशक विवाह, भाषा आ आवागमन कें शंकाक दृष्टि सं देखल गेल। कोनो युवा अपन उपनाम यादव, मंडल अथवा शाह लिखैछ तं ओकर नागरिकताक प्रमाण मांगल जाइत आ मैथिली मे



कविता सुनौनिहार छात्रा कें कहल जाइछ जे ई नेपाली नहि अछि। एहि प्रकारक व्यवहार धीरे-धीरे गहींर सामाजिक घाव मे बदलैत गेल। सन 2007 मे तराई मे व्यापक आंदोलन भेल। संघीयता, प्रतिनिधित्व आ अधिकारक मांग उठल। तकर बाद संविधान सभा बनल आ नव संविधानक आशा जागल। मुदा सन 2015 मे संविधान जारी होइत काल नागरिकता, प्रतिनिधित्व आ सीमांकनक प्रश्नपर तराई मे पुनः असंतोष पसरल। पांच मास धरि आंदोलन चलल, जनजीवन प्रभावित भेल आ कतेको परिवार अपन सदस्य कें गमौलनि। तकर बाद संविधान मे महत्वपूर्ण परिवर्तन भेल। प्रदेश नंबर दू कें मधेश प्रदेशक नाम भेटल। मैथिली, भोजपुरी कें राष्ट्रीय भाषाक मान्यता देल गेल आ समावेशिकता तथा आरक्षणक सिद्धांत कें स्थान भेटल। मुदा कानून बनि जायब आ ओकर प्रभावी कार्यान्वयन दू अलग बात अछि। आइयो तराइक कतेको परिवार नागरिकताक प्रमाणपत्रक समस्या सं जूझि रहल छथि। नागरिकता नहि रहला पर नोकरी, पासपोर्ट, जमीन-जायदाद आ अन्य सरकारी सुविधा मे कठिनाइ होइत अछि। सरकारी सेवा मे समावेशिकताक प्रावधान होइतहुं उच्च प्रशासन, सेना आ पुलिसक महत्वपूर्ण पद सभ मे मधेशीक पर्याप्त प्रतिनिधित्वक प्रश्न एखनहुं बनल अछि। सम्मानक मूल प्रश्न मानसिकताक अछि। तराईक बाढ़ि कें जं प्रत्येक वर्षक नियति मानि लेल जाएत आ मधेशक आवाज कें मात्र उग्रता कहि टारि देल जाएत तं समानताक भावना कोना विकसित होयत? समाचार माध्यम सभ मे तराइक समाचार प्रायः अपराध आ आंदोलन धरि सीमित नहि रहय; ओतुका साहित्य, संगीत, खेल, व्यापार आ उपलब्धि सभ कें सेहो समान स्थान भेटबाक चाही। सम्मानक अर्थ मात्र अधिकार नहि अछि। सम्मान तखन अछि जखन मैथिली बजनिहार कें कम नेपाली नहि बुझल जाए। इतिहासक पुस्तक मे जनकपुर कें सम्मानक संग स्थान भेटय। सरकारी काज आ विज्ञापन मे मैथिली आ अन्य भाषा कें सेहो उचित महत्त्व भेटय। तराइक किसान देशक झंडा कें अपन झंडा बुझय, पराया नहि। पिछला किछु वर्ष मे परिवर्तन सेहो भेल अछि। मधेश प्रदेश बनल, स्थानीय नेतृत्व उभरल, मैथिली मे फिल्म, साहित्य आ डिजिटल माध्यमक विस्तार भेल। मधेशक डॉक्टर, अभियंता, पायलट, शिक्षक आ अन्य पेशाक लोक पूरा नेपाल मे योगदान दए रहल छथि। मुदा एखन उद्योग, विश्वविद्यालय, अस्पताल, स्थायी बाढ़ि-नियंत्रण, रोजगार आ सुशासनक क्षेत्र मे बहुत काज बांकी अछि। एहि परिवर्तन मे सरकारक संग मधेशी नेतृत्वक सेहो जिम्मेदारी अछि। आंदोलन अधिकारक आवाज बनि सकैत अछि, मुदा शासन विकासक आधार बनैत अछि। शिक्षा, स्वास्थ्य, पारदर्शिता आ भ्रष्टाचार-मुक्त प्रशासनपर ध्यान देब आवश्यक अछि। दलित, मुस्लिम, थारू आ अन्य समुदाय कें संग लए कए चलनाइ मधेशी नेतृत्वक महत्वपूर्ण दायित्व अछि। समान रूप सं समाजक मानसिकता सेहो बदलए पड़त। पहाड़क लोक कें बुझए पड़त जे मैथिली बजनिहार कम नेपाली नहि छथि आ मधेशक लोक कें सेहो बुझए पड़त जे पहाड़ी समाज ओकर शत्रु नहि अछि। तीज मे जनकपुर प्रसन्न हो आ छठि मे पोखरि पर दीप जराबय – एहि भावना सं नेपालक एकता मजबूत होयत। आजुक युवा नारा नहि, अवसर चाहैत अछि; भाषण नहि, शिक्षा चाहैत अछि; सहानुभूति नहि, बराबरी चाहैत अछि। ओ बुझैत अछि जे क्रोध सं दूरी बढ़ैत अछि, संवाद सं सेतु बनैत अछि। तें सम्मान कहिया भेटत केर उत्तर कोनो निश्चित तिथि मे नहि, बल्कि सामूहिक इच्छाशक्ति मे अछि। जाहि दिन मधेशी माय अपन बेटा कें ई नहि कहत – तू मधेशी छह, सावधान रहिह, बल्कि गर्व सं कहत जे आगू बढ़, तूं नेपाली छह। जाहि दिन संसद मे बहस चेहरा नहि, मुद्दा पर होयत आ विद्यालय मे मैथिली कविता नेपाली कविताक समान सम्मान सं पढ़ाओल जाएत, ओहि दिन बुझू जे मधेशी कें वास्तविक सम्मान भेटि गेल। नेपाल तखने पूर्ण होयत जखन हिमाल, पहाड़ आ तराई अपन-अपन पहिचानक संग समान सम्मान पाबय। मधेश कें सम्मान देब वास्तव मे नेपालक एकता कें मजबूत करब अछि। सरकार नीति बदलय, समाजक सोच बदलय आ मधेश अपन जिम्मेदारी निभाबय – तीनू संग चलत तं सभक नेपालक सपना अवश्य साकार होयत।

# भारत मे स्वाइन फ्लू वायरस (एच1एन1) फेर सुर्खी मे

किशन सनमुखदास भावनानी



कोविड-19 महामारीक बाद संसारक लोक मात्र एकटा वायरस सं नहि, बल्कि स्वास्थ्य संबंधी भय आ अनिश्चितताक एहन दौर सं परिचित भेल, जकर प्रभाव आइयो लोकक मानसिकता मे देखाइ पड़ैत अछि। कोनो नव संक्रमणक नाम सामने अबिते मोन मे पहिल प्रश्न उठैत अछि - की फेर कोनो महामारी आबए बला अछि? भारत मे एहि समय मौसमी इन्फ्लुएंजा, विशेष रूप सं एच1एन1 वायरसक बढ़ैत मामिलाक बीच किछु एहन वातावरण देखाइ पड़ि रहल अछि। दिल्ली, कर्नाटक आ महाराष्ट्र सहित किछु राज्य मे संक्रमणक गतिविधि बढ़ला सं स्वास्थ्य तंत्र सतर्क भेल अछि। मुदा उपलब्ध सरकारी आ वैज्ञानिक आकलनक संदेश स्पष्ट अछि - वर्तमान स्थिति कें नव महामारीक रूप मे देखबाक कोनो आधार नहि अछि। आवश्यकता घबरेबाक नहि, बल्कि निगरानी आ तैयारी कें मजबूत करबाक अछि।

25 अगस्त 2026 कें केंद्रीय स्वास्थ्य एवं परिवार कल्याण मंत्रालय, स्वास्थ्य अनुसंधान विभाग आ भारतीय आयुर्विज्ञान अनुसंधान परिषदक दिस सं एच1एन1क स्थिति स्पष्ट कएल गेल। भारतीय आयुर्विज्ञान अनुसंधान परिषदक महानिदेशकक अनुसार वर्तमान मे देश मे सक्रिय एच1एन1 वायरस कोनो नव अथवा असामान्य रूप सं खतरनाक स्वरूपक संकेत नहि दए रहल अछि। सरकारक निगरानी व्यवस्था मे वायरसक आनुवंशिक स्वरूपक निरंतर जांच सेहो भए रहल अछि। उपलब्ध विश्लेषणक अनुसार वर्तमान वायरस एच1एन1 पीडीएम09क परिचित मौसमी स्वरूप सं संबंधित अछि। तें एकरा 2009 जकां नव वैश्विक महामारीक वापसी मानब वैज्ञानिक रूप सं उचित नहि होयत।

स्वाइन फ्लू नाम आम लोक मे एखनहुं अत्यधिक प्रचलित अछि, मुदा वैज्ञानिक दृष्टि सं एच1एन1 पीडीएम09 आब मनुष्य मे फैलनिहार मौसमी इन्फ्लुएंजा वायरस अछि। 2009 मे जखन ई नव वायरस सामने आएल छल, तखन एकरा वैश्विक महामारीक रूप भेटल छल। बादक वर्ष सभ मे ई मानव आबादी मे स्थापित भए गेल आ मौसमी इन्फ्लुएंजाक वायरस सभ मे सम्मिलित भए गेल। एकर अर्थ ई नहि जे वायरस समाप्त भए गेल। ई मौसिम आ स्थानीय परिस्थितिक अनुसार संसारक विभिन्न भाग मे अलग-अलग समय पर सक्रिय होइत रहैत अछि। इन्फ्लुएंजा वायरस समयक संग छोट-छोट आनुवंशिक परिवर्तन करैत रहैत अछि, जाहि कें वैज्ञानिक एंटीजेनिक ड्रिफ्ट कहैत छथि। ई मौसमी इन्फ्लुएंजाक सामान्य विशेषता अछि। मुदा जं वायरस मे एहन पैघ परिवर्तन हो जे ओकर संक्रमण क्षमता, गंभीरता अथवा मानव प्रतिरक्षा सं बचबाक क्षमता असामान्य रूप सं बढ़ा दे, तं ई गंभीर सार्वजनिक स्वास्थ्य चिंता बनि सकैत अछि। वर्तमान भारतीय निगरानी मे एहन कोनो असामान्य परिवर्तन सामने नहि आएल अछि। तें विशेषज्ञ वर्तमान स्थिति कें सतर्क निगरानी योग्य मौसमी उछाल मानि रहल छथि, नव महामारी नहि।

भारत मे चिंता पूर्णतः नगण्य सेहो नहि अछि। उपलब्ध रिपोर्टक अनुसार दिल्ली मे एहि वर्ष एच1एन1क मामिला मे उल्लेखनीय वृद्धि भेल अछि आ 25-26 अगस्तक आसपास उपलब्ध आंकड़ा मे संख्या 2,300 सं बेसी बताओल गेल। कर्नाटकमे सं 4,000 सं बेसी प्रयोगशाला-पुष्ट मामिला सामने आएल अछि। महाराष्ट्रक मुंबई आ पुणे सहित किछु क्षेत्र मे सेहो मौसमी इन्फ्लुएंजा आ वायरल संक्रमण कें लए कए स्वास्थ्य विभाग निगरानी बढ़ौने अछि। केरल, तमिलनाडु आ अन्य राज्य सभ मे सेहो इन्फ्लुएंजा-जेकां बेमारीक मामलापर नजरि राखल जा रहल अछि। अलग-अलग राज्य मे जांचक मात्रा, रिपोर्टिंग प्रणाली आ परिभाषा मे भेद रहबाक कारण मात्र मामिलाक संख्या देखि कए बेमारीक गंभीरताक सीधा निष्कर्ष निकालब उचित नहि होयत। मुदा रोगीक संख्या बढ़ला पर अस्पतालक बाह्य रोगी सेवा पर दबाव बढ़ि सकैत अछि। एहि लेल रोगीक प्राथमिक छंटनी, संदिग्ध रोगीक लेल अलग व्यवस्था, संक्रमण नियंत्रण, ऑक्सीजनक उपलब्धता, गंभीर रोगीक लेल गहन चिकित्सा सुविधा आ आवश्यक औषधीक पर्याप्त भंडार महत्वपूर्ण अछि। भारतक लेल भारतीय आयुर्विज्ञान अनुसंधान परिषद आ स्वास्थ्य मंत्रालयक प्रयोगशाला निगरानी तंत्र एकटा महत्वपूर्ण सुरक्षा कवच अछि। वायरस अनुसंधान एवं निदान प्रयोगशालाक माध्यम सं इन्फ्लुएंजाक नमूनाक जांच आ वायरसक आनुवंशिक स्वरूपक निगरानी कएल जाइत अछि। कोनो संभावित नव अथवा असामान्य स्वरूपक पहिचान मे एहि व्यवस्थाक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। एहि निगरानी कें बेसी व्यापक, तीव्र आ पारदर्शी बनायब समयक आवश्यकता अछि। एच1एन1क खतरा सभ लोक लेल समान नहि अछि। स्वस्थ वयस्क मे संक्रमण प्रायः हल्का रहि सकैत अछि, मुदा वृद्ध, गर्भवती महिला, छोट बच्चा तथा अस्थमा, मधुमेह, हृदय, गुर्दा अथवा अन्य गंभीर रोग सं पीड़ित लोक मे जटिलताक खतरा बेसी भए सकैत अछि।

# हिमालयक कोप आ मिथिलाक भय : नेपालक बाढ़ि दए रहल अछि पैघ चेतावनी



सच्चिदानंद सच्चू

हिमालय मात्र पहाड़ नहि अछि। ई उत्तर भारतक करोड़ो लोकक जीवन, खेती, नदी आ सभ्यताक आधार अछि। मुदा जखन हिमालयक बर्फ, ग्लेशियर, झील आ पहाड़ अपन संतुलन गमाबय लगैत अछि, तखन ओकर प्रभाव पहाड़क सीमा मे नहि रुकैत अछि। नेपालक चीन-सीमा लग 26 अगस्त 2026 कें आयल विनाशकारी बाढ़ि एहि सत्य कें फेर एक बेर सामने अनलक। अनचोके आयल पानिक प्रचंड लहरि सड़क, पुल, घर, बाजार आ जलविद्युत परियोजना कें बहा लेलक। मृतकक संख्या 165 धरि पहुंचि गेल अछि आ सैकड़ो लोक एखनहुं लापता छथि। पहिने ई आशंका व्यक्त कयल गेल जे तिब्बत मे कोनो ग्लेशियर झील फुटल होयत। मुदा उपग्रह चित्र आ वैज्ञानिक विश्लेषण सं आब संकेत भेटि रहल अछि जे ल्हेंदे नदीक ऊपरी भाग मे ग्लेशियरक बड़का हिस्सा बर्फ-पाथरक संग खसि पड़ल। एहि सं नदीक प्रवाह बाधित भेल आ अस्थायी रूप सं पानि जमा भेलाक बाद अनचोके बांध टूटबा सन प्रचंड बाढ़ि नीचां दिस दौड़ल। अमेरिकी भू-गर्भ सर्वेक्षणक विश्लेषण सेहो एहि घटना कें भूकंप नहि, बल्कि ग्लेशियरक पतन सं उत्पन्न भूकंपीय संकेत मानैत अछि। एहि घटना मे एकटा दोसर महत्वपूर्ण तथ्य सेहो अछि। ल्हेंदे खोला भोटेकोशी नदी-तंत्र सं जुड़ल अछि। भोटेकोशी आगू त्रिशूली नदीक प्रणाली मे जाइत अछि आ देवघाट लग कालीगंडकी सं मिलि नारायणी बनैत अछि। नारायणी भारत मे प्रवेश कए गंडक बनैत अछि। तें नेपालक एहि बाढ़िक असरि कें बिहारक गंडक घाटी मे गंभीरता सं देखल जा रहल अछि। बिहार मे विशेष रूप सं पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, सारण, मुजफ्फरपुर आ आसपासक क्षेत्र मे सतर्कता बढ़ाओल गेल अछि। वाल्मीकिनगर गंडक बराजक सभ 36 गेट खोलि जलप्रवाह कें नियंत्रित करबाक प्रयास सेहो कयल गेल। मुदा एतय एकटा भ्रम दूर करब आवश्यक अछि। एहि विशेष घटनाक बाढ़िक पानि सीधे कोसी नदी मे नहि जाइत अछि। भोटेकोशी-त्रिशूली-नारायणीक मार्ग गंडक नदी-तंत्र सं संबंधित अछि। कोसी, बागमती, कमला, बूढ़ी गंडक आदि अपन-अपन नदी-तंत्र छथि। तैयो मिथिलाक चिंता बेबुनियाद नहि अछि, कारण उत्तर बिहारक अधिकांश प्रमुख नदीक जलग्रहण क्षेत्र हिमालय मे अछि। बिहार सरकारक बाढ़ि प्रबंधन संबंधी तथ्य सेहो बतबैत अछि जे कोसी, गंडक, बागमतीलान, महानंदा आदि नदीक जलग्रहण क्षेत्रक महत्वपूर्ण हिस्सा नेपाल/तिब्बत मे पड़ैत अछि। नेपाल बेर-बेर हिमालयक कोपक शिकार किएक बनैत अछि? एकर उत्तर हिमालयक भौगोलिक बनावट मे नुकायल अछि। हिमालय विश्वक अपेक्षाकृत नव आ भूगर्भीय रूप सं अस्थिर पर्वतश्रेणी अछि। ढलान बहुत तीव्र अछि, नदीक घाटी गहींर अछि आ भूस्खलनक संभावना सदिखन बनल रहैत अछि। ताहि पर सं जलवायु परिवर्तनक दबाव बढ़ि रहल अछि। तापमान बढ़ला सं ग्लेशियर तेजी सं पिघलि रहल अछि, नव ग्लेशियर झील बनि रहल अछि आ पुरान झीलक आकार बढ़ि रहल अछि। कमजोर बर्फ आ मोरेनक प्राकृतिक बांध टूटला पर जीएलओएफ अर्थात ग्लेशियल लेक आउटबर्स्ट फ्लड उत्पन्न भए सकैत अछि। नेपाल मे एहि तरहक घटना पहिने सेहो भए चुकल अछि। 2025 मे ल्हेंदे नदी क्षेत्र मे ग्लेशियर झीलक अनचोके जलनिकास सं बाढ़ि आयल छल, जाहि मे लोकक मृत्यु भेल आ सड़क-पुल सहित महत्वपूर्ण संरचना



क्षतिग्रस्त भेल। 2026 केर घटना एहि बातक संकेत अछि जे एकहि क्षेत्र मे कम समयक भीतर दोबारा एहन आपदा आबि सकैत अछि। सब सं पैघ प्रश्न अछि – मिथिला एहि कोप सं कोना बांचत? एकर उत्तर मात्र तटबंध ऊंच करब नहि अछि। पहिल आवश्यकता अछि हिमालयक ऊपरी क्षेत्र मे अत्याधुनिक निगरानी व्यवस्था। ग्लेशियर, झील, बर्फक बांध आ नदीक जलस्तरक चौबीसों घंटा उपग्रह, रडार आ स्वचालित सेंसर सं निगरानी होअय। नेपाल, भारत आ चीनक बीच वास्तविक समय मे जल-सूचना साझा करबाक मजबूत व्यवस्था बनबाक चाही। दोसर, नदीक निचला क्षेत्र मे मात्र बाढ़ि आएलाक बाद राहतिक तैयारी पर्याप्त नहि अछि। संभावित बाढ़िक पूर्व चेतावनी गाम धरि मोबाइल संदेश, सायरन, स्थानीय प्रशासन आ पंचायतक माध्यम सं तुरंत पहुंचबाक चाही। तेसर, नदीक प्राकृतिक मार्ग, जलनिकासी क्षेत्र आ पुरान धार मे अनियंत्रित निर्माण पर रोक आवश्यक अछि। चारिम, मिथिलाक लोक कें सेहो ई मानि कए चलबाक चाही जे हिमालय मे घटित घटना मात्र नेपालक समस्या नहि अछि। हिमालय मे जे होइत अछि, ओकर प्रतिध्वनि कोनो-ने-कोनो रूप मे मिथिला धरि पहुंचि सकैत अछि। आइ गंडकक चिंता अछि, काल्हि कोनो दोसर हिमालयी नदीक संकट सामने आबि सकैत अछि। जलवायु परिवर्तन एहि संकट कें आओर गंभीर बना रहल अछि। 2026 केर एकटा वैज्ञानिक समीक्षा अनुसार हिमालय-कर्कोरम क्षेत्र मे ग्लेशियरक तीव्र क्षय, ग्लेशियर झीलक विस्तार आ हिमस्खलन सं जीएलओएफ केर खतरा बढ़ि रहल अछि। एहि लेल नेपालक वर्तमान त्रासदी कें मात्र एकटा प्राकृतिक दुर्घटना मानि कए बिसरि जायब भारी भूल होयत। ई हिमालय आ ओकर पैर तर मे बसल समाजक लेल चेतावनी अछि। हिमालयक बर्फ पिघलि रहल अछि, पहाड़ अस्थिर भए रहल अछि आ नदीक व्यवहार बदलि रहल अछि। मिथिला लेल एहि चेतावनीक अर्थ स्पष्ट अछि – बाढ़िक संग लड़बाक तैयारीक संग-संग बाढ़िक कारण कें बुझबाक आ ओकर पूर्वानुमान करबाक विज्ञान मे निवेश करबाक समय आबि गेल अछि। नेपालक पहाड़ मे उठल जलक लहरि सीमापार करैत अछि। नदी सीमा नहि मानैत अछि। तें हिमालयक सुरक्षा, नेपालक सुरक्षा आ मिथिलाक सुरक्षा – तीनू एक-दोसरा सं गहींर रूप सं जुड़ल अछि। हिमालयक कोप कें रोकब संभव नहि भए सकैत अछि, मुदा ओकर संकेत कें समय सं बुझि कए जान-मालक क्षति कम करब अवश्य संभव अछि। एहि त्रासदीक सभ सं पैघ सबक सेहो इएह अछि।

# बहि गेल लोक, घर-सड़क तबाह... नेपाल मे जल प्रलय सं हाहाकार





नेपाल मे बुध दिन भोर मे अनचोके आयल भीषण बाढ़ि भारी तबाही मचा देने अछि आ एखन धरि 160 सं बेसी लोकक मृत्यु भए चुकल अछि। एकर संगहि पैघ संख्या मे विदेशी पर्यटक सेहो बाढ़िक चपेट मे आबि लापता बताओल जा रहल छथि। बाढ़िक कारण 300 भारतीय नागरिक सहित 750 सं बेसी लोक लापता छथि। ऑस्ट्रेलिया, इंग्लैंड आ न्यूजीलैंड सहित कतेको देशक नागरिक सेहो लापता छथि। तबाही एतेक पैघ छल जे घर, सड़क आ पुल सभ बहि गेल। तिब्बतक सीमाक लग मध्य नेपालक जिला सभ मे अनचोके आएल बाढ़ि सं भारी तबाही भेल। नेपाल टूरिस्ट बोर्डक अनुसार, बाढ़ि मे लापता पर्यटक सभ मे भारतक 100 सं बेसी, अमेरिका कें 54, ऑस्ट्रेलिया कें 34 आ इंग्लैंडक 33 लोक शामिल छथि। नेपालक सेहो 100 सं बेसी लोक लापता छथि। पुलिस बुलेटिनक अनुसार, बृहस्पति दिन भोर 5 बजे धरि 8 जिला मे 162 शव बरामद कएल गेल अछि। जाहि इलाका मे ई प्राकृतिक आपदा आएल अछि, ओ तीर्थयात्री आ ट्रेकर सभक बीच बहुत लोकप्रिय अछि। एहन स्थिति मे पैघ संख्या मे विदेशी पर्यटकक हताहत होमय केर आशंका अछि। चीनक सरकारी मीडिया तिब्बत मे 3 लोकक मृत्यु आ 265 लोकक लापता होमय केर जानकारी देने अछि। तिब्बत सं आएल कतेको सीसीटीवी फुटेज मे पानि आ कीचड़क एकटा लहर कें सीमा चौकीपर बनल भवन सभ सं टकराइत देखल जा सकैत अछि। ओतहि, नेपालक दर्जनो पुलिस अधिकारी आ सेना जवान सेहो लापता बताओल जा रहल छथि। लापता होमय बला लोक मे बिजली विभागक कतेको कर्मचारी सेहो शामिल छथि। कम सं कम एक दर्जन जलविद्युत परियोजना सेहो क्षतिग्रस्त भेल अछि। नेपाली अधिकारी सभक कहब अछि जे शुरू मे हुनका सभ कें लागल छल जे बाढ़ि सं पहिने भूकंप आएल होयत, मुदा अमेरिकी भूगर्भ सर्वेक्षणक कहब अछि जे भूकंप जेका ऊर्जा वास्तव मे लैंडस्लाइडक कारण पैदा भेल छल।

### नेपाल मे बाढ़ि सं कतेको पुल बर्बाद


तिब्बत बॉर्डरक लग नेपाल मे आएल जबरदस्त बाढ़ि आ लैंडस्लाइडक कारण कतेको गाम पानि मे बहि गेल अछि। एहि आपदा कें आएने 24 घंटा भए चुकल अछि। अधिकारी सभक अनुसार, एखन धरि 160 सं बेसी लोकक मृत्यु भेल अछि आ विदेशी पर्यटक सहित सैकड़ो लोक लापता छथि। नेपाल मे खोज आ बचाव अभियान लगातार जारी अछि आ आपदा मे मरनिहार लोकक संख्या आरो बढ़बाक आशंका अछि। हवाई तस्वीर मे नेपालक रसुवा इलाका मे भोटेकोशी नदीक लग घर, सड़क आ पुल सभ कें पैघ स्तरपर क्षति पहुंचल देखाइत अछि। आपदा कें लए प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी नेपालक अपन समकक्ष प्रधानमंत्री शाह सं फोनपर बात कए हुनका स्थिति सं निपटबाक लेल हरसंभव मानवीय मददक भरोसा देलनि। नवी दिल्ली पड़ोसी देश कें राहति सामग्रीक पहिल खेप पठा देने अछि। काठमांडू स्थित भारतीय दूतावास भारतीय नागरिकक मदति आ जानकारी लेल हेल्पलाइन नंबर जारी कएलक अछि। एक्स पर एकटा पोस्ट मे बताओल गेल जे लोक +977 985 131 6807म +977 970 910 7500 पर संपर्क कए सकैत छथि। भारतीय दूतावास सेहो कहलनि जे नेपाल मे अनचोके आएल बाढ़ि सं प्रभावित भारतीय नागरिकक शीघ्र बचाव आ हुनका राहति पहुंचेबाक लेल ओ नेपाल सरकारक संबंधित अधिकारी सभक संपर्क मे अछि। नेपाल पर्यटन बोर्ड सेहो मदति लेल टोल-फ्री इमरजेंसी नंबर 1234, हॉटलाइन 1144 आ पर्यटक पुलिसक नंबर 9851289445 जारी केने अछि। बीजिंग स्थित भारतीय दूतावास सेहो हेल्पलाइन नंबर 0086 185 1428 4905 जारी केने अछि, जाहिपर व्हाट्सऐपक माध्यम सं सेहो संपर्क कएल जा सकैत अछि। अधिकारी सभक कहब अछि जे लापता भेल करीब 500 लोक मे कम सं कम 133 भारतीय आ 37 प्रवासी भारतीय (एनआरआई) शामिल छथि। कम सं कम 50 भारतीय कैलाश मानसरोवर यात्रा पर गेल तीर्थयात्री सेहो लापता लोक मे शामिल छथि। गैर-लाभकारी संस्था ईशा फाउंडेशन बतौलक जे ओकर 77 सदस्य लापता छथि, जे एकटा आव्रजन केंद्रपर मौजूद छलाह। काठमांडू मे भारतीय दूतावास आ तमिलनाडु, पश्चिम बंगाल, केरल, राजस्थान आ उत्तर प्रदेश सहित कतेको राज्य प्रभावित भारतीय आ हुनकर परिवार लेल हेल्पलाइन शुरू केने अछि। सम्राट टूर्स एंड ट्रैवल एजेंसीक अनुसार, पीड़ित भारतीय मे कम सं कम 59 लोक कैलाश मानसरोवर यात्रा पर गेल तीर्थयात्री छलाह। प्रभावित भारतीयक विषय मे एखन बहुत कम जानकारी भेटि सकल अछि, कारण नेपाल मे आएल भीषण बाढ़िक कारण संचार व्यवस्था बाधित भए गेल अछि। तमिलनाडुक 57 पर्यटक मे 37 केर एखन धरि पता नहि चलि सकल अछि, जखनकि बाकी 20 पर्यटकक विषय मे जानकारी भेटि गेल अछि। कहल जा रहल अछि जे ई पर्यटक हिमालय मे स्थित एकटा मंदिर दिस जा रहल छलाह। ओतहि, पश्चिम बंगालक कतेको लोकक पता नहि चलि रहल अछि, जाहि मे कोलकाताक कैलाश-मानसरोवर यात्रा पर गेल 32 सदस्यक एकटा समूह सेहो शामिल अछि। आपदा कें लए नेपालक प्रधानमंत्री बालेंद्र शाह कहलनि जे पूरा देश सदमा मे अछि आ बहुत दुखी अछि। किछु बांचल लोक बतौलनि जे ओ अपन परिवारक सदस्य सभ कें बाढ़ि मे बहैत देखने छथि। अनचोके आएल बाढ़ि सं प्रभावित इलाका मे एखन धरि करीब आठ टन राहति सामग्री पठाओल जा चुकल अछि। भारतक संगहि अमेरिका, चीन आ यूरोपीय संघ सहित कतेको दोसर देश राहति सामग्री पठौलक अछि वा मददक आश्वासन देने अछि।




### आपदा कें बाद भारत नेपाल मे पठौलनि दवा आ राहति सामग्री

हादसाक बाद विशेषज्ञ आब घटनाक पाछांक क्रम कें बुझबाक प्रयास मे लागल छथि। ई पता अछि जे जलवायु परिवर्तनक कारण हिमालयक किछु हिस्सा मे ग्लेशियर तेजी सं पघिलि रहल अछि, मुदा वैज्ञानिकक कहब अछि जे एहि घटना मे एकर भूमिका बारे एखन किछु निश्चित रूप सं कहब जल्दबाजी होएत। नेपाल मे आएल विपदा सं दुनियाक कतेको देश सेहो प्रभावित भेल अछि। ऑस्ट्रेलियाक सेहो कतेको लोक लापता बताओल जा रहल छथि। प्रधानमंत्री एंथनी अल्बानीज पुष्टि केने छथि जे लापता लोक मे 34 ऑस्ट्रेलियाई नागरिक सेहो शामिल छथि। एहि बीच न्यूजीलैंडक विदेश मामिला आ व्यापार मंत्रालयक दिस सं बताओल गेल जे ओकरा एहि इलाका मे मौजूद न्यूजीलैंडक किछु नागरिकक विषय मे जानकारी अछि आ ओ हुनकर परिवारक संपर्क मे अछि। मुदा मंत्रालय एहि बातपर जोर देने अछि जे एखन धरि एहि संबंध मे कोनो आधिकारिक वा पुष्टि भेल जानकारी नहि अछि जे ककर-ककर पर असर पड़ल अछि। मंत्रालय आगू बतौलक, भारत मे न्यूजीलैंडक हाई कमीशन सेहो नेपालक अधिकारी सभ सं तत्काल जानकारी हासिल करबाक प्रयास कए रहल अछि। स्थानीय अधिकारी सं भेटल जानकारीक आधारपर यूक्रेनक विदेश मंत्रालय बतौलक जे नेपाल-तिब्बत सीमापर अनचोके आएल बाढ़िक कारण यूक्रेनक 53 नागरिक एखन लापता छथि। मंत्रालय ई सेहो कहलनि जे एहन कोनो जानकारी नहि अछि जाहि सं पता चलय जे लापता नागरिक मे सं ककरो मृत्यु भेल अछि वा ओ घायल छथि। मंत्रालय कें लापता लोकक परिजन सभ सं संदेश सेहो भेटि रहल अछि। नेपालक प्रधानमंत्री शाहक कार्यालय बतौलक जे रसुवा इलाका मे भोटेकोशी नदी मे अनचोके आएल बाढ़ि सं प्रभावित क्षेत्र सभ मे करीब 8 टन राहति सामग्री पठाओल गेल अछि। सचिवालयक कहब अछि जे ई सामग्री बुध दिन सांझ नेपाल सेनाक 8 ट्रकक माध्यम सं पठाओल गेल। एहि मे 500 मच्छरदानी, 500 कंबल, 500 सोलर लाइट, 500 सोलर पैनल आ 220 स्लीपिंग बैग जेका सामग्री शामिल अछि। नेपाली विदेश मंत्री शिशिर खनाल संसद कें बतौलनि जे स्थानीय समय अनुसार भोर 8:37 बजे तिब्बत इलाका मे भूकंप आएल छल। ओकर 3 मिनट बाद अनचोके बाढ़ि आबि गेलाक खबर भेटल। एकरा सं संकेत भेटैत अछि जे भूकंपक झटका सं हिमनद फाटल होयत आ ताहि सं बाढ़ि आएल होएत। नेपाली अधिकारी सभ बतौलनि जे भोटेकोशी नदी मे बाढ़िक पानि तेजी सं बढ़ल, जाहि सं तिब्बत सं सटल रसुवा आ धादिंग जिला प्रभावित भेल। अधिकारी सभ बतौलनि जे नेपाल-तिब्बत सीमापर स्थित लेंडे नदी मे पानि बढ़बाक आ चट्टान खिसकबाक कारण रसुवा जिलाक सीमावर्ती शहर तिमुरे मे भोटेकोशीक माध्यम सं त्रिशूली नदी मे भीषण बाढ़ि आबि गेल। तकर बाद बाढ़िक पानि नदीक रास्ता सं नुवाकोट, चितवन, गोरखा, तनहुं आ नवलपरासी पूर्व जेका दोसर जिला मे पसरि गेल। राजधानी काठमांडू सं करीब 70 सं 200 किलोमीटर दूर धरि केर इलाका सेहो एकर चपेट मे आबि गेल।

## 16 मिनटक देरी नहि होइत तं... नेपाल मे किएक नहि भेटल अर्ली वार्निंग








नेपाल मे मचल तबाहीक फोटो आ वीडियो देखि प्रत्येक लोकक कलेजा छलनी अछि। दुनियाक सभ शक्ति प्रकृतिक एहि प्रहारक आगू अपना कें बौना बुझि रहल अछि। एहि बीच एकटा पैघ सवाल सेहो उठि रहल अछि जे एतेक पैघ आपदा आएल तं की नेपाल लग कोनो अर्ली वार्निंग सिस्टम नहि छल, जाहि सं समय रहैत लोक कें अलर्ट कएल जा सकैत छल आ हजारो लोकक जान बचाओल जा सकैत छल? दरअसल, दुनियाक कतेको विकसित देश मे बेहद प्रभावी चेतावनी तंत्र अछि, जे प्राकृतिक आपदाक जानकारी बहुत पहिने दए दैत अछि। एहि जानकारीक आधारपर संभावित प्रभावित क्षेत्र सं आबादी कें हटा देल जाइत अछि। एहि तरहे आपदा सं होमय बला जान-मालक नोकसान कें बहुत हद धरि कम कएल जाइत अछि। मुदा नेपाल मे एहन की भेल जे सभ किछु बिखरि कए रहि गेल। एहि रिपोर्ट मे एहि सवालक जवाब ताकबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। एहन नहि अछि जे नेपाल लग बाढ़िक निगरानी आ चेतावनी देबाक कोनो व्यवस्था नहि छल। 26 अगस्त 2026 कें जखन ई आपदा आएल, तखन नेपालक बाढ़ि निगरानी तंत्र काज कए रहल छल। मुदा एहि बेर समस्या सिस्टमक मौजूदगीक नहि, बल्कि आपदाक स्थान आ ओकर रफ्तारक छल। तिब्बत सीमाक लग पहाड़क चोटीपर बर्फ आ चट्टानक पैघ हिस्सा अनचोके टूटि गेल, जाहि सं भारी मलबा नीचां आएल। एहि सं देखते-देखते पानि आ मलबाक एकटा विशाल लहर बनि गेल। एकर सब सं बेसी असर नेपालक रसुवा इलाका मे देखए लेल भेटल। समस्या ई छल जे तबाहीक स्रोत नेपालक सीमाक बेहद लग छल। अर्थात खतरा केर पता चलबाक आ पानि आबादी बला इलाका धरि पहुंचबाक बीच बहुत कम समय बचल छल। अर्ली वार्निंग सिस्टमक मतलब ई नहि अछि जे प्रत्येक पहाड़पर एहन सेंसर लागल हो, जे कोनो आपदा केर जानकारी घंटो पहिने दए दय। एहन व्यवस्था कतेको स्तरपर काज करैत अछि। एहि मे नदीक जलस्तरक निगरानी, बरखाक आंकड़ा, भूस्खलनक गतिविधि, ग्लेशियर आ झीलक निगरानी तथा उपग्रह सं भेटनिहार आंकड़ा शामिल होइत अछि। मुदा अनचोके होमय बला आपदा मे सब सं पैघ चुनौती समयक होइत अछि। भोटे कोशी नदीक क्षेत्र मे बाढ़िक निगरानी व्यवस्था सक्रिय छल। मुदा ई घटना सीमाक बिल्कुल लग भेल। शुरूआती भूकंपीय हलचल दर्ज होएबाक मात्र 7 सं 15 मिनट भीतर तबाहीक लहर नेपाल मे प्रवेश कए गेल। रसुवाक तिमुरे आ स्याफ्रुबेसी जेका इलाकाक लोक सभ कें सुरक्षित स्थान धरि पहुंचबाक लेल बिल्कुल समय नहि बचल। एहि घटना मे एकटा आरो गंभीर सवाल सामने आएल अछि। बाढ़ि करीब 8:40 बजे नेपालक इलाका मे पहुंचि गेल छल। मुदा आधिकारिक मोबाइल संदेशक माध्यम सं चेतावनी करीब 9 बजे आसपास पठाओल गेल। अर्थात चेतावनी जारी होएबाक आ बाढ़िक पहुंचबाक बीच जे समय रहबाक चाही छल, ओतय लगभग समाप्त भए चुकल छल। एतय एकटा बात बुझनाइ जरूरी अछि। अर्ली वार्निंग तखने प्रभावी होइत अछि, जखन चेतावनी आपदा सं पहिने लोक धरि पहुंचय। जं पानि कोनो बस्ती मे पहुंचि चुकल हो आ ओकर बाद संदेश आबय, तं तकनीक उपलब्ध होएबाक बावजूद ओकर लाभ सीमित भए जाइत अछि। नेपालक चेतावनी तंत्रक पूरा तस्वीर मात्र नाकामीक नहि अछि। जे इलाका बाढ़िक स्रोत सं बहुत नीचां छल, ओतय एहि व्यवस्था काज कएलक।

## प्रलयक बाद नेपाल पर एकटा आरो संकट! नव झील सं फेर बाढ़िक खतरा



नेपाल मे चीन सीमाक लग आएल भीषण बाढ़िक बाद आब एक आरो पैघ खतरा पैदा भए गेल अछि। एतय नदी सभक रास्ता मे पानि रुकि गेला सं एकटा पैघ बैरियर झील बनि गेल अछि। चीनक जल संसाधन मंत्रालय चेतावनी देने अछि जे झील मे लगातार पानि बढ़ि रहल अछि आ आगू आबि रहल दिन मे एकर टूटबाक खतरा अछि। जं झीलक पानि अनचोके बाहर निकलैत अछि तं नीचां दिस बसल इलाका मे फेर तेज बाढ़ि आबि सकैत अछि। चीनक अनुसार बृहस्पति दिन भोर धरि एहि नव झील मे करीब 20 लाख घन मीटर पानि जमा भए चुकल छल। अगिला तीन दिन मे करीब 30 लाख घन मीटर आरो पानि झील मे आबबाक अनुमान अछि। एहि सं झीलक टूटबाक खतरा आरो बढ़ि गेल अछि। ग्लोबल टाइम्सक अनुसार अधिकारी स्थिति पर लगातार नजरि राखि रहल छथि। ई झील नेपाल मे छोछेन खोला आ प्योरपु त्सांगपो नदीक संगमक लग बनल अछि। ई दूनू नदी तिब्बत सं निकलैत अछि आ नेपाल मे प्रवेश करए सं पहिने आपस मे मिलैत अछि। नेपाल मे आगू बढ़लाक बाद एहि नदी कें भोटेकोशीक नाम सं जानल जाइत अछि। भोटेकोशी, त्रिशूली नदीक प्रमुख ऊपरी सहायक नदी अछि। एहन स्थिति मे जं झील टूटैत अछि तं अनचोके पैघ मात्रा मे पानि नदी मे पहुंचि सकैत अछि। एहि सं नदीक कात बसल इलाका आ ओतय मौजूद आधारभूत संरचना कें नोकसान पहुंचबाक खतरा अछि। चीनक जल संसाधन मंत्रालयक अधिकारी झीलक स्थिति पर लगातार नजरि राखि रहल छथि। संभावित खतरा कें बुझबाक लेल पानिक बहावक सिमुलेशन कएल जा रहल अछि। एकर उद्देश्य ई पता करब अछि जे जं झील टूटैत अछि तं पानि कोन दिशा मे आ कतेक तेजी सं आगू बढ़ि सकैत अछि। अधिकारी संभावित बाढ़िक स्थिति मे राहति आ बचाव अभियान लेल सेहो तैयारी कए रहल छथि। चीन कहलनि जे ओ झीलक निगरानी आ पानि सं जुड़ल आंकड़ाक विश्लेषण जारी रखत। नव झीलक खतरा एहन समय सामने आएल अछि, जखन नेपाल-चीन सीमाक लग एक दिन पहिने अनचोके तेज बाढ़ि आएल छल। बुध दिन भोर नेपालक रसुवा जिला मे भोटेकोशी नदी मे अनचोके पानि बढ़ि गेल। तेज बहाव तिमुरे आ स्याफ्रुबेसी इलाका मे सड़क, पुल, भवन आ दोसर सुविधा कें नोकसान पहुंचौलक। बाढ़िक पानि आगू त्रिशूली नदी दिस बढ़ि गेल। एहि घटना मे एखन धरि 359 लोकक मृत्यु भए चुकल अछि, जखनकि सैकड़ो लोक लापता बताओल जा रहल छथि। नेपाल मे राहति आ बचाव दल लापता लोकक खोज मे लागल अछि। नदीक नीचां दिसक कतेको जिला मे सेहो शव बरामद कएल गेल अछि।

### चीन कएलक अलर्ट

# समय पर न्याय दियेनाइ हमरा सभक प्राथमिकता होयबाक चाही : जिलाधिकारी

सीतामढ़ी,समदिया



जिलाधिकारी तनय सुल्तानियाक अध्यक्षता मे समाहरणालय स्थित विमर्श कक्ष मे अभियोजनक बैठक कएल गेल। बैठक मे पुलिस अधीक्षक अमित रंजन, विधि शाखाक प्रभारी पदाधिकारी, जिला अभियोजन पदाधिकारी, प्रभारी लोक अभियोजक, सहायक लोक अभियोजक, विशेष लोकअभियोजक, पुलिस पदाधिकारी आ अन्य विधि पदाधिकारी उपस्थित छलाह। बैठक मे जिलाधिकारी निर्देश देलनि जे सभ अभियोजन पदाधिकारी पुलिस पदाधिकारीक संगसामंजस्य बना कए काज करथि। बैठक मे स्पीडी ट्रायल सं संबंधित मामिला आ सामान्य वादक समीक्षा कएल गेल। लंबित वादक निष्पादनक धीमा गति पर नाराजगी व्यक्त कएल गेल। निर्देश देल गेल जे सभ विधि पदाधिकारी स्पीडी ट्रायल सं संबंधित सभ मामिला केर निष्पादन यथाशीघ्र सुनिश्चित करथि। संगहि सामान्य मामिला केर निष्पादन मे सेहो प्रगति आनथि। संगहि प्रत्येक वाद मे राज्यक पक्ष दृढ़तापूर्वक राखल जाय, जाहि सं विभिन्न वाद मे बेसी संबेसी दोषसिद्धि कराओल जा सकय। दोषसिद्धिक मामिला केर संख्या कम रहला परजिलाधिकारी नाराजगी व्यक्त कएलनि आ सख्त निर्देश देलनि जे बेसी सं बेसी दोषसिद्धि कराओल जाय। ओ सभ अभियोजन पदाधिकारी कें अपन काज मे पर्याप्त सुधार आनि कए काज करबाक निर्देश देलनि। अगिला मास प्रत्येक न्यायालय मे दोषसिद्धि सुनिश्चित करएबाक सेहो निर्देश देल गेल। निष्पादनक आखरी स्थिति बला मामिला मे गवाह सभक गवाही समयपर पूरा कराकए विचारण प्रक्रिया पूरा करैत न्यायालय द्वारा अभियुक्त सभ कें शीघ्र सजा दियाओल जाय। जिला लोक अभियोजन पदाधिकारी आ अपर लोक अभियोजक सभ कें निर्देश देल गेल जे सभथानेदारक संग अभियोजनक मासिक बैठक कए समीक्षा करथि, जाहि सं हुनका सभ द्वारान्यायालय मे प्रस्तुत केस डायरी आ चार्जशीटक गुणवत्ता मे सुधार भए सकय। बैठक मे यौन अपराध सभ सं बच्चा सभक संरक्षण संबंधी अधिनियम, अनुसूचित जाति आ अनुसूचित जनजाति, मद्य निषेध आदि विषय सं संबंधित अभियोजन आ ओकर अनुसंधानपर सेहो चर्चा कएल गेल। एकर अतिरिक्त जिलाधिकारी उत्पाद अधिनियमक अंतर्गत वाद सभ कें प्राथमिकताक आधारपर निष्पादित करएबाक निर्देश देलनि। बैठक मे एक्साइज एक्ट, पोक्सो एक्ट, एनडीपीएस एक्ट, एससी/एसटी एक्ट, हत्या, डकैती, बलात्कार आ शस्त्र अधिनियम सं संबंधित महत्वपूर्ण आ गंभीर मामिला सभ कें चिह्नित कए प्राथमिकताक आधारपर समयपर निष्पादन करएबाक निर्देश देल गेल। जिलाधिकारी कहलनि जे पीड़ित कें त्वरित न्याय दियेनाइ हम सभक जिम्मेदारी अछि आ हम सभक ई प्राथमिकता होबाक चाही जे लोक कें समयपर न्याय दए सकी।

## श्री गुरु संत रविदास विकास शिविर मे 305 आवेदन जमा



मनीगाछी (दरभंगा), समदिया

प्रखंड क्षेत्रक चारि पंचायत मे बृहस्पति कें आयोजित श्री गुरु संत रविदास समरसता अभियान अंतर्गत विकास शिविर मे योजनाक आच्छादन संबंधी कुल 305 आवेदन प्राप्त भेल। उक्त जानकारी दैत बीडीओ संदीप कुमार पांडेय कहलनि जे अनुसूचित जाति/जनजातिक उत्थान लेल 27 अगस्त 2026 सं 15 फरवरी 2027 केर बीच प्रत्येक सप्ताहक बृहस्पति कें चिन्हित पंचायतक अनुसूचित जाति/जनजाति टोला मे श्री संत रविदास विकास शिविरक आयोजन होएत।शिविर मे कुल 22 तरहक योजना सं संबंधित आवेदन अनुसूचित जाति/जनजातिक लोक सं प्राप्त कएल जाएत आ एकर निष्पादन सेहो समय पर करबाक अछि। बृहस्पति कें प्रखंडक पैठानकबई, राघोपुर पश्चिमी, नेहरा पश्चिमी आ गंगौली कनकपुर पंचायतक अनुसूचित जाति/जनजाति टोला मे शिविरक आयोजन कएल गेल छल। एहि क्रम मे पैठान कबई सं 191, राघोपुर पश्चिमी सं 26, नेहरा पश्चिमी सं 59 आ गंगौली कनकपुर पंचायत सं 29 आवेदन प्राप्त भेल अछि। प्राप्त आवेदन सभ कें संबंधित विभागक पदाधिकारी लग पठाओल जा रहल अछि, जाहि संसमय पर एकर निष्पादन भए सकय आ लाभुक कें एकर प्रमाण देल जा सकय। बीडीओ कहलनि जे सभ सं बेसी ई-श्रम कार्ड लेल 125, राशन कार्ड लेल 44, जन्म-मृत्यु प्रमाणपत्र लेल 37, मनरेगा जॉब कार्ड लेल 32, स्वच्छ भारत मिशन ग्रामीण लेल 19, प्रधानमंत्री आवास लेल 15, सामाजिक सुरक्षा पेंशन लेल 10 आ आयुष्मान कार्ड लेल सात आवेदन प्राप्त भेल अछि। एकर अतिरिक्त दोसर योजना सं संबंधित आवेदन सेहो प्राप्त कएल गेल अछि।

# समृद्ध महिला-समृद्ध बिहार अभियान मे जीविका दीदी सभ लेली भाग

सीतामढ़ी , समदिया



"समृद्ध महिला-समृद्ध बिहार" अभियानक शुभारंभ कार्यक्रम मे जिलाक जीविका दीदी सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। समाहरणालय स्थित विमर्श सभा कक्ष मे जिलाधिकारी तनयसुल्तानिया आ उप विकास आयुक्त श्वेता भारतीक उपस्थिति मे जीविका दीदी सभ वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं राज्यस्तरीय कार्यक्रमक सीधा प्रसारण देखलनि। कार्यक्रमक दौरान मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक कर-कमल सं "समृद्ध महिला-समृद्ध बिहार" अभियानक शुभारंभ कएल गेल। संगहि मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजना केर अंतर्गत 5 लाख महिला लाभुकक खाता मे राशि अंतरण, जीविका निधि सं 10 हजार महिला लाभुक कें ऋण वितरण तथा प्रजापिता ब्रह्माकुमारी ईश्वरीय विश्वविद्यालय आ मद्य निषेध, उत्पाद एवं निबंधन विभागक बीच समझौता ज्ञापनपर हस्ताक्षर कएल गेल। सीतामढ़ी जिला मे सेहो एहि अभियानक अंतर्गत पैघ संख्या मे जीविका दीदी सभ कें आर्थिक सहायता प्रदान कएल गेल। जिला मे पहिने छुटल 13,909 जीविका दीदी कें 10,000 रुपैया प्रतिलाभुकक दर सं कुल 13 करोड़ 90 लाख 90 हजार रुपैयाक राशि प्रदान कएल गेल। ओतहि, व्यवस्थित तरहे अपन व्यवसाय शुरू कए चुकल जिला केर 2,177 जीविका दीदी कें 20,000रुपैया प्रति लाभुकक दर सं कुल 4 करोड़ 35 लाख 40 हजार रुपैयाक राशि प्रदान कएल गेल।एहि अवसरपर जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया कहलनि जे महिला सभ कें आर्थिक रूप सं सशक्त बनायब परिवार आ समाज कें मजबूत बनएबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम अछि। ओ कहलनि जे जीविकाक माध्यम सं महिला सभ कें स्वरोजगार, ऋण आ आर्थिक सहायता उपलब्ध कराकए हुनका आत्मनिर्भर बनेबाक काज कएल जा रहल अछि। "समृद्ध महिला-समृद्ध बिहार" अभियान महिला सभक आर्थिक भागीदारी बढ़ेबाक आ हुनकर जीवन मे सकारात्मक बदलाव आनबा मेमहत्वपूर्ण भूमिका निभाओत। ओ संबंधित अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे लाभुक महिला सभ कें योजनाक लाभ समयबद्धआ पारदर्शी तरीका सं उपलब्ध कराओल जाए तथा हुनका स्वरोजगार आ उद्यमिताक क्षेत्र मे आगू बढ़ए लेल आवश्यक सहयोग देल जाए। कार्यक्रम मे संबंधित विभागक पदाधिकारी, जीविकाक कर्मी आ पैघ संख्या मे जीविका दीदी सभउपस्थित छलथि।

# शैक्षणिक स्पर्धा मे छात्र सभ देखौलनि प्रतिभा

## सुभाषित कंठ पाठ आ भाषण प्रतियोगिता मे लेलनि भाग

» अव्वल आएल बच्चा सभ कें देल गेल पुरस्कार

दरभंगा, समदिया



संस्कृत विश्वविद्यालयक स्नातकोत्तर विभागक सभागार मे आयोजित संस्कृत सप्ताह कार्यक्रमक तेसर दिन बृहस्पति कें स्कूली आ उच्चस्तरीय छात्र सभ विभिन्न शैक्षणिक स्पर्धा मेभाग लए अपन प्रतिभा देखौलनि। बच्चा सभक प्रस्तुति निर्णायक मंडलक सदस्य सभ कें प्रभावित कएलक आ अव्वल आएल बच्चा सभ कें पुरस्कार सेहो देल गेल। विद्यालय स्तरक बच्चा सभक बीच आयोजित सुभाषित कंठ पाठ स्पर्धा मे दरभंगा जूनियर पब्लिक स्कूलक तेजस कुमार झा प्रथम, द फाउंडेशन एकेडमीक वैभव कुमार दोसर तथा पब्लिकस्कूल दरभंगाक काव्या तेसर स्थानपर रहलथि।ओहि तरहे संस्कृतभाषायाः महत्त्वम् विषयपर स्कूली छात्र सभक बीच भेल भाषण स्पर्धा मे ज्ञान भारती पब्लिक स्कूलक सर्वोत्तम कुमार झा प्रथम, दरभंगा जूनियर पब्लिक स्कूलक नैवेद्या शास्त्री दोसर तथा द फाउंडेशन एकेडमीक जया कुमारी तेसर स्थान प्राप्त कएलनि। ओतहि संस्कृतक्षेत्रे उद्यमितायाः अवसराः विषयपर उच्चस्तरीय छात्र सभक बीच भेल भाषण प्रतियोगिता मे म.अ. रमेश्वरलता सं. महा. केर सर्वज्ञा कुमारी प्रथम, एहि कॉलेजक सुप्रीताकुमारी दोसर तथा नंदन संस्कृत महाविद्यालय, ईसहपुर, मधुबनीक महेश कुमार झा तेसरस्थानपर रहलथि।प्रभारी कुलपति प्रो. दिलीपकुमार झाक अध्यक्षता मे आयोजित एहि कार्यक्रमक विशिष्ट अतिथि चंद्रधारी मिथिला महाविद्यालयक संस्कृत विभागाध्यक्ष डॉ. संजीत कुमार झा छलाह। ओ सेहो बच्चा सभ कें प्रोत्साहित कएलनि आ संस्कृतक महत्ता पर विस्तार सं प्रकाश देलनि। संस्कृत विश्वविद्यालयक सीसीडीसी डॉ. शिवलोचन झाक सेहो विशिष्ट उपस्थिति रहल। सत्रक अध्यक्ष डीन प्रो. पुरेंद्र वारिक आ संयोजक डॉ. वरुण कुमार झा छलाह। संचालनक जिम्मेदारी सहायक प्राचार्य डॉ. शंभु शरण तिवारीक हाथ मे छल। निर्णायक मंडल मे डॉ. ममता पांडेय, डॉ. संजीत कुमार झा, डॉ. छविलाल न्यौपाने, डॉ.रामनिहोरा राय, डॉ. मुरारी कुमार मिश्र, डॉ. सीताचरण झा, डॉ. घनश्याम मिश्र आ डॉ. शिवलोचन झा शामिल छलाह।

# किशोरी सभक सुरक्षा कें लए एसपी अमित रंजनक संवेदनशील पहल बनल विश्वासक मिसाल

सीतामढ़ी, समदिया

## बाल सुरक्षा संकल्प कें भेटल विश्वास



» किशोरी सभ एसपी अमित रंजन कें बान्हलनि राखी

अदिथी कवच परियोजना केर अंतर्गत रीगा, परिहार आ डुमरा प्रखंडक किशोरी समूह सं जुड़ल छात्रा सभ इंद्रा कुमारीक नेतृत्व मे पुलिस अधीक्षक अमित रंजन कें राखी बान्हलनि। छात्रा सभ बाल दुर्व्यापार, मानव तस्करी आ बाल विवाहक रोकथाम तथा बालिका सभक सुरक्षा लेल सीतामढ़ी पुलिस, मानव तस्करी निरोध इकाइ आ विशेष किशोर पुलिस इकाइ दिस सं कएल जा रहल प्रयास लेल आभार व्यक्त कएलनि। एहि अवसरपर एसपी अमित रंजन छात्रा सभक संग संवाद कए हुनकर बात सुनलनि आ सुरक्षा तथा अधिकारक प्रति जागरूक करैत हुनकर मार्गदर्शन कएलनि। ओ छात्रा सभ कें चॉकलेट आ मिठाई सेहो देलनि। पुलिस अधीक्षकक एहि संवेदनशील पहल सं छात्रा सभ मे पुलिसक प्रति विश्वास आ सुरक्षाक भावना आरो मजबूत भेल। एहि अवसरपर छात्रा बांधना कुमारी, जिया कुमारी, स्नेहा कुमारी आ सोनाक्षी कुमारी पुलिसअधीक्षक सं भेंट कें अपन लेल विशेष अनुभव बतौलनि। गौरतलब अछि जे पुलिस नेतृत्व द्वारा बच्चा आ किशोरी सभक संग सीधे संवाद स्थापित करब समुदाय आ पुलिसक बीच विश्वास मजबूत करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम अछि। एहन पहल सं बालिका सभ कें अपन सुरक्षा संबंधी चिंता साझा करए आ जरूरत पड़लापर कानूनक अंतर्गत उपलब्ध सहायता तंत्र धरि पहुंचए लेल प्रोत्साहन भेटैत अछि।अदिथी कवच परियोजनाक कन्वर्जेंस एक्सपर्ट मनीष कुमार आ मुकुंद कुमार चौधरी कहलनि जे बालिका सभक संग एसपी सरक आत्मीय संवाद आ हुनका सुरक्षा केर भरोसा देब बेहद सराहनीय अछि। एहन पहल पुलिस आ बच्चा सभक बीच विश्वास कें मजबूत करैत अछि। बाल सुरक्षाक प्रति एसपी अमित रंजनक संवेदनशीलता आ निरंतर मार्गदर्शन प्रशंसनीय अछि। बाल विवाह, मानव तस्करी आ बाल दुर्व्यापारक विरुद्ध पुलिसक सक्रियता सं समुदाय मे सकारात्मक विश्वासपैदा भेल अछि।एहि अवसरपर काजल सिंह, ज्योति कुमारी, अमन कुमार आ गौतम कुमार सहित अन्य प्रतिनिधि उपस्थित छलाह।

# डीएम जीविका सुधा बिक्री केंद्रक फीता काटि कएलनि उद्घाटन

## ग्राम पंचायत स्तरपर शुरू भेल जीविका सुधा बिक्री केंद्र

सहरसा,समदिया



कहरा प्रखंड अंतर्गत दीवारी पंचायत मे मंदिरक सामने स्थित जीविका सुधा बिक्री केंद्रक शुभारंभ जिला पदाधिकारी दीपेश कुमार बृहस्पति कें फीता काटि कएलनि। महिला उद्यमिता कें बढ़ावा देबाक आ ग्रामीण स्तरपर स्वरोजगारक अवसर उपलब्ध करएबाक दिशा मेजिला मे महत्वपूर्ण पहल कएल गेल अछि। मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजना केर अंतर्गत जीविका आ कॉम्फेडक संयुक्त तत्वावधान मे ग्राम पंचायत स्तरपर जीविका सुधा बिक्री केंद्र स्थापित कएल जा रहल अछि। एहि क्रम मे दीवारी पंचायत मे एहि केंद्रक शुभारंभ कएल गेल। उद्घाटनक बाद जिला पदाधिकारी केंद्रक निरीक्षण कए उपलब्ध उत्पाद आ बिक्री व्यवस्थाक जानकारी लेलनि। ओ कहलनि जे एहि तरहेक केंद्र ग्रामीण महिला सभ कें स्वरोजगार संजोड़बाक संग हुनकर आमदनी बढ़ेबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभाओत। जीविका आ कॉम्फेडक पहल केर अंतर्गत जिलाक 122 ग्राम पंचायत मे लॉटरीक माध्यम सं लाभुक सभक चयन कएल गेल अछि। चयनित लाभुक सभ कें मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजना केर अंतर्गत दोसर आ तेसर किस्तक रूप मे कुल 60 हजार रुपैयाक सहायता राशि देल गेल अछि, जाहि सं ओ व्यवसाय कें व्यवस्थित आ विस्तारित कए सकथि। दीवारी पंचायत मे केंद्र संचालन लेल जीविका दीदी गुंजन देवीक चयन कएल गेल अछि। वर्ष 2014 सं जीविका समूह सं जुड़ल गुंजन पहिनहि सं किराना व्यवसाय चला रहल छथि। जीविकाक सहयोग आ ऋण सुविधाक माध्यम सं ओ अपन व्यवसायक विस्तार केने छथि। आब एहि केंद्रपर कॉम्फेडक दुग्ध उत्पाद सहित अन्य आवश्यक सामग्रीक बिक्री करताह। मौका पर जीविकाक जिला परियोजना प्रबंधक श्लोक कुमार, कॉम्फेडक गौरव कुमार, कहराक प्रखंड परियोजना प्रबंधक विनोद कुमार सहित अन्य पदाधिकारी आ कर्मी मौजूद छलाह।

समर्थक सभ देलनि बधाइ आ शुभकामना

# कुंवर आसिम खान कें भेटल पैघ जिम्मेदारी, लोजपा (रामविलास)क राष्ट्रीय उपाध्यक्ष मनोनीत

सीतामढ़ी, समदिया



कुंवर आसिम खान कें लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क राष्ट्रीय उपाध्यक्ष मनोनीत कएल गेलाक बाद समर्थक सभ बधाइ दैत कहलनि जे पार्टी दिस सं हुनका भेटल ई महत्वपूर्णजिम्मेदारी हुनकर दीर्घ राजनीतिक अनुभव, संगठनक प्रति निष्ठा आ निरंतर सक्रियताक सम्मान अछि।कुंवर आसिम खान स्वर्गीय रामविलास पासवान जीक सरपरस्ती आ मार्गदर्शन मे अपन सक्रिय राजनीतिक यात्राक शुरुआत केने छलाह। तकर बाद ओ निरंतर मेहनत, ईमानदारी, निष्ठा आसमर्पणक संग संगठन कें मजबूत करए मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। हुनकर राजनीतिक यात्रा मे पार्टी हुनका कतेको महत्वपूर्ण जिम्मेदारी सौंपलक। सभ सं पहिने हुनका राष्ट्रीय छात्र विंगक अध्यक्ष, तकर बाद राष्ट्रीय युवा मोर्चाक अध्यक्ष आ फेर राष्ट्रीयअल्पसंख्यक मोर्चाक राष्ट्रीय अध्यक्ष जेका महत्वपूर्ण जिम्मेदारी देल गेल। ओ प्रत्येक दायित्वक पूरा जिम्मेदारी आ निष्ठाक संग निर्वहन करैत संगठनक विस्तार आ मजबूती लेल लगातार काजकएलनि।हुनकर वर्षो केर मेहनत आ संगठनक प्रति समर्पण कें देखैत चिराग पासवान, केंद्रीय कैबिनेटमंत्री, भारत सरकार आ राष्ट्रीय अध्यक्ष, लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास) कुंवर आसिम खान कें पार्टीक राष्ट्रीय उपाध्यक्ष मनोनीत केने छथि।कुंवर आसिम खान कें राष्ट्रीय उपाध्यक्ष बनाओल गेलाक बाद पार्टी कार्यकर्ता आ समर्थक सभ मे खुशीक माहौल अछि। लोक सभ हुनका नव जिम्मेदारी लेल बधाइ दैत हुनकर उज्ज्वल राजनीतिक भविष्यक कामना कएलनि। समर्थक सभ विश्वास जतौलनि जे कुंवर आसिम खान अपन राजनीतिक अनुभव, नेतृत्व क्षमता आ संगठनक प्रति समर्पणक बलपर पार्टी कें नव मजबूती प्रदान करताह। संगहि समाजक विभिन्न वर्ग कें संगठन सं जोड़बाक आ पार्टीक विचारधारा कें जन-जन धरि पहुंचेबाक काज मेमहत्वपूर्ण भूमिका निभौताह। ओ पार्टी आ समाजक हित मे पूरा निष्ठाक संग अपन दायित्वक निर्वहन करैत संगठन कें नव ऊंचाइ धरि पहुंचेबाक योगदान देताह।

# दहेज प्रताड़नाक आरोपक बीच नवविवाहिताक संदिग्ध मृत्यु, पति समेत सात पर केस

दरभंगा , समदिया




सदर थाना क्षेत्रक लोआम गाम मे 23 वर्षीय नवविवाहिता हुस्ने आरा केर संदिग्ध परिस्थिति मे फांसी लगेला सं मृत्यु भए गेल। घटना के बाद मृतकाक भाय शमशेर आलम सदर थाना मे आवेदन दए पति समेत ससुराल पक्षक सात लोक पर दहेजक लेल प्रताड़ित करबाक, स्त्रीधन हड़पि लेबाक आ आत्महत्या लेल उकसाबैबाक आरोप लगौलनि अछि। पुलिस मामिलाकजांच मे जुटल अछि। आवेदनक अनुसार, हुस्ने आरा केर विवाह 8 अगस्त 2025 कें लोआम निवासी जफर इकबाल, पिता मो. साबिर हुसैनक संग मुस्लिम रीति-रिवाज सं भेल छल। आरोप अछि जे विवाहक किछु समय बादे पति जफर इकबाल, ससुर मो. साबिर हुसैन, सास नसीमा खातून, मामा अब्दुल कादिर उर्फ जिलानी तथा ननद शाहिना परवीन, रूबी खातून आ रूही खातूनक दिस सं दहेज मेपांच लाख टका नकद आ मोटरसाइकिलक मांग कएल जाए लागल।मृतकाक भायक आरोप अछि जे मांग पूरा नहि भेलापर हुस्ने आरा संग मारपीट आ मानसिकप्रताड़ना कएल जाइत छल। करीब आठ मास पहिने हुनकर दू तोला सोनाक आ आठ तोला चानीक स्त्रीधन सेहो कथित रूप सं जबरदस्ती लए लेल गेल। एकर बाद दबाव बना कए हुनका नैहर पठा देबाक सेहो आरोप अछि। आवेदन मे ससुराल पक्ष पर हुस्ने आरा कें लगातार मानसिक रूप सं प्रताड़ित करबाक आआत्महत्या लेल उकसाबैबाक आरोप लगाओल गेल अछि। मायके पक्षक लोक कें जान सं मारबाक आ बर्बाद करबाक धमकी देल गेल, ई बात सेहो आवेदन मे कहल गेल अछि। मुदा, लगाओल गेल आरोपक स्वतंत्र रूप सं पुष्टि नहि भए सकल अछि। बताओल गेल अछि जे 26 अगस्तक संझिया करीब सात बजे हुस्ने आरा फांसी लगा लेलनि। घटना केर जानकारी भेटिते परिवार मे मातम पसरि गेल। मृतकाक भाय नामजद आरोपित सभक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज कए कानूनी कारबाइक मांग कएलनि अछि।पुलिसक कहब अछि जे पोस्टमार्टम रिपोर्ट, घटनास्थल सं भेटल साक्ष्य आ जांच मे सामनेआबय बला तथ्यक आधारपर मृत्यु केर वास्तविक कारण आ लगाओल गेल आरोपक स्थिति स्पष्ट होयत।

# धनबादक छाताबाद मे फेर भूधसान, तेज आवाजक संग धंसल जमीन

## पैघ आ गहिंर गोफ बनल, पोखरिक पानि गोफ मे समायल

धनबाद,समदिया

धनबादक कतरास क्षेत्रक छाताबाद काजू बागान मे एक बेर फेर भूधसानक घटना सं इलाका मे दहशत पसरि गेल। पोखरिक लग अनचोके तेज आवाजिक संग जमीनि धंसि गेल, जाहि सं ओतय पैघ आ गहीर गोफ बनि गेल। भूधसानक बाद लगक पोखरिक पानि तेजी सं गोफ मे समाए लगल। पानि जमीन मे समेला सं स्थानीय लोक मे अफरा-तफरी मचि गेल। सूचना भेटलाक बाद पुलिस आ बीसीसीएलक अधिकारी घटनास्थल पर पहुंचलाह आ स्थिति केर जायजा लेलनि। तकर बाद गोफ भरबाक काज शुरू कराओल गेल। राहतक बात रहल जे जाहि ठाम जमीनि धसल, ओतय कोनो आबादी नहि छल। एहि कारण पैघ हादसाक आशंका टलि गेल। 7 अगस्त कें जमींदोज भेल छल करीब



20 घरछाताबाद मे लगातार भए रहल भूधसानक घटना सं स्थानीय लोकक चिंता बढ़ि गेल अछि। एहि सं पहिने 7 अगस्त कें भेल पैघ भूधसानक घटना मे करीब 20 घर जमींदोज भए गेल छल। घटनाक बाद प्रभावित लोक सभ मुआवजा आ पुनर्वासक मांग कें लए करीब 20 दिन धरि आशियाना आंदोलन चलौने छलाह। मंत्री हफीजुल हसनक अगुआई मे भेल त्रिपक्षीय वार्ताक बाद आंदोलन समाप्त भेल छल। आंदोलन समाप्त भेलाक ठीक दोसर दिन फेर भूधसानक घटना भेलाक बाद लोक मे नाराजगीक संग भयक माहौलअछि। सर्वे नहि भेलाक कारण बढ़ल चिंता, सुरक्षा उपाय केर मांग स्थानीय निवासी अफसर उर्फ छोटू कहलनि जे छाताबाद लगातार भूधसानक घटना सं प्रभावित भए रहल अछि, मुदा एखन धरि इलाकाक स्थितिक कोनो ठोस सर्वे नहि कराओल गेल अछि। ओ बीसीसीएल सं पूरा क्षेत्रक शीघ्र सर्वे करएबाक मांग कएलनि।संगहि खतरा बला क्षेत्र सभ कें चिह्नित कए सुरक्षा आ बचावक आवश्यक उपाय करबाक बात कहलनि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे पोखरिक पानि लगातार जमीनिक भीतर समाए सं आसपासक इलाका मे सेहो खतरा बढ़ि सकैत अछि। लोक कें आशंका अछि जे जं समय रहैत जरूरी कदम नहि उठाओल गेल, तंभविष्य मे कोनो आबादी बला क्षेत्र मे सेहो पैघ दुर्घटना भए सकैत अछि।अधिकारी सभ शुरू करौलनि गोफ भरबाक काज घटनाक जानकारी भेटलाक बाद पुलिस आ बीसीसीएलक अधिकारी घटनास्थल पर पहुंचलाह। अधिकारी सभ स्थिति केर जायजा लेलाक बाद गोफ भरबाक काज शुरू करौलनि। फिलहाल घटनास्थल पर स्थितिपर नजरि राखल जा रहल अछि। लगातार भए रहल भूधसानक घटना केर बीच स्थानीय लोक इलाकाक सुरक्षा कें लए चिंतित छथि आ स्थायी समाधानक मांग कए रहल छथि।

# उपायुक्त कएलनि टांगीनाथ धामक निरीक्षण, श्रद्धालुक सुविधापर ध्यान देबाक निर्देश



गुमला,समदिया

गुमला उपायुक्त दिलेश्वर महतो जिलाक प्रसिद्ध धार्मिक आ ऐतिहासिक स्थल टांगीनाथ धामक निरीक्षण कएलनि। एहि दौरान ओ धाम परिसर मे श्रद्धालु सभ लेल उपलब्ध प्राथमिक सुविधा, साफ- सफाइ, विधि-व्यवस्था आ सौंदर्यीकरण सं संबंधित व्यवस्था केर जायजा लेलनि। ओ संबंधित पदाधिकारी सभ कें श्रद्धालुक सुविधा कें ध्यान मे राखैत आवश्यक व्यवस्था दुरुस्त करबाक तथा परिसरक सौंदर्यीकरणपर विशेष ध्यान देबाक निर्देश देलनि। निरीक्षणक क्रम मे उपायुक्त धाम परिसर मे टूटल पेवर ब्लॉकक मरम्मत, नियमित साफ-सफाइ, बाउंड्री निर्माण सहित अन्य आवश्यक मरम्मत काज प्राथमिकताक आधारपर करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे टांगीनाथ धाम मे गुमला जिलाक संगहि अन्य जिला सं सेहो पैघ संख्या मे श्रद्धालु दर्शन आ पूजा-अर्चना लेल पहुंचैत छथि। एहन स्थिति मे श्रद्धालु सभ कें कोनो प्रकारक असुविधा नहि हो, ताहि लेल परिसर मे आवश्यक प्राथमिकसुविधाक उपलब्धता आ समुचित राखि-रखाव सुनिश्चित करब प्रशासनक जिम्मेदारी अछि।उपायुक्त संबंधित अधिकारी सभ कें धाम परिसरक स्वच्छता व्यवस्था नीक बना राखबाक, श्रद्धालुकआवागमन सुगम बनेबाक तथा आवश्यक आधारभूत सुविधा व्यवस्थित करबाक संबंध मे आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे टांगीनाथ धाम जिलाक महत्वपूर्ण धार्मिक स्थल अछि। एतय आबए बला श्रद्धालु सभ कें नीक आ सुव्यवस्थित वातावरण उपलब्ध करएबाक लेल प्रशासन द्वारा आवश्यक सभ काज कें प्राथमिकताक संग पूरा कएल जाएत। निरीक्षणक दौरान प्रखंड विकास पदाधिकारी डुमरी सहित संबंधित पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह।

# देवघर एयरपोर्ट सं साओन मे 20,576 यात्री उड़ान भरलनि, 219 फेराक बनि सकैत अछि रिकॉर्ड

## पछिला साल 206 फेरा रहल छल रिकॉर्ड

देवघर,समदिया

साओन मे देवघरक हवाई कनेक्टिविटी बहुत मजबूत भेल अछि। पूर्वोत्तर कें जोड़ैत गुवाहाटी लेल शुरू भेल सीधा उड़ानक संग दिल्ली, मुंबई आ बेंगलुरु सं सीधा उड़ानक लाभ श्रद्धालु सभ कें भेटि रहल अछि। साओन मे 23 अगस्त धरि देवघर एयरपोर्ट पर कुल 20,576 यात्रीक आवाजाही दर्ज कएल गेल। एहि मे 9,777 यात्री देवघर पहुंचलाह, जखनकि 10,799 यात्री एतय सं प्रस्थान कएलनि। विमानन अधिकारी सभक अनुमान अछि जे साओनक आखरी पांच दिन मे करीब 5,000 आरो यात्री जुड़ताह, जाहि सं ई आंकड़ा पछिला सालक कुल 25,412 यात्रीक बहुत लग पहुंचि जाएत। उड़ानक बात करी तं 23 अगस्त धरि विमान सभ 184 फेरा लगा चुकल अछि। आखरी पांच दिन मे 35 अतिरिक्त उड़ानक संग कुल फेरा 219 धरि पहुंचबाक



संभावना अछि, जे पछिला सालक 206 फेराक रिकॉर्ड कें पार कए सकैत अछि।गुवाहाटी रूट जुड़ल, कोलकाता सेवा हटाओल गेल; दिल्ली सं आबि रहल छथि सब सं बेसी श्रद्धालु पछिला साओनक तुलना मे एहि बेर रूट चार्ट मे बदलाव भेल अछि। एहि साल कोलकाता रूट हटा देल गेलअछि, मुदा गुवाहाटीक जुड़ला सं पूर्वोत्तर सं सीधा संपर्क जुड़ि गेल अछि। वर्तमान मे दिल्ली, मुंबई, बेंगलुरु आ गुवाहाटीक सीधा सेवा उपलब्ध अछि। आंकड़ा केर अनुसार सब सं बेसी यात्री दिल्ली सं पहुंचि रहल छथि। तकर बाद असम, कर्नाटक, महाराष्ट्र आ तमिलनाडुक श्रद्धालुक संख्या सब सं बेसी अछि। रक्षाबंधन पर रांची सं हवाई किराया मे उछाल, कोलकाताक टिकट 10,500 सं पाररक्षाबंधन पर्व पर घर आबि पर्व मनाकए महानगर सभ दिस लौटए बला यात्रीक संख्या बढ़ला सं हवाई किराया आसमान छूए लगल अछि। मांग बढ़बाक संगहि रांची एयरपोर्ट पर उड़ानक घटल संख्या सं स्थिति आरो विकट भए गेल अछि। अप्रैल-मई मे रांची केर बिरसा मुंडा एयरपोर्ट सं प्रतिदिन 56 सं 58 उड़ानक संचालन भए रहल छल, जे घटि कए आब मात्र 42 सं 44 उड़ान धरि सिमटि गेल अछि। सीटिक भारी कमी आ पर्वक मांगक कारण टिकट केर दाम 15-30 प्रतिशत धरि बढ़ि गेल अछि। सब सं बेसी असर रांची-कोलकाता रूट पर देखल जा रहल अछि, जतय सामान्य दिन मे 4,000 मे भेटनिहार टिकट 27 अगस्त लेल 10,500 धरि पहुंचि गेल अछि।

# एमएमडीआर संशोधन विधेयकक विरोध मे जामताड़ा मे कांग्रेसक प्रदर्शन

## मंत्री इरफान अंसारी भाजपा पर साधलनि निशाना

जामताड़ा,समदिया

एमएमडीआर संशोधन विधेयकक विरोध मे बृहस्पति दिन कांग्रेस पार्टीक दिस सं शहरक गांधी चौक पर धरना-प्रदर्शन कएल गेल। कार्यक्रम मे झारखंड सरकारक मंत्री डॉ. इरफान अंसारी, कांग्रेसजिलाध्यक्ष दीपिका बेसरा सहित पैघ संख्या मे पार्टीक कार्यकर्ता शामिल भेलाह। एहि दौरान कार्यकर्ता सभ केंद्र सरकारक विरुद्ध नारेबाजी करैत एमएमडीआर संशोधन विधेयक वापस लेबाक मांग कएलनि। धरना-प्रदर्शन कें संबोधित करैत मंत्री डॉ. इरफान अंसारी केंद्र सरकार आ भाजपा पर जमि कए निशाना साधलनि। ओ कहलनि जे भाजपा झारखंडी सभक हक छीनब बंद करय। झारखंड खनिज संपदा सं समृद्ध राज्य अछि आ एतुक्का लोकक अपन प्राकृतिक संसाधनपर




अधिकार अछि। ओ कहलनि जे एमएमडीआर संशोधन विधेयक सं झारखंड कें पैघ आर्थिक नोकसान होएबाक आशंका अछि।मंत्री दावा कएलनि जे संशोधनक कारण भारत सरकारक व्यवस्था सं झारखंड कें करीब 13 हजार करोड़रुपैयाक राजस्वक नोकसान भए सकैत अछि। ओ केंद्र सरकार सं झारखंडक हित कें ध्यान मे राखैत एहि प्रावधानपर पुनर्विचार करबाक मांग कएलनि। कांग्रेस जिलाध्यक्ष दीपिका बेसरा कहलनि जे कांग्रेस झारखंडक अधिकार आ जनताक हितक रक्षा लेललगातार आवाज उठबैत रहत। ओ कहलनि जे केंद्र सरकार कें राज्यक हितक संग खिलवाड़ नहि करए देल जाएत। धरना-प्रदर्शनक दौरान कांग्रेस नेता आ कार्यकर्ता सभ संशोधन विधेयकक विरोध करैत एकरा वापस लेबाक मांग कएलनि।

# रामगढ़ मे आठ वर्ष बाद फेर ट्रैक पर दौड़त कोयला रैक

## गिद्दी रेलवे साइडिंगक निर्माण काज शुरू

रामगढ़,समदिया

करीब आठ वर्ष सं बंद पड़ल गिद्दी रेलवे साइडिंगक जीर्णोद्धारक दिशा मे आब धरातलपर काज शुरू भए गेल अछि। इंडियन पोर्ट रेल एंड रोपवे कॉरपोरेशन लिमिटेड (आईपीआरसीएल) द्वारा साइडिंगकपुनर्निर्माण लेल निकालल गेल टेंडरक काज संवेदक संजय कुमार उपाध्याय कें भेटल अछि। टेंडर भेटलाक बाद संवेदक निर्माण काजक प्रारंभिक प्रक्रिया शुरू करबैत साइडिंग परिसर मे युद्धस्तरपर साफ-सफाइक काज शुरू करा देलनि। साइडिंग परिसर मे पुरान यार्डक सफाइ संग निर्माण लेल आवश्यक जगह तैयार कएल जा रहल अछि। प्रस्तावित योजनाक अनुरूप यार्डक लंबाइ बढ़ेबाक दिशा मे सेहो काज शुरू भए गेल अछि। बताओल जाइत अछि जे वर्तमान यार्डक लंबाइ निर्धारित मानकक अनुरूप नहि अछि। एहि कारण सं बंद गिद्दी वाशरीक चहारदीवारीक एक भाग कें तोड़ि अतिरिक्त क्षेत्र कें साइडिंगक उपयोग मे अनबाक तैयारी कएल जा रहल अछि। चहारदीवारीक हिस्सा हटेलाक बाद



ओतय सेहो साफ-सफाइ कराकए निर्माण लेल जमीन तैयार कएल जा रहल अछि। प्रस्तावित योजनाक अंतर्गत गिद्दी रेलवे साइडिंग कें आधुनिक सुविधा सं लैस कएल जाएत। पहिने साइडिंग परिसर मे पांचटा रेल ट्रैक छल। नव योजनाक अंतर्गत एकरा दूनू आधुनिक ट्रैकक रूप मे विकसित कएल जाएत। एहि संग वैगन लोडिंग यार्डक लंबाइ बढ़ेबाक सेहो प्रस्ताव अछि, जाहि सं कोयला लोडिंग आ रेलवे रैकक संचालन मे सुविधा भए सकय। योजनाक अंतर्गत नव रेल लाइन बिछेबाक, पुरान ट्रैकक नवीनीकरण करबाक संग वे-ब्रिज, एप्रोच रोड सहित अन्य आधारभूत सुविधाक निर्माण कएल जाएत। साइडिंगक पुनर्विकास सं कोयला डिस्पैचक व्यवस्था कें बेसी व्यवस्थित आ सुविधाजनक बनेबाक तैयारी अछि। धूलकण सं बचाव लेल सीसीएल सेहो कएल तैयारीगिद्दी साइडिंग चालू भेलाक बाद कोयलाक लोडिंग आ परिवहनक दौरान उड़निहार धूलकण सं आसपासक लोक कें परेशानी नहि हो, ताहि लेल सीसीएल प्रबंधन सेहो तैयारी शुरू कए देने अछि। सीसीएलक दिस सं साइडिंग परिसर मे विंड ब्रेकिंग स्क्रीन आ स्प्रिंकलर सिस्टम लगएबाक प्रस्ताव तैयार कए मुख्यालय रांची पठाओल गेल अछि। प्रस्ताव कें स्वीकृति भेटलाक बाद साइडिंग परिसर मे एहि सुविधा सभ कें स्थापित कएल जाएत। गौरतलब अछि जे गिद्दी, गिद्दी-सी, रेलीगढ़ा आ सिरका सहित अरगडा क्षेत्रक विभिन्न कोयला परियोजना सं निकलनिहार कोयला फिलहाल सड़क मार्ग सं करीब 14 किलोमीटर दूर सौंदा रेलवे साइडिंग धरि हाइवा सं पहुंचाओल जाइत अछि। तकर बाद ओतय सं कोयला रेल रैकक माध्यम सं डिस्पैच कएल जाइत अछि।गिद्दी रेलवे साइडिंग फेर सं चालू भेलाक बाद अरगडा क्षेत्र सं निकलनिहार कोयलाक डिस्पैच सीधे रेलवे रैकक माध्यम सं करबाक संभावना अछि। एहि सं सड़क परिवहनपर निर्भरता कम होयत आ कोयला ढुलाईक लागत मे सेहो कमी आबए केर आशा अछि। संगहि क्षेत्रक सड़क सभ पर भारी वाहनक दबाव, जाम, धूलकण आ प्रदूषण कम होएबाक संभावना अछि। करीब आठ वर्ष सं बंद पड़ल गिद्दी रेलवे साइडिंग मे निर्माण काज शुरू भेलाक बाद स्थानीय लोक सभ मे सेहो एकरा शीघ्र चालू होएबाक आशा जागल अछि। लोकक माननाइ अछि जे साइडिंगक पुनर्विकास सं क्षेत्रक कोयला परियोजना सभ सं होमय बला डिस्पैच बेसी सुगम होयत आ सड़क मार्ग सं भारी वाहनक आवाजाही मे कमी आएत। निर्माण काज पूरा भेलाक बाद गिद्दी आ आसपासक कोयला परियोजना सभ लेल डिस्पैचक व्यवस्था कें नव गति भेटबाक आशा अछि। एहि सं सीसीएल कें परिवहन लागत कम करए मे मदति भेटबाक संग क्षेत्र मे यातायात आ प्रदूषणक समस्या सं सेहो बहुत हद धरि राहति भेटबाक संभावना अछि।

# पानिक कमी आ लो वोल्टेज सं परेशान ग्रामीणक प्रदर्शन, तालाबंदीक चेतावनी



कतरास,समदिया

